НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ЙАЗДАРХОЙН СОЮЗ

**Хатуев Іабдулхьамид**

# ЙАХАЛАХЬ, НОХЧИЙЧОЬ

*Байташ, дийцарш*

Сольжа-ГІала
2022

УДК 84(2Рос=Чеч)6-5
ББК 8-1С2
Х 257

**Хатуев I.А.**
Йахалахь, Нохчийчоь. Байташ, дийцарш. – Соьлжа-ГIала: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2022. – 240 агIо.

ISBN

© Союз писателей ЧР, 2022

## *Дахаран йист йоцу некъаш*

Хатуев Iабдулхьамидан кхолларалла хIинццалц схьа йевзара цуьнан билггал халкъан хилла дIахIиттина иллеш а, эшарш а бахьанехь. Наггахь волчунна бен ца хаьара церан автор мила ву. Бакъду, йукъарчу гуларш тIехь шен байташ арайаьхнера цо. Ткъа **«Бусалба сан Нохчийчоь»** цуьнан дуьххьарлера шен гулар йу. Цунна йукъайаханарш цо йазйинчех цхьайерш бен йац, амма Хатуев Iабдулхьамидан шен исбаьхьаллин мотт, йаздаран хатI довзуьйтуш йолу и гулар нохчийн поэзи йешархошна дика совгIат ду.

Шен кхоллараллехь Хатуевс цкъа а ца лоьху тIех хаздарш, цо вайн дахар ма-дарра гойту, шен бIаьргашца, сица ша тIе ма-эццара. Кхиберш санна, ша а лаьттахь дехаш адам хиларна, цо гойтурш адамийн йукъара синхаамаш бу, цундела вайх хIоранна а гергара а, кхеташ а болуш. Цуьнан поэзи маьхьаре, тIех къарзйина йоцуш, цхьа атта йешалуш йу: буьйцийла цо Даймохк, нана, Iалам, безам, доттагIалла, ша-шена Iаьткъинарг йа хазахеттарг. Дуьненан а, дахаран а маьIнех кхета гIерташ, ша кхетта ваьлла аьлла ма-хийтти, йуха а дахаро кхин хаттарш хIиттош, схьавогIу цуьнан турпалхо. Масала, **«Адамийн даг чу некъаш»** байт тIехь цунна хьалха хIоьттина хаттар:

*Моьттура суна, когашIуьйра уьдуш,*
*Массо некъаш сайна кхоьллина,*
*ХIора некъахь когийн лараш йуьтуш,*
*Массо метте кхача со вина.*

*Хийла керла некъаш даг чохь хьекъаш,*
*Эзар новкъахь лараш йуьтур йара…*
*Муха карор адмийн даг чу некъаш?*
*Муха йьтур цу некъаш тӀехь лар?*

Хатуев Ӏабдулхьамидан кхолларалла йуьйцучохь къаьсттина билгалйаккха йеза цуьнан поэзин мукъамалла, и халкъан барта кхоллараллера иллешна, узамашна, эшаршна а гергара хилар. И шех цецваллал хӀума а дац, хӀунда аьлча цунна жимчохь дуьйна дика йевзаш а, йезаш а хилла нохчийн фольклор, шена чохь турпалаллин иллийн эпос, йиийцина ца валлал хазалла йолу лирикин эшарш йолу. Цу тӀе, нохчийн барта кхолларалла къоман культурин Ӏаламат мехала хазна а ма йу – къеггина поэтически васташ, суртхӀотторан басаршца мукъаме, исбаьхьа нохчийн мотт:

*Йоьхна Ӏуьйре гиний шуна,*
*Йоьхна суьйре гиний шуна,*
*Хорам хилла, стигла хьаьжча,*
*Ӏаржбелла малх гиний шуна?*

*Алун дарцаш гиний шуна,*
*Зезаг морцуш гиний шуна,*
*ТӀемаш даьгна жима хьоза*
*Стигла хьоьжуш гиний шуна? –*

*Маьждиг хаьрцаш гиний шуна,*
*Балийн аьрцнаш гиний шуна?*
*Дела вицвеш, Ӏеса довлахь,*
*Жоьжахате гур йу шуна.*

ХӀокху байтехь барта кхоллараллин шина жанрах – узамах а, назманах а – пайдаэцна автора. Иштта масалш

дуккха а далор дара вай Хатуевн поэзи йийцаре йеш. Цундела ша-шаха а ца нисделла нохчийн илланчаша а, йишлакхархоша а цуьнан дукхахйолу стихотворенеш мукъаме йерзор, халкъо уьш даггара тIеэцар.

ХIетте а, Хатуев Iабдулхьамидан кхолларалла, фольклоран буха тIехь лаьтташ, эшаре йерза паргIаталла, мукъамалла, рифмийн атталла ларйеш йазйина йелахь а, гуш ду авторо царна (барта кхолларaллин башхаллашна) исбаьхьаллин агIор керла басарш, кепаш луш хилар. Дахаран бакъдолчун исбаьхьаллин дашца керла суьрташ кхуллу цо, исбаьхьаллин литературин башхаллашца халкъан эшарийн шатайпаналла цхьаьна а йалош:

*Бухбоцчу Iин тIоьхла*
*Доьлхуш ду вай,*
*ДегIе зуз оьхуьйтуш,*
*Сетташ ду тIай.*
*Бер санна, дог доьлху –*
*Дарделла даI.*
*Байттамал йаI, байттамал йаI!..*

*Стигал кхозу Iаржйелла,*
*Дог бохамна бIарзделла.*
*Чурт деш, огу пхьеро аьлха –*
*Дуьсур ду хьо, дуьне маьлхан!..*
*...Дадас меттахь доIа деш,*
*Догу пешахь тIаьххьара чIеш.*
*Беснеш цIийлой, бIаьрхиш хьаьлха –*
*Дуьсур ду хьо, дуьне маьлхан!*

ХIокху шина а масало гойту мел нуьцкъала гIирс хуьлу халкъан маттахь, мукъамехь аьлла дешнаш йаздархочо шен синхаамаш, дуьйцучун маьIна довзуьйту-

чохь. **«Вайн ирсан дайъина доь»**, **«лам тIера ло саннa, дайн цIена гIиллакх»**, **«къежделла, маллуш ду дахаран тай»**, **«ас сайн къинойн бала Iуьйшу, лоьхуш йайна анайист»**, **«кIантах бен ца волу бакъволу къонах»**, **«кху цIа чохь, йукъ кегош, тийналла Iийна»**, **«мехаша лестийна буо дисна ага»** – кхин а дуккха ду уьш Хатуев Iабдулхьамидан поэзехь, нохчийн исбаьхьаллин литературе шен керланиг – васташ, аларш, меттан а, суртхIотторан а басарш – дохьуш похIме, исбаьхьаллин дешан чам кIорггера хууш дешан говзанча веаний хоуьйтуш йолу билгалонаш.

Мохьмадан а, Iаьрбин а МамакаевгIеран, Дикаев Мохьмадан, Сулаев Мохьмадан, Гадаев Мохьмад-Салахьан а кхоллараллийн ламасталлашца цхьаьна Хатуев Iабдулхьамидан поэзехь шен башхалла, исбаьхьаллин меттан шатайпаналла а го. И гучуйолу коьртачу декъана цо шен ойла йаста ницкъ ма-кхоччу атта дешнаш а, аларш а лехарехь. Цхьаццайолчу байташкахь йух-йуха аларш (рефрен) шен меттахь, маьIнех дика кхетош хуьлу цуьнан. Оцу кепах цо пайдаоьцу йешархочун ойла хаддаза ша дийца-ала леринчунна тIехь латторхьама. Масала, **«ЦIе йайна»** байт:

*ЦIе йайна –*
*хьешан лар йайна,*
*ЦIе йайна –*
*синкъерам байна,*
*ЦIе йайна –*
*берийн аз дайна,*
*Нохчичо дуьнен чохь*
*Кхин вуон ца лайна,*
*Кхин вуон ца лайна.*

*ЦIе йайна –*
*цIийнах цIе йаьлла,*
*ЦIе йайна –*
*са акхадаьлла,*
*ЦIе йайна –*
*дайн кхерчах ваьлла,*
*Цкъа маццa воьрзур ву аьлла,*
*Дог акхадаьлла...*

Дахаран а, дуьненан а къайленан маьIна лехар, шена лаьтта тIехь зиэделларг довзийтар, тIаккха цуьнан маьIнадар кхин а цхьа билгало йу Хатуев Iабдулхьамидан лирикин турпалхочун. Шен лехамашкахь оцу къайленашна мелла а гергагIоьрта и, амма, хууш ма дуй, адаман дахар деккъа цIена хаттаран хьаьркех лаьтташ хилар. Хьо мел гергакхаьчнарг а шен хаддаза долу хаттарш хьуна хьалха хIиттош схьадогIу. Ткъа оцу лехамашкахь верг ву-кх дуьненан чам хуург, баккъал а вехашверг, хIунда аьлча, лехамийн шовкъ дIайаьлча, лаьтта тIехь долчу адамийн дахаран маьIна а дIадолу-кх. Иштташ цхьанна аьлла ду хIара дешнаш:

*...Дахарх кхета иза кхиъна вац,*
*Адамаш деза цунна хиъна дац,*
*Цунах дисна цхьа а илли дац.*

ХIета, иштта вахар – эрна вахар ду-кха, нагахь, шен цхьа лар ца йуьтуш, адамашца уьйр-марзо йоцуш, ша вахаран маьIнех ца кхеташ, шех лаьцна ала дош доцуш и стаг дIакхелхинехь. ТIаккха, цхьана а хIуманан меха доцуш, эрна ду-кх дерриге.

Ткъа кхин ву велхарца **«дахаре сатесна узам»** беш, аьрзнаш деш, хIунда аьлча:

*...Илли дисна цуьнан алаза,*
*Бовха безам бисна эцаза...*

Цо битина шена безначийн дегнаш чохь шех мерза дагалецамаш, дитина царна ша дӀадолийна долу илли, и шена тӀаьхьабогӀучаьрга чекхдаккхийта. Диканан, безаман хӀу-зӀийдиг тесна, декъалхилла дӀакхелхина-кха иза бакъдуьнена.

*Лаьмнашка мел уьду некъаш*
*Шера ду, малхаца лепаш.*
*Воккхачо олу, жимха схьалоций:*
*«Хаалахь, некъ боцуш хьеший хир боций!»*

Иштта йу Хатуев Ӏабдулхьамидан биъмогӀанах лаьтта кхин байт. Кхузахь-м **«лаьмнаш»** – вайн дайн куралла, къилба, чӀагӀо йу, шайн ира, ло санна, цӀена кӀайн баххьашца зоьртала лаьтташ долу. Церан сийлалле, локхалле кхача некъ йуьхьарлаьцнарг цӀена дог-ойла, маьлхан цӀе – йовхо хила йезаш ву шеца. Оцу некъашца хьалагӀиртинарг лерамечу лакхене кхочу. И поэто кхоьллина шатайпа васт ду. Ткъа цӀеначу дог-ойланан, адамашка болчу безаман, йаккхий халонаш иэшоран новкъа шен дахарехь дӀаихнарг лаьттахь дехачу адамийн уггар а сийлахьчу дарже кхочу. Цо шен иштта вахарца шена тӀебогӀучу хьешашна **«шера, малхаца лепаш»** некъ а баьккхина. Хала, чолхе хӀума ду адамийн безам шега кхоллар, амма и дан ницкъ кхаьчначун ала йиш йу-кха, ша ваха ма-веззара ваьхна.

Хатуевн лирикин турпалхо кхета лаьтта тӀехь шен долчу декхарх: стаг ваха веза тийна, амма оьшучохь хьанна а накъост хуьлуш, шена гондахьарчарна диканиг бен ца деш, шен вуон дерг дерриге а шена дуьтуш, шех

нехан бIаьрг бузош, йан йеза Iамал йеш, лаккха корта айбина, кура, шайн бохчанаш дузучарах ца вешаш, деккъа шен гайна там лоьхушверг лай лоруш.

*Йоьхки нана, воьхки да,*
*Сирла кхане йоьхки дIа,*
*Боьхки стиглахь богу малх,*
*Шех сел чIогIа теша нах.*
*Йоьхки кхерчахь йогу цIе,*
*Оьзда гIиллакх ворхIе ден,*
*Боьхки сийна цIийнан кIур,*
*Берийн бIаьрахь догу нур.*

*Iуьллуш ву и, паргIатваьлла,*
*Кхин хIун йухкур-те ша аьлла.*

Хатуев Iабдулхьамидан синъоьздангаллин мехаллех уггар коьрта кхетамаш бу: **«Нана»**, **«ДоттагIалла»**, **«Нохчийчоь»**, **«ЦIена безам»**. Цаьргахула го цунна дерриге дуьне, дахаран маьIна, адамийн синхаамаш, сийлахь къилбанаш. Цуьнан стихотворенеш деккъа цхьа воккхавер, инзарвийлар дац. Дахаран исбаьхьаллица цхьаьна, дукхахьолахь, оццу дахаро кхуллуш йолу гIайгIанаш а юьйцу цо. Мел хаза, деза, хьоме ду хIор а стагана шен дахар, амма хIокху лаьтта тIехь хьеший ма ду вай, дерриге дуьтуш дIадаха дезаш долу.

Вайл тIаьхьа а йуьсур йу хьомсара Нохчийчоь, дезаш долу йиша-ваша, кхоччуш шех марзо эцаза доттагIаллин уьйраш, безам, дан дагалаьцна дика гIуллакхаш, йаздаза, долийнначохь дисина цхьа илли а. Вайл тIаьхьа а лаьттар ду дуьне, шеран йеа а хенехь хийцалуш, декар ду шовданаш, хьоькхур бу дегIана аьхна мехаш, йаздийр ду, дIаэр ду керл-керла исбаьхьа ил-

леш, мукъамаш. Хатуевн лирикин турпалхочо цкъа а ца диццдо адамийн хIораннан а дахар цкъа эххар а хада дезаш хилар. Вайл тIаьхьа а йер йу бIаьсте, **«дуьне хазлур ду, стигла кхийдаш, делалур ду лаьмнаш»,** бода дIаэккхош, Iуьйре а кхочур йу, **«стиглан дари цIарца серладоккхуш»**. Ткъа вайх дуьсушдерг хIун ду тIаккха, ваьшна **«тIехула тIаьххьара лесташ гаьннаш»**, вайн **«дийначара тIаьххьар цIе йоккхуш»**? Цунна иштта жоп ло поэто:

*Ас далхийна иллеш хьолхур ду,*
*Сан къиношна Деле гечдар доьхуш.*
*Ас массарна вуониг гечдийр ду,*
*Со везначийн бIаьргаш тIаьххьар лоьхуш.*

*Лаьмнаш дузош, догIа доьлхур ду,*
*Дуьне ма-дду хаза йалташ хьекъош.*
*Ас адмашна иллеш дуьтур ду,*
*Сайна тIехула тIаьххьара стигал къекъош.*

«И дуьтуш лийр ду-те вай?» байт, иллин мукъаме а йирзина, нохчийн исбаьхьаллин литературин классикин могIаре дIахIоьттина. ХIокху тIехь гIайгIане, боккхачу дагахьбалламе синхаамашца цхьаьнайогIу дуьненахь дахаран исбаьхьалла. Цуьнан дешнаш хезначуьнга самойойту хIора биъмогIанна тIаьхьадалочу йухааларша. Стиглара бовш болу сирла седа а, иллешкахь исбаьхьа хестош болу сай охьабожар а, гуьйренан дерзашлахь мохк буьтуш дIайоьлху гIаргIулеш, цара буьту даймохк санна, дита дезаш долу дашо дуьне а – и суьрташ дагна дазло, цара гIайгIане, сингаттаме ойланаш туьйсу вайн коьрте.

Амма оцу байтехь шена тIе кIорггера тидам берзош, дахаран сийлахьчу маьIнех кхетош могIанаш а ду:

*Сан некъаш, галморзахдуьйлуш,*
*Кхачазчу геналлехь дай,*
*Дахаран йистйоцу некъаш*
*Ца девзаш лийр ду-те вай?*
*Ца кхачош лийр ду-те вай?*

Оцу дешнаша адаман дахаран некъаш, цо ша лоьхуш, тIаккха уьш девзаш, царна тIехь беркате къахьоьгуш хила дезар тIечIагIдо, уьш дерриге довза, царна массарна тIекхача ницкъ цхьана а адаман кхаьчна цахиларна къера а хуьлуш. Амма авторо кхин цхьаъ а ду тIечIагIдеш: вай дерриге, вешан хан кхаьч-кхаьчнарг хьалха а воьдуш, дIагIур ду хIокху дуьнен тIера, амма лийр бац безам, и дIабаьлча, дахар а соцу дела, бIаьсте – бIаьсте а йац безам боцчохь, вахаран маьIна а дац цуьнан марзонца цхьаьна къахьо а цалайначун:

*Зазашлахь схьакхечи бIаьсте:*
*Аренаш сеналлехь йайн.*
*Иллица ас безам хастий…*

Хатуев Iабдулхьамидан дуьххьарлерчу байташлахь йу **«Эзар шо сол хьалха…»** бохучу дешнашца дIайолалуш йолу цхьаъ. Итт бIе шо хьалха а, гIиллакхе, хаза йоI шена гича, цхьана кIанта оцу йоIе: **«Хьомениг, хьо йоцуш мегар вац со»**, – аьлла, боху.

Ткъа цул тIаьхьа эзар шо дIадаьлча, иштта хаза а, оьзда а йоI шена гича, Хатуевн лирикин турпалхочо а изза дош аьлла: **«Хьомениг, хьо йоцуш мегар вац со»**.

Оцу байтан тIаьххьарлера могIанаш вай лакхахь дийцинчу безаман маьIнах кхетош ду, безаман уьйраш

адамийн синхаамашлахь уггаре сийлахь а, сирла а хилар тIечIагIдеш.

*Теша со, сайл тIаьхьа*
*Эзар шо даьлча,*
*Хазаллех дог Iабош,*
*БIаьсте а йаьлча,*
*ЙоI кIанта хьостур йу,*
*Изза дош аьлла:*
*«– Хьомениг, хьо йоцуш мегар вац», – аьлла.*

Шен Даймехкан-Нохчийчоьнан васт кхуллуш, боккха лазам а, гIайгIа а йузу Хатуев Iабдулхьамида цуьнца. И ларамаза а дац. Нохчийчоьнан историн агIонаш дукхахйерш бохамех, халачу зиэрех йуьззина йу, цкъа а гиний-теша нохчийн халкъана маьрша, ирсе, паргIате зама аьлла хоьтуьйтуш. Поэтан къоначу заманахьлера байташкахь гуш ду шен халкъан дIадаханчунна тIе иза сих-сиха воьрзуш хилла хилар. Амма ма-дарра, ма-хиллара и дийца, ала йиш йацара хIетахь, цундела халкъан декъаза хилла кхоллам дешнийн маьIнехула, къайлахчу кепара буьйцура Хатуевс **«Сан Нохчийчоь – ирсе туьйра, маьрша тIемаш хеца шуьйра»**, **«ирсе деха маьрша къам»**, **«мал ма ло, дIахьажал, стигал ца къекъа»**, иштта долчу кхечу аларшца а. Халкъ маххах даккхаран, цо кхойтта шарахь шен даймахке сатийсаран мукъамаш хеза, масала, поэто 1973-гIа шарахь йазйинчу **«Буса барзах угIуш»** стихотворенехь. **«Кораш, неIарш йетташ, массарах кадетташ**… **буса барзах угIуш, бетташ шийла мохь**… **тIулгех корта бетташ, дитташ лаьттах деттташ»** карзахбаьллачу мохо, ахь хIун лоьху, хIун боху аьлла, шега хаьттича, иштта жоп ло:

– **«Со Даймахках баьлла!»** Кхузахь механ вастехь гойтург нохчийн халкъ ду, бертаза, нуьцкъаша хийрачу махка дІадигина, дала орца доцуш, тІетовжа агІо боцуш, йаьссачу аренашкахула дІасакхоьссина долу. Цо лоьхург а шен Даймохк-Нохчийчоь йу.

Хатуев Іабдулхьамидан а, цуьнан нийсархойн а къоналлин хан, вай дІа ойла йича, нохчийн историхь уггар а маьрша, токхе, ирсе йеана зама йу. ХІетахь а бара вайн къомана бехкамаш, дуьхьалонаш. Амма 20-чу бІешеран 70-80-гІачу шерашкахь хІинццалц схьа цкъа а ца хиллачу кепара кхиа йолайелира вайн республика, къоман иэс; кхетам самабаларан билгало йара хІетахь нохчийн интеллигенци цхьа цІеххьашха кхиайолайалар. ХІетахь бевлира вайна йукъара йерриге СССР-хь, дуьненахь а бевзаш политикаш, Іилманчаш, цхьажимма бен дацахь а, дешан паргІато а хаалора оцу шерашкахь, аьлла Хатуев Іабдулхьамида шен цхьана байтехь: **«Мал ма ло, дІахьажал, стигал ца къекъа»**. ХІетталц схьа вайн халкъана стигал даим а кхоьлина, ткъес деттарца чехош, йаьхкиний хуучу стеган алар ду и. **«Вайнехан стаг»** аьлла йу цу байтан цІе. Махках дІакъастийначул тІаьхьа а вовшийн доладеш, воьжнарг куьг кховдорца гІаттош, цхьана а къоман стагана хьалха шен йохьах ца вухуш, эххар а шен дайн лаьтта тІе вирзина нохчи ву цуьнан турпалхо.

Амма поэтна шена а доьгІна хиллера шен халкъана тІебогІу рогІера бохам ган а, и лан а. 90-гІачу шерийн йуьххьехь дуьйна хІинц-хІинццалц нохчийн халкъана тІе мел хІоьттина харцо, ницкъбар хІокхул хьалха лайначел кІезиг дацара. Халла когадахана, чу садан доладелла къам, цІинйала йоьлла йарташ, гІаланаш этира. Царал а бохамениг кхин дара – халкъан уггар а доккха доьналла – йахь йолу кІентий охьура тІеман чкъурго.

ТIамо къинхетам ца бо жимачух а, воккхачух, зударех, берех:

*ЦIера йуккъехь бер ду доьлхуш,*
*Нур дIаоьций, бIаьрса дов,*
*Ирча мел дерг даго хьоьхуш,*
*Йеллало ца йоьрзу чов.*
*Цунна гонах латта лелха –*
*Дала жиманиг лардеш ду.*
*Аталуш йу тIулган аьлха,*
*Ирсах бисна дамар-цу…*

ХIинца Хатуев Iабдулхьамидан кхолларалаллехь Даймохк – догуш долу цIа-хIусам йу, дуьнене ла ца баллал ницкъбеш, бIарздина адамаш а, тIеман къизалло дайхнанойх даьхна буобераш а, кIентий хIаллакьхилла, балано Iаржбина наной а. ТIамо **«сийлахь мел дерг сийсаздоккху»**, вовшашца эвхьазбоху кегийнаш а, баккхийнаш а, декъалхилларг дакъазвоккху, ийман-ислам а дицдо. **«Гуьйренан дерзаш»** байтехь иштта боху авторо:

*Йуха а хьегIаш ду гуьйренан дерзаш,*
*Йуха а Iийжаш йу даг тIера чов,*
*Йуха а хедаш ду дахаран мерзаш,*
*Йуха а Iаьржа малх бIаьргаш чохь бов.*
*Йуха а догIуш ду тембоцуш догIа,*
*Йуха а дIатийна кхоьлина нах,*
*Йуха а йочанаш йахлур йу, боху,*
*Йуха а хьулбина адамех малх.*

ХIокху могIанашкахь хьалхара дешнаш **«йуха а»** ду. БIеннаш шерашкахь иштта и эрчонаш тIехIуьттуш схьадогIучу нохчийн къомана хIара тайпаниг дуьххьара тIедеъна цахилар тIечIагIдо цо. Шайн кхоллам, хиндерг

Делан караделла, цуьнан къинхетамах тешна, дог къевллина садетта нохчаша, шайн ирсан доь дайина, лаьмнех кхерстачу цIергахь. Нохчийчоьнан сирла цIе бех ца йайта, дIа ца йайъийта, леш бу цуьнан кIентий цхьа нигат а дагахь:

*Къарйина хIоттор йац гуора,*
*Кур оллабойтур бац хьоь.*
*Йиш йац хьан дашо малх кхуола,*
*Бусалба сан Нохчийчоь!*

Хатуевн турпалхо даггара тешна ву хIокху рогIерчу зиэрех а халкъ шен йуьхь ца йойуш чекхдериг хиларх, цуьнца цхьаьна вайн дегнаш чу а изза тешам буссу.

Ненан васт ду Хатуев Iабдулхьамидан поэзехь коьртачех меттиг дIалоцуш. **«Ненан дог», «Ненан аз», «Ненан куьг», «Ненан йуьхь», «Нене»,** иштта кхечу байташкахь а нохчийн ненан дуьззина сурт хIоттийна авторо – собаре, йахь йолуш, догдика, массо а наной санна, къинхетаме йолчу нохчичун нанна хьакъдолуш лераме, довха, аьхна дешнаш карадо цунна. Хийла дагахьбалламаш буьту вай, вешан къоналлех Iехалой, шен-шен дезаршкахьа довлий, ваьш хала кхиийначийн догъэца ца ларош. Ненан уьйрах, марзонах хаьдча бен ца хаьа, дукхахьолахь, берана цуьнан сийлаллин мах.

Хатуев Iабдулхьамидан поэзи нохчийн литературехь шен меттиг йолуш, нохчийн тоьллачу йаздархойн кхоллараллийн ламастийн цхьа зIе йу, цIеначу нохчийн маттахь йазйина а йолуш. Мацца а цкъа хIораннах а диса дезаш долчу хIокху дуьненахь хIораммо а шел тIаьхьа шен-шен дика гIуллакхаш дитарехь го поэтна вайн доцачу дахаран маьIна. Дан а ду иштта. Нагахь вай ваьш даьхначу лаьтта тIехь диканийн масалш дитахь,

декъалхир ду вай Бакъдуьненахь. Амма гечдийр дац латта эрна хьешначарна, хьешан гӀиллакх дицделлачарна, ненан мотт бицбеллачарна, лаьттан цӀарах биъна дуй къарбиначарна, доттагӀех херселлачарна, безаман сий цадиначарна.

Дахаран йистйоцу некъаш теллина а, девзина а ваьлла стаг хилла а вац, йа хӀокхул а тӀаьхьа хир а вац хӀокху лаьттахь. И некъаш тайп-тайпана ду: осала а, сийлахь а; хала а, атта а; нийса а, гома а – адамо ша хоржу-кх ша муьлхачу новкъа гӀур ву; бер, ша жима долуш дуьйна, баккхийчийн дар-леларе, дуьйцучу къамелашка ладоьгӀуш кхуьу. Хьанал, беркате некъ харжарехь къоначарна дика хьехамаш бу Хатуев Іабдулхьамидан поэзи. Иза ша а ма кхиъна шел хьалхарчу дешан говзанчийн кхолларалли тӀехь. Цаьргара схьаэцна цо ненан меттан хазалла, мукъамалла, тӀаккха шен рогӀехь кхоьллина цо тахана нохчийн литература йешархоша даггара къобалъеш тӀеэцна шен байташ. Халонаша, иэшамаша йух-йуха а огуш, йагош схьайогӀу Нохчийчоь эшна, къарйелла, йайна дӀайериг цахиларх тешам кхуллу цуьнан могӀанаша:

*Лайначийн, дайначийн*
*Лакхенаш йохуш,*
*Лазамийн уьйриг сан*
*Тем боцуш керча.*
*БӀешерийн чевнашна*
*Барташ а дохуш,*
*Йоврйоцу цӀе йогу*
*Нохчичун кхерчахь!*

***Бурчаев Хьалим,***
***Нохчийн Республикин Халкъан йаздархо***

## Хатуев Iаьрбин Iабдулхьамид
### *(йаздархо, критик, журналист, мотт таллархо, суртдиллархо)*

Со дIаваьлча, йурт ма йелхайелаш,
Сан сий айъа чурт ма хIоттаде,
Со везначо дог шайн делхаделаш,
Цавезначо дог шайн Iабаде.

Хатуев Iабдулхьамид вина 1952-чу шеран 1-чу сентябрехь Киргизехь.

Шен 17 шо а кхачале 1969-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институте деша воьду иза.

Доьшуш волуш, журналистан болх бо цо.

1974-чу шарахь дешна ваьлча, шен йуьрта, Мескер-Эвларчу йуккъерачу школе хьажаво Iабдулхьамид. Кхузахь кхаа шарахь болх бо цо.

Цуьнан хьалхара произведенеш зорбане йевлира Шелан кIоштан а, республикин а газеташкахь, «Орга» журналехь, йукъарчу гуларшкахь.

1976-1985-чу шерашкахь Шелан кIоштан «Коммунизман байракх» газетехь редакцин отделан заведуйущин болх бо Хатуевс. Цхьаболу шен белхаш Хьамид Гуно бохучу псевдонимца арахоьцура.

1979-1980-чу шерашкахь Советски Армин могIаршкахь гIуллакх кхочушдо.

1985-1991-чу шерашкахь – «Грозненский рабочий» республикин газетан шен корреспондент ву иза.



2006-2009-чу шерашкахь Соьлжа-ГIалахь ГУП «Книжни издательствон» коьрта редакторан болх бо Iабдулхьамида.

2009-2010-чу шерашкахь ГУ «Центр духовно-нравственного воспитания и развития» организацехь куьйгалхочун болх бо.

1981-чу шарахь дуьйна СССР-ан Журналистийн союзан декъашхо хилла иза.

1997-чу шарахь дуьйна Нохчийн Республикин Йаздархойн союзан декъашхо хилла.

1990-чу шарахь арайала кечйина йолу книгаш тIамо йукъахйитира. ТIеман шерашкахь дуккха а байташ йазйо Iабдулхьамида.

Iабдухьамидан дуьххьарлерчу стихийн гулар – «Бусулба сан Нохчийчоь» зорбане йелира 2007-чу шарахь.

Иштта 2008-чу шарахь арайелира оьрсийн маттахь «Я веду себя на расстрел» цIе йолу гулар.

2007-чу шарахь вайн Правительствос лаккхара мах хадийра цо бинчу белхан, «Халкъан яздархо» аьлла, цIе йелира цунна.

2011-чу шарахь бакъдуьнене воьрзу Iабдулхьамид.

Йаздархо дIаваьллачул тIаьхьа "Аьрзунан илли" цIе йолу кхин цхьа книга а арайелира.

## Хьо йахош верг АллахI ву

*(Уциев Абуца цхьаьна йазйина)*

Делан некъахь ахь хьайн маьрша болар до,
Хьуна тIехула стигал кхоло ницкъ ца го.
Малх, Бутт белла, бах, хьеста хьан хIор а де,
Синош дахчош, сирла йогу кхерчахь цIе.
КIайн асан тIехь цIен сиз хьаькхна,
бaьццар байракх,
Дуьне дохарх, дIа ца хоьцуш, лаьтта гIайракх –
И хьан лаьмнийн дагах йаьлла алу йу.
И мел йогу, Нохчийчоь, хьо йехар йу!
Къонахийн ду хьан пхенашкахь кхехка цIий,
Шен лакхаллин барам боцуш – деза сий.
Йахь, йуьхь уоза дина терза хир дарий?!
Адамашна адмаллин бохь хьох карий!
КIайн асан тIехь цIен сиз хьаькхна,
бaьццар байракх,
Дуьне дохарх, дIа ца хоьцуш, лаьтта гIайракх –
И хьан лаьмнийн дагах йаьлла алу йу.
И мел йогу, Нохчийчоь, хьо йехар йу!
Кху Дуьненал беза бу хьан дешан мах,
ХIусамашкахь цкъа ца хаьдда хьеший-нах…
Дайн гIиллакх ду, кхане дебош, кхиъна гIирс,
Дала делла, хьо йахийта лаьттан ирс!
КIайн асан тIехь цIен сиз хьаькхна,
бaьццар байракх,
Дуьне дохарх, дIа ца хоьцуш, лаьтта гIайракх –
И хьан лаьмнийн дагах йаьлла алу йу!
Тхан Нохчийчоь, хьо йахош верг АллахI ву!

## Хьомсаршка

Ца кхета тарло шу,
Хаам ас бича,
Байракхах ийалац
Догу сайн са.
Къоламо далхочун
Ойла йеш хилча,
Сийна цIе йер йара
Кехатах сан.

БIаьргашна хьалха ду
Хьомсара васташ,
Даима даг чохь йу
ХIораннан цIе.
ГIенах а ца дицло
Шун дезарш, хьашташ
Йа декхар дазделла
Сайн белшаш тIе.

Ас маца лехнера
ДегIана аьтто,
Йа мичахь хиржина
Йуучун чам?
Со эххар дIаэццалц
Iаьржачу лаьтто,
Вехар ву, шун дуьхьа
Бицбина там.

Ас шуна ойланехь
Йоьттинчу гIаланех,
Херцарш бен,

Дисина хIумма а дац.
Делахь а, шен хенахь
Чекхваьлларг баланех
ГIайгIане кхин цкъа а
Сатталур вац!

## Нана ца хилча

Лаьттан бIаьра хьоьжуш,
Дог ца догIуш вела,
Цо ма бала Iуьйшу,
И ма цхьалха лела.

И ма чIогIа вулу
Цхьаъ-м гонаха леха...
Цхьа а дош ца олу,
БIаьргаш белхош нехан.

Белар ницкъ хьо ирсе ван,
И ницкъ Дала беллехьара,
Бохур дарий: «Нана йала!».
И хьан йаха йиснехьара.

## Адамаш, сацабе тIом

Ма доха, сатоха,
ЛадогIа, нах!
Мел беза буьйцуш бу
Адаман мах.
Ткъа тахна Нохчийчохь –
Чемхалган меха –
Ма къа ду сел къиза
Бойьучу нехан.
Бехк боцчу нехан цIийх
Iанийнехь тIадам,
Хьох цкъа а хир ма дац
Лаьтта тIехь адам.
Акхаро хуьлу хьох,
Чам кхетча синойх...
Дала хьо вуохор ву
Хьайн цIарах-цIийнах.
Бахийта, белийта
Кхоьллина нах.
Ма гIерта дIабайъа
Хьо церан малх!
Дуьненан адамаш,
Довлийша орцах!
Даккхийша нохчийн къам
Кху цIеран дорцах!

*21 октябрь, 2001 шо*

* * *

Iодика йойла, маьлхан довха дуьне,
Зазаш лесташ, ломахь дисина!
Воьрзур ву со цкъа маццa хьан шуьне,
Ирсе санна, хьоь сатийсина.

Iодика йойла, со ца везна бIаьргаш,
Дуьне ма-дду шайн ирс лехалаш.
Со дIавига гена, деха некъаш,
Йуха цадерзор даге дехалаш.

Iодика йойла, нана, Iодика йойла.
СабIарзделла, пана вер ву со.
Хьо ца хилча, сан йеш гIийла ойла,
Йа ца хилча, кхойкхуш цIа Даймохк.

Ма ирс ду сан, шуьшиъ сайца долуш,
Цкъа а йийр йац шуна йамартло.
Ас дуй биъна, винчу йуьртах волуш,
ЦIехьа верза, витахь Iожалло.

ЦIехьа верза, хIуъа хилла латтарх,
Стигал йоьлхуш, латта лелхарах.
Ас сайн синтем битна винчу махкахь,
Сан ирс дисна ненан бIаьргашкахь.

## Беречуьнга

ХIай, бере, ахь ловзош, шед йетта динна,
Хьажахьа, кешнаш ду гIайгIане Iохкуш.
Хьо санна, цхьа кIентий набарха тийна,
Дукха бу кху йуьртахь, ца гIовтта Iохкуш.

Ахь санна, шайн хенахь ловзийна дин а,
Лелла уьш маьлха кIел, самалхадаьлла.
Лелла уьш, Iожаллех хербелла жимма,
Дуьне а хеталуш шайн доладаьлла.

Цхьаволчо, сихвелла, йоIе хир аьлла:
"Хьомениг, хьежалахь со кхана варе".
Ткъа тахна, и воцуш, малх лепа баьлла,
И воцуш, техкаш йу йистйоцу аре.

Ах мелла кад буьтуш, дIавахна цхьаъ ша,
Ткъа кхечун – дисина аланза илли…
Вай массо хир ма ву цкъа кешнийн хьаша,
Ойла йе, хьайн дезар йуьстах а диллий.

Кхоьллинче геч доьхуш, динара воссий,
ТIаьххьара хьайн декхар царна дIало.
Цул тIаьхьа, аьрхалла хьайн даг чу йоссий,
Йезначе кхаъ баккха маьрша дIагIо.

## Къоман дай

Дахалаш, дахалаш,
Адамаш, дахалаш
Аша дегнаш
ПаргӀат шайн.
Алалаш, алалаш,
Мохь тоххий, алалаш,
Дац шуна вай цхьаннан а лай!
Къонахий гӀевттина
Болатан дегнашца
Кхин сийсаз ца дайта вай.
Ламанийн дилханах,
Нохчочун тайпанах
Бу, шуна, вайн къоман дай.
Хазлуш йу гӀаланаш,
Лахлуш бу баланаш,
Денлуш бу вайн хьоме мохк.
Къонахий мел беха,
Церан цӀе мел йеха,
Вайн махкахь
ХӀуттур йац дохк.
Дуьненан мехкашкахь
Нохчийн цӀе айина,
Вай хьоьгуш деана де
Малхбалехь, Малхбузехь,
Дуьненан маьждигехь
Кхайкхош йу къонахчун цӀе.
Айалаш, айалаш,
Мехкан сий айалаш,
Дог-ойла мал ца йеш шайн!
Шу санна, къонахий

Вайн махкахь мел беха,
Хир дац-кха вай цхьаннан а лай!
Къонахий гIевттина,
Болатан дегнашца
Кхин хIаллак ца дайта вай.
Ламанийн дилханах,
Нохчочун тайпанах
Бу шуна вайн къоман дай!

## Вевзар ву хьо

Наха осал
Стаг ву олуш,
Къора волуш,
БIаьрзе волуш,
Лелар ву хьо,
Йайна йахь,
Хьо хьайн зудчун
КарагIахь!

Дикнехь-вонехь
Хьалха вохуш,
Къонах ву и,
Наха бохуш,
Вевзар ву хьо
Дуьненахь,
Хьо хьайн зудчо
Хеставахь!

## Даймохк

Даймохк,
Дуй-те бераш хьан сил хьоме,
Тхуна хьо санна?
Даймохк,
Хьох ца довла,
Лайна бала
Хууш ву Дела.
ХIор а хьан чевнна
Дегнаш дилхина.
Хало лайна,
Амма гуора тхо ца хIиттина.
Дахар,
Хьо бу тхан синкъерам,
Даг чохь дека илли хьан!
Дахар,
ТIехIоттарх мел кхерам,
Iалашдо вай Дала.
Ирсах тешарца,
ЦIенчу безамца
Дуьненах ца дуьллу дог,
Хьо тхайна эшарна.
Дахар,
Бу тхан Далла хастам, тхо зуьйш,
Цо белла бала.
Декъалдеш,
Тхо дина къаста,
Вуонах цIандеш дегнаш.
Деза вай къийса,
Дикане сатийса,
Далла тIе боьду некъ
Чекхбоккхуш нийса.

## Хьоме сурт

Дагна хьоме, хаза сурт:
Тайна леста мохехь талл.
Дика даздан гулло йурт,
Доггах баккха халхар-бал.

Хьо ма сеца сонехь, кӀант,
ЦӀийлой, сох ма хета эхь.
Цхьа а дац хьан куьцехь ант,
Нохчийн чоа товш ду тӀехь.

Йаххьаш йелош, маьлхан нур,
Хаза ойла, сирла де.
Вовшийн дезаш, цхьаьна мур
Боккхур бу вай самукъне.

Керла адмаш, керла хан,
Керла кхоллам тусуш шайн.
Дицло туьйра, дицло гӀан,
Гича гӀиллакх кӀентийн вайн.

Оьзда кӀентий, мехкарий
Товш бу, вовшийн ларам беш,
Шайн хьуьнаршца мехкан сий,
Лаккха ойъий, Ӏалашдеш.

Хьоме лаьмнаш лекхало,
Къона дегнаш декхало.
Суйнаш кхарстош бӀаьргаш чохь,
ТӀома довлий, богӀа бохь!

## Вайн мотт

Лаьмнашкахь малх кхетча,
Дуьйлало хиш,
БIаьстено къагадо
Со вина латта.
Эзарнийн озаца
Ас лоькху йиш
Сайн ненан маттахь.

Декъала хуьлда хьо,
Дай баьхна кIошт!
Ирс долуш веха со
Токхечу хьаьттахь.
Йеза йоI декъалйан,
Лоьху ас дош
Сайн ненан маттахь

«ГIелбелла ненан мотт,
Ца оьшу кхин», –
Аьлла, шайн нийсархо
Курвала хIоттахь,
Алийша цуьнга:
«Ларде хьайн сий!»
Шайн ненан маттахь

Вай, Далла хастам беш,
ДоIанаш до.
Со хIинца дахаран
МаьIнах а кхетта:
Стаг волчо, дозал деш,

Сий-пусар до
Шен ненан меттан.

Йашайай, дIайаккха
Херонан йис,
Дакъаза долу халкъ,
Хийра мотт харжахь.
Карор ду массарна
Бакъдолу ирс
Шайн ненан маттахь.

## Кхин эзар шо даьлча а…

Эзар шо сол хьалха дуьнен чу ваьлла,
ГIиллакхе йоI гича, са малхадаьлла,
Бохийца, кIанта, и йезалуш, аьлла –
«Хьомениг, хьо йоцуш мегар вац!» – аьлла.

Цул тIаьхьа мел дукха хан-зама йаьлла,
Йезаро къежвина, и кIант дIаваьлла.
Ас, ахь а, йоI гича, изза дош аьлла –
«Хьомениг, хьо йоцуш мегар вац!» – аьлла.

Теша со, сайл тIаьхьа эзар шо даьлча,
Хазаллех дог Iабош, шен бIаьсте йаьлча,
ЙоI кIанта хьостур йу, изза дош аьлла:
«Хьомениг, хьо йоцуш мегар вац!» – аьлла.

## Мотт хьайна хаахь...

– Дахка бу
ДIо Iуьргахь
Кхойкхуш, –
Эли кIанта,
ГIалат доккхуш.
Кхойкхуш дахка
Хуьлуш бац,
Иштта алар
Нийса дац.
ЛадогIал аш:
Дахка цIийза,
Седа сега,
ДIаьндарг хьийза,
АйгIар терса,
ДогIа серса.
Мангал тусу,
Ткъа йетт узу.
Нийса алар
Декхар ду,
ТIаккха массо
Кхетар ву.
Дешан маьIнин
Тидамбе,
Дош ма Iийша,
Кег ма де!
Дарц ду тийжаш,
Чов йу Iийжаш,
Борз йу угIуш,
Гур бу бугIуш.
Котам йека,

Нур-бос лега.
Деши къега,
ГIа-буц йега.
Эшар локху,
Илли олу.
НIаьна кхойкху,
Набарх волу.
Чов йу хьегIаш,
Ткъа сай гIергIаш.
Кийрахь даго
Дикниг хьоьху,
Ша мацделча,
Бежан Iоьху.
Чан йижийта,
Хьорсу хи.
Шовда доьдуш,
Серса и.
Малх схьакхета,
ЖIаьла лета.
Стигал къекъа,
Ткъа бер тиэкъа.
Вуьшта аьлча,
ЧIеIа и.
ТIаргIа хьешахь,
ЛоьIу и.
Бод, мустбелча,
Шорлой, севса,
Наб марзйелча,
Корта тхьевса.
Ахьар лоцу,
Йуьхь-чоьш морцу.
Цициг теба,

Ткъа нур лепа.
Буса арахь
ЧагІалкх йоьлху.
Хаддаза Іенахь,
ДогІа доьлху.
Москал йолахь
Мотт шен лебан,
Цунах олу:
Иза чІеба.
Вехар ву хьо,
Лоруш, сийца,
Мотт хьайн хаахь,
Хаза бийца!

## ДоттагIчуьнга

Йоьхна ойла серлайолу,
Деган мерзаш лиэкха довлу,
Бицло йуьхьарлаьцна некъ,
Дика адам дуьхьалкхетча,
Цуьнан дагах дог хьайн кхетча,
Саца лаьа хан, ца йолуш чекх.
НеI комаьрша дIайиллина,
Кхачех дуьзна шун диллина,
Хьаша эца кийча хила хьо.
Кхочур ву цхьаъ, делахь рицкъа,
МеттахIоттор бу цо ницкъ а.
Далла хьалха сийлахь вийр ву цо.
ГIиллакх вайна делла Дала,
Оьшучарна орцахвала.
ГIиллакх лоруш, баьхна оьзда нах.
Дийнахь-буса кхайкхарх милла,
Орцахвала кийча хила.
Айхьа хадош, хьайн доьналлин мах.
Нохчийн кIант, сан ваша хилла,
Аьтто боьхна висча, тилла,
Серлабоккхуш дорцехь боьхна некъ.
Дика адам дуьхьалкхетча,
Дикчу дагах дог вайн кхетча,
Лаьа саца хан, ца йолуш чекх.
Орцахвала хьо массарна,
ЦIенчу доггах, доцуш цIарна,
Айхьа диннарг кхана карор ду.
Барам ойъуш, вай а хьур ду,
ЦIа ца дахка, вай а гIур ду,
Оьзда гIиллакх даха дуьсур ду.

## Ненах ойла

Набарна тевжича
Адам а, малх а,
Буьйсанан шелонехь
Висча со цхьалха,
Сан ненах йисна цIе,
Йайна го пешахь,
Кхин йогур йац аьлча,
Атта дац теша.
Сатийсам бох а беш,
Йагалахь алуо,
Хьан цIеро башабо
Кийрара бала.
Ненан цу серлонгахь
Со ирсе хета,
ГIенаха Iехалой,
Мерза наб кхета.
Седарчий лепадеш,
Йоьлура суьйре,
Ненаца хазлора
Бераллин туьйра.
«Сан зезаг, дахалахь
Хьо ирсе», – олий,
Нанас со хьостура,
Мара а къовлий.
Ткъес тоьхча, кхерийна
ЧIегIардиг санна,
Кхайкхира, идира,
Йилхира нанна.
Ас Деле арз дира,
Нахала йолуш:

«Сан нана дIайахна,
Соьга ца олуш».
Дависа хьан делаI,
Шелйелла ойла!
Дог доьлхуш, хьо цхьана
Беро ма йойла.
КIеза ма угIийла,
Ненаца доцуш,
Ага ма дуьсийла,
Тахко стаг воцуш.
Буьйсанна шабаршца
Боху ас «нана»,
Iуьйранна и цIе го
Йазйина анахь.
Ма мерза дош ду и
Цхьалхачу дагна,
Сатийса гIора луш,
Хинволчу стагна.

## Ненан марзо

Жималло, цецйоккхий,
ДIайуьгу со аьрха лела,
БIарлагIех Iехалой,
Дош доцчух
Со цкъацкъа йоьлу.
Къадоцу сан ойла
Йуткъйелча догIанах Iана,
Сан гIалат лачкъадой,
Къайлаха йоьлху хьо, нана.
Дарц къардеш, лаьмнашкахь
Йуха а йолуш йу бIаьсте,
Харц эшош, нана, сан
ГIелделла жима дог хьаста.
Соьгара хаза дош
Ца хезаш, хьо йехха хьелахь,
Нана, со хьо йолчу дIакхочур
Йуй хууш, Iелахь.
ТIаккха вай далхор ду,
Ца дезаш, хесто мел дезнарш,
Буса а, дийнахь а
Бехкбоцчу дегнашкахь лезнарш.
Доьзалша хьовзийча,
Хьан дахарх со хIинца кхета,
Йелха а, йела а хьо йолуш
Мел дола хета!
Ас даим дозалла дина
Хьомсарчу оьздачу ненах,
Со даим цуьнца йу,
Ца къаьсташ буса йа мерзачу гIенах.
Хьомениг, хаалахь, хьо суна

Дуьненал дукха ма йеза,
Йала а кийча йу тахана,
Хьо сайна хилийта реза.

## Безам

Ша-шена йетташ,
Дагах кайетташ,
Бойначу букъана
Кура аркъалсетташ,
БIаьрса дайна,
Синтем байна,

Боху цо:
Сан безам байна,
Сан безам байна!
Экханах тарвелла,
Дуьненна дарвелла,
Хеназа къежвелла,
Баланна азвелла.

Боху цо:
Ца везавелла,
Ца везавелла,
Йезачу йоIана
Ца везавелла...

## Хьо бен ца го

Бaьсса бу вай лелла урам,
Безамо ца детта ов.
Сегаш бу боданехь чIурам,
Ойланехь хьан амат дов.

Кхин аса боьхур бац безам,
Сих ма ло, хьоь бохур дац.
Лоьхур бац байъина тешам,
Мел кхайкхарх, ладугIур дац.

Со хьуна йоьлхур йац цхьалха,
Набарха цIе йохур йац.
Доладеш, хьийзар йац хьалха,
Сагатлахь, дог оьцур дац.

ТIехйер йу, ца вевзаш санна,
ГIелвелла, хьо цхьалха гарх.
Тешар йац йогIучу ханна,
Ахь, хестош, со Iехайарх.

Сан дог со тилайан гIерта,
Цо соьга ца дугIу ла.
Хьийза и хьо волчу керта,
Мел дехарх, ца доьрзу цIа.

Беснеш тIе сан бIаьрхиш хьолху,
Хорам беш, деттало дог.
Хьо велош, со хIунда йоьлху?
Хьо воцург хIунда ца го?

## Ши доттагI

Хьо, хастош, вазварах,
Комаьрша тойнехь,
Хууш дац, накъост вуй
ДIахIотта девнехь.
Ма теша, хьайга мел
Къонах ву бахахь.
ДоттагIа караво,
Вуон-дика дагIахь.

БIаьрг белла йиш йоцуш,
Сийна даш детташ,
Букъ тIехьа хьо лоьцуш,
МостагIна йетташ,
И хиллехь, ма сихло,
ДоттагIа хийца,
Тешаме ша хилар
ЧIагIдинехь цIийца.

МостагIий эшийча,
Турпалхой баьржа,
Селхана личкъинарш
Коьллашкахь Iаьржа.
Мерза мотт Iамабой,
Уьш улле гIерта,
Йахь йоцу «доттагIий»
Ма бита керта.

ДоттагIий хилла, шу
СхьадогIу бертахь,
Шун тешам бахчийна

Йоврйоцчу цIергахь.
Дахалаш, нохчашна,
Масал а хилий,
Бахийта тIаьхьене
ДоттагIех илли.

Iожаллин цIергахь шу,
Хер ца луш, даьгна.
Гергарло, тIулг санна,
Харцоно аьгна.
Амма аш Нохчийчоь
Дуьненахь йазйи,
ТIаьхьарчу тIаьхьенна
Малхал а хазйи.

## Баркалла хьуна

Чекхйели сел йоца бIаьсте,
Доьлхуш ду гуьйренан дерз.
ЧIир йоцуш, вай вовшахкъаьсти,
Хеди сан пондаран мерз.

Олхазарш дIатийна бен чохь,
Беснеш тIехь Iийдало хи.
Хьан дешнийн къахь йисна даг чохь,
Вай цхьаьна доьлур дац кхин.

Стиглара лахлуш ду леча,
Оллийна лазийна тIам.
ХIинца хьо хьоьстур йу кхечо,
Кхечо хьан туьдур ду гIан.

Доьлхур ду буьйсанна арцахь
Вай бIаьрзе дIатесна ирс.
Эрна ду вай довлар орцах,
И шелдеш йиллича йис.

Ас, хIетте, баркалла боху,
Ахь овкъарх латорна суй.
Даьгна дог йуха ца догу,
Вай къийларх гIаддайна буй.

Хир йу хьох тешаме гIортор,
Хаздина хьеннан а цIа,
Декъалбеш декъаза корта,
Цунна чу диллина са.

ТӀаьхьара алар:
**Хьох къастар мел хала хилла,**
**Ирс доцу безаман цӀе.**
**Вита со тесначохь Ӏилла,**
**Ма гӀерта кхин суна тӀе.**

## ЦӀуьхӀар

Мацвелча, дарлуш,
Вуьзича, виэкхаш,
Ахь эрна леладо
Къонахчун мекхаш.

Тапча а хаьнтӀе ахь
Оьллина эрна:
Хьо кхоьруш хетало
Вахьарна, верна.

Лекхачу гӀентахь
Тоха ахь мухӀар,
Тоьшал деш хьо хилар
Осала цӀуьхӀар!

## Безаман терза

**КІант:**

Сан некъаш хедадеш,
Хьо сох ма къехка,
Ца веза суна хьо,
Ахь соь ма баха.
Бешара ІиндагІаш
Вайн дуьхьа техка.
Цхьаъ везаш ца хилча,
Хала ду ваха.

**ЙоI:**
Сан лорах лела хьо,
Таллархо санна,
Со мукъа ца йуьтуш,
Цхьана а ханна.
Со йовр йац, хьуна,
Ахь са ма гатде.
Сан маьрша некъаш
Суна ма гатде.

**КІант:**
Лечано ловзабо
ТІам шера кхокха.
Лечанна кхокха шен
Йиийсар бан лаьа.
Суна а йеза хьо
Сайн сил а дукха,
Кхечарна дІа ца луш,
Йеригге йаъал.

**ЙоI:**
Ирчаниг, сонтаниг
Безамо хазво,
Мисканиг, гIийланиг
Эланал вазво.
Набаро гатвича,
Ца оьшу гIовла.
Сан бIаьргаш тоххара
Хьо виъна бевлла

**Цхьаьна:**
ВогIу со, безамо
Бузийна кийра,
Цундела массарел
Ирс долуш хета.
Iалашде даима
Безаман туьйра:
Вай вовшех ца кхетарх,
Дог дагах кхета.

**Цхьаьна:**
**Ма леста безаман терза.**
**Вовшашца дуьне ду мерза,**
**Вай вовшех дозал дан деза!**
**Суна – хьо, хьуна – со веза!**

## Дог даго бен Iехор дац!

*Зазина*

Тийна Iа со, хьо дIайоьдуш,
Ала дезарг бехк хетта.
Даго, бIарзлой, тIаьхьауьдуш,
Хьан цIе йохуш, мохь бетта.

Синтем байна вайша леларх,
Орцахвала цхьа а вац:
Хьан нуьре бен кху дуьненахь
Суна гIоли йалур йац.

ТIаьхьар алар:
**Доггах боцург безам бац,**
**Тешам боцург марзо йац,**
**Дог даго бен хьехор дац,**
**Дог даго бен Iехор дац!**

КIорда ца до хьоьга хьежа:
Хьо сан синан тIемаш ду.
Хьо кхечунна хIунда къиэжа,
И хьо йоцуш мегар ву!

Хьо йистхилча, волу тIома
Со, ца кхеташ, лаьттах ког.
Хьо дIайоьдуш, хьоьца лома
Сихло панадаьлла дог.

Оьзда куц-кеп, тайна лелар,
Хьоьгахь ца товш хIумма а дац,

Цхьаьннен дац хьан санна йелар,
Йа, хьан санна, ийман дац!

Соьлжа-ГӀала йаьсса лаьтта,
Кхоьлий сирла маьлхан де,
Хьо ца хилча, маршал хатта,
Дуьне хаздеш, самукъне.

## Доьхкина сий

– Ас гӀазот даьккхина
Хьацарца, цӀийца, –
Хьо чӀогӀа Ӏемина
Харц къамел дийца.
Хьо муха вехар ву
Доьхкинчу синца,
Хьо оццул вилхинарг,
Ницкъ боцуш хийца?

Хьо хилла жен коьртехь,
ХӀоьттина газа.
ХӀун диси, хьо бахьнехь,
Адамаша ланза?
Хьо-м хӀинца гена ву
Хиллачух кхета.
Садолу хӀума, хьо
Адам ца хета.

## Хьаша ларар

*Маретана*

Лулахь меттиг йу аьлла,
Сох безаман цIе йаьлла,
Йахча цига хьажа со,
Гира суна, хьаша, хьо!

Везавели, йоцуш чот.
Хазахийти оьзда мотт,
Дагна хьоме бIаьргийн нур,
Хелхаволий, ойъу кIур!

Хьо ма къехка, хьаша, сох,
Со ца къехкий, хьаша, хьох.
Ас хьо цхьалха вуьтур вац,
Тховса цхьанне дIалур вац.

Дашехь гал ца волу хьо,
Хаза хелха волу хьо,
Ойла гIаттош, тухий мохь,
Туьйране ахь бугIу бохь!

Хьаша доккха беркат ду,
Хьаша ларар – декхар ду.
Диц ма делаш, мехкарий,
Хьаша ду вайн мехкан сий.

Хьаша дукха хьехийна,
Хьешо дог сан Iехийна,
ЦIа ца кхачахь тховса со,
Ала нене: йигна цо.

## Мадина

ДIогара хаза йац иза,
Дац цуьнан исбаьхьа куц.
КIентий, шу гонах ма хьийза,
Ма хьеша маргIала буц.

Дуьне леста
Долало,
КIентийн дегнаш
Тохало,
Лаьтта бIаьргаш
Хьовсийна,
ЙогIуш яйча
Мадина.

Ца хьежахь гонаха акха,
Ца беттахь машен чу бIаьрг,
Ца йеза кIенташна тIаккха,
Йа пусар ца до цхьа хьаьрк

Шу йало-йига ца лелахь,
Ца ларахь вайнехан эхь,
Тхо долчу, кIентий, ма лела
Дас эцна машенаш тIехь.

ЙогIур йу исбаьхьа Iуьйре,
Декъалйеш хьийзар бу нах.
Бакъдина даг чуьра туьйра,
Кхетар бу Мадинин малх.

Хала ду дика кIант харжа,
И, зуьйш, ца баьккхича мур.
Де хийцарх бодано Iаьржа,
Ца къарло безаман нур.

## Даге

Дог, хьо ма хилахьа
Даима догуш,
Дитахьа Іийжадар,
СадаІар дайна.
Со хІаллак ма вехьа,
ТІулг санна, огуш,
Мел дукха баланаш
Вайшимма лайна.

Ас хьоьга-м ца боху,
Безам дІакхосса,
Ца боху, хьайн серло
Боданах хийца,
ЦІаналла оьшу хьан
Даим цхьабосса,
Іамахьа соьга хьайн
Къайленаш йийца.

Цхьанне урх ма лолахь
Харцонца доза,
Бакъонца некъ биэлахь,
Детталуш мел ду.
Суна а сов дезна
Нахаца вазар,
Диканна хьо гІаттахь,
Мелла йал мел бу.

Делахь, ма хилалахь
Даима догуш,

Кхоьру со гIорорна,
Йовхо кхачийна,
Жимделла дисарна,
Балано огуш,
Йа цхьаммо хьийзорна,
Ницкъбеш, сацийна.

## Белхалаш, бІаьргаш!

Ас дешча гІорийна терахь,
Сингаттам тІегІерта жерахь.
Го суна нах бойъу хьераш,
Шелделла, мацделла бераш,

Балано Іовжийна наной,
ГІайгІано хьовзийна къаной.
Го суна чекххьаьжча дахкарх,
ГІийла нах баьхна шайн махках.

Узамаш, ІиндагІаш хилла,
Паналлехь синкъерам тилла.
Го суна цІа доцу мархаш,
Къахета стаг воцу бІаьрхиш,

Адамех дисина суьрташ,
ЦІе йоцу, каш доцу чарташ–
Бен боьхна хьозарчий санна,
Лаьтта тІехь ца оьшуш цхьанне!

Сан лерехь бекаш бу узам,
Туьйш боцу эзарнийн лазам.
БІаьргаш, шу белхалаш, белха,
Дуьне, хьо дохалахь маьлхан!

## Моьттура...

Моьттура, ши зезаг
Къасталур дац,
Ца къаста бина шад
Басталур бац,
Безаман гIаланаш
Йагалур йац,
Ца догIу баркалла
Алалур дац.

Моьттура, маьлхан де
Кхолалур дац,
Къастаран догIанаш
Дуьйлалур дац.
Моьттура, кхечунна
Дог лозур дац.
Моьттура, кхечо сайн
Дог дузор дац.

Моьттура, сел къайлах
Тешийнарг шех
Дуьйцур дац массаьрга,
Даьккхина кех.
Моьттура, хьо гича,
Со къеххкар йац,
Маршалла ца хоттуш,
Дог Iалур дац.

Моьттура, кийрахь ша
Лелалур бац,
Кхечунна догцIена

Йелалур йац.
Моьттура, хьо воцуш,
Йахалур йац,
Йаздинчух дуьнен тIехь
Валалур вац.

Моьттура, массарна
Хьоьжуш бу малх.
Моьттура, нийсонца
Бехаш бу нах.
Моьттура, къонах ву,
Дош лардан хьайн...
Цамоьттург кховдадеш
Дуьне ду вайн.

## Зезагийн йоI

Хьан куьйга хи тухуш, кхиъна,
Зезагаш хазлуш ду луьста.
Хьо гина, дог Iабо лиъна,
Лаьтта со IиндагIехь йуьстах.

**Лесталаш, зезагаш, леста,**
**Воллу шу куьг хьоькхуш, хьеста,**
**Дог дузош хьожанах чоме:**
**Суна а ма ду шу хьоме.**

Кхуьу хьо зезагах тера,
Сатийсам къагабеш сирла.
БIаьрг хьуна ца боккхуш тIиэра,
Лела со, хьан IиндагI хилла.

Дуьненахь хьо цхьаъ йу бохуш,
Зезагаш хьоьсту ас луьста.
Хьо йолуш, ирсе со лоруш,
Бехк лоьцу безамна йуьстах.

Со хийла хьан корехь хьело,
Ойлане хьо хилча, бIарзлуш,
Хьо йелаелча, со воьлу,
Вистхилар дашал а дазлуш..

ДIайаздо кхетамо хабарш,
Ахь-хьайга деш долу шабарш.
Ца оьшу нехан кIант хьехо:
Со хилча тилаван, Iехо.

Хьайн хаза зезагаш марахь,
ЙогIу хьо, самукъадолий,
КIордадой IиндагIехь, арахь,
Йезарна со дуьхьалволу.

**ТIаьхьара алар:**
Хьо марша йогIийла,
Сан дашо Iуьйре,
Хьо марша догIийла,
Безаман туьйра.
Хьо марша йогIийла,
Де-дийне хазлуш,
Хьо марша йогIийла,
Гергарло марзлуш.

## Къастар

Кхолламаш боькъучохь
Сан кхаж ца баьлла,
Бехк баккха хьоьгара,
ГIалат ца даьлла.
Хьан амат хьоьсту ас,
Куьйга дог лоций,
Хаьа, хьо йеза сайн
Кхин бакъо йоций.
Сан кура ойланаш,
Къа доцуш, хьешна,
Даггара сан иллеш
Цхьанна а ца эшна.
Баьгначу седанна
Серло ца йеза...
Iодика йойла хьан,
Со хьегна безам.
Вайн синош кхоьллина,
Къаьстина лела,
Йиш йоцуш вовшашна
Делха йа дела,
Йиш йоцуш, гIелйелча,
Дог-ойла хьаста.
Iодика йойла, сан
Хьеелла бIаьсте.
Ца бузуш, сецна малх
Хьоьжуш бу гIийла.
Ас хьуна озадо
ТIаьххьара илли.
Хинболчу безамца
Хьо марша Iойла,

Іодика йойла хьан,
Іодика йойла!
Сан кхоллам ца хилла
Воккхавен, аьхна.
Хьайн ирсан зовкх хьоьгуш,
Хьо а ца йаьхна.
Ца ваьлла боху ас
Іодикайойла,
Къастаран къаьхьа де
Цхьанна а ма гойла!

## Бертахь даха деза

**ЙоI:**
Кура ву хьо
Барам боцуш,
Аьрха ву хьо
Бустам боцуш,
Сиха ву хьо
Сацам боцуш,
Стешха ву хьо
Тешам боцуш.

**КIант:**
Кура хилча,
Вешар варий,
Суна ларча
Оьшур йарий?
Стешха хилча,
Тешар варий,
Ахь сел атта
Iехор варий?

**ЙоI:**
Сан ойланех
Хьо ца веша,
Сан чIагIонех
Хьо ца теша.
Сих ма ло хьо
Сан дог хьиэша,
Сан бIаьргашкахь
Безам биэша.

**КIант:**
Хьайн ойланех
Туьйра дина,
Дуйнаш бууш,
Даар дина,
Шина бIаьргах
Жайна дина,
Ма вийца со,
Байракх йина.

**ЙоI:**
Синкъерамехь
Хелхайаккха,
Кхечо къовсахь,
Дов ахь даккха.
СовгIаташца
Курайаккха,
Хьоме нуц ву
Эр ду тIаккха!

КIант:
Синкъерамехь
Хелхавала,
Къовсам баьлча,
Девне вала,
СовгIат эцна,
ЧIанавала,
Шуна сох нуц
Хир вуй теша?

**ЙоI:**
Стигал вала
ТIемаш дац хьан,

Лаьттах вола
МIараш йац хьан.
Со йоцуриг
Безам бац хьан,
Вайша цхьаьна
Даха деза!

**Цхьаьна:**
Ас хьан Iуьйре
Кхолор йац,
Ас хьан суьйре
Йохор йац,
Вайша къийса
ХIумма а дац,
ГIиллакх доцург
Безам бац.

## Сатийсам

Сатийсам дахкарлахь тилла:
Къастаро бaьккхи шен толам.
Хьан карахь исбаьхьа хилла,
Іуьллуш бу стоьла тIехь къолам.

<u>ТIаьхьара алар:</u>
Ас лам тIе йазйо хьан цIе,
Ас анахь дуьллу хьан сурт:
Ма лаца ахь хьайна тIе
Вайшиннан безаман чурт.

Со хьоьга хьоьжур ву даим,
Боданехь мохь беттар бу.
Сан байна ирс-седа, бай и-м
Бохуш, ас хьо лоьхур йу.

Хьо йоцуш, верзалур вац,
Хьо йоцчохь кхачош бу некъ.
Дуьненахь кхин марзо йац,
Ма баккха вайн безам чекх!

Суо хийла шелварна дарцо,
Бовхачу безамах хьоьгу.
Хьо йолчу карийча гечо,
Чекхвала «куьг» лохьа соьга.

Ву Делан кхиэлана реза,
Сатоьхна, къурд базниг вац.
Делахь а хьоьцачул мерза,
Кхечуьнца ирсе хир вац.

## Деган къизачу бодашкахь

Мехаш гIуьтту,
Мехаш дуьйшу,
Карлайохуш денойн йист:
Ас сайн къинойн
Бала Iуьйшу,
Лоьхуш йайна анайист.

Дог дIагIерта
Маьлхан баса,
СабIарзделча, когашкахь.
Къилба туьлий,
Некъ бо аса
Деган къизчу бодашкахь.

Дешел сийлахь
Малхе ийарх,
Базлуш хуьлу коьртахь куй.
Мокхаз санна,
Дог ахь къийларх,
Къера буьсу хийла дуй!

Давуьсийла,
Хиндерг аьрха,
Хьо ган доггах хьаьддачохь,
Дуьсуш ду-кха
Дуьне маьлхан,
Хьегам буьтуш бIаьргаш чохь!

*2005 шо*

## ГIаргIулийн илли

Генара аре, генара мохк.
ГIаргIулийн тоба йу къилбехьа йоьдуш.
Ас тийна илли даьккхина хьох,
Со вина латта, хьо гаре хьоьжуш.

Iуьйранна седарчий уьдучу хенахь,
Цу стиглан Iаьрчашкахь гIаргIулеш гахь,
Хьо церан иллешка ладугIуш Iелахь –
Сан илли ду, хьуна, церан дагахь.

Хаза ду латта массо а меттехь –
Адамийн дегнаш цхьатера дац.
Амма кху дуьненан цхьана а маьIIехь
Со винчу латтанал хаза мохк бац.

Сан иллеш даима самукъне хилла,
Ирс долчу вайн дахарх со воккхаве,
Амма цхьа илли-м хир ду сан гIийла –
Генарчу махка аш со воссаве.

Генара аре, генара мохк.
ГIаргIулийн тоба йу къилбехьа йоьдуш.
Ас тийна илли даьккхина хьох,
Со вина латта, хьо гаре хьоьжуш.

## Нохчийн мотт

Вай атта дахар
Деле ца дехна,
Харцонах уьдуш,
Гечо ца лехна.
ВорхI ломал дехьара
Ирс эшна дац.
Нохчийн мотт, хьо бацахь,
Тхо данне дац!

Даймахках лаьцна
Вай илли олу.
Вайнехан ийман
Цунах схьадолу.
Дайн иллеш ца декахь,
И Даймохк бац.
Нохчийн мотт, хьо бацахь,
Тхо данне дац!

Воккханиг хасто,
Жиманиг нисван,
Бакълуьйриг къасто,
ГIалаташ гечдан,
Къонахчун дош лардан
Ма атта дац.
Нохчийн мотт, хьо бацахь,
Тхо данне дац!

Вайн дахар хаздо,
Вайн ойла йазйо
Бекачохь оьзда

Нохчийчун мотт!
Хиндолчух тешош,
ГIиллакхаш дебош,
Бека хьо даим,
Сан ненан мотт!

## Гечделахь, нана

КетIарчу гуьйриг тIехь
Ловзуш ду бераш,
Воккха стаг маьлха кIел,
ГIадвахна, Iа.
И сирла хазалла
Йохайан кхоьруш,
Йилбаз-мох лам тIехьа
Лечкъина дIа.

ЦIеххьана герз долу,
Къахкадеш кхокхий,
Iадийна, кхоссало
Аган чохь бер.
Зударийн мохь болу,
Доккха са доккхий,
БIарзбелла хьийза уьш,
Ца бовла хьер.

Жима стаг вожийна,
Летачохь вонах.
Йац цуьнан йуьхьа тIехь
КIиллочун хьаьрк.
Маьлхан нур кхолийна,
Iаржйели гонах,
Нанна тIе хьаьжначохь
Сецна бу бIаьрг.

Ткъа нана, доIанна
Айбина куьйгаш,
Стигалийн Iаьршашка

Бетташ йу мохь:
– ХIай, Дела, йу хьуна
Хьан дикнах хьоьгуш,
ЧIагIйелахь со тахна
Хьайн ийман чохь.

Хийлаза мохь хезна
Лаьмнашна нохчийн,
Йамартло, тешнабехк
Хьийзиначохь.
КIиллоша, схьаоьций,
ЦIен деши, бохчий,
Мела цIий Iенийна
Вайн Нохчийчохь.

Йахь йолчу ненан кIант
Кхуьур ву майра,
КIиллочун гIиллакх ду
Тешнабехк бар.
Осалчу доьзалхох
Ца хуьлу хайра,
Замано дIайойъий
Дахаран лар.

Турпалхо вехар ву
Мокхаз а хилла,
Ца дойъуш кхиийнчу
Шен ненан сий.
И хестош, декар ду
Къонахийн илли,
Пхенашкахь шелдаларх
Кхихкина цIий.

## Нохчийн йоI

*Алиева Хьавана*

Ламанца дохк-марха IаьIна,
ДогIанна кечам беш йу.
Кхоьлина ойланаш таьIна,
Керла де гIайгIане ду.

ЦIеххьана хийцало Iалам,
Мехаш а лагIделла го,
Ийманца къагайеш г1ала,
ЙогIу гуш Соьлжера йоI.

Кхолламан исбаьхьа туьйра,
ХIаваэхь болар ду дайн…
Ма серлайели сан Iуьйре,
Ма сиха сингаттам бай.

Балдаш тIехь ловзуш ду йелар,
БIаьрнуьро йашайо йис,
Йу оцу къоналлин шен лар –
Даржадеш гонаха ирс.

Шорлолахь дахаран ане,
Хьалхе ду кхачо вайн рицкъ!
СовгIатна луш сирла кхане,
Жималлехь бу онда ницкъ!

КIеж туьйсуш, дог дуьйлу хелха,
Бан а бац жималлин мах:

И мел йу нур догу маьлхан,
И мел йу ца бузу малх.

Вотанах йекар йу дин берг,
Ловзараш ломахь хир ду…
Нохчийчоь, хьан сирла хиндерг
Мехкарийн оьздаллехь ду!

## Нохчийн йоI

*Петирова ПетIаматна*

Хьо гича, кегийрхойн
ДIасовцу хабарш,
Ца хеза эвхьаза,
Беламе забарш.
Массеран дегнаш тIе
Маьлхан нур хуьйшу,
Ненаца бер санна,
Дарцаш дIадуьйшу.

Хьо гича, малх болу
Мархашна тIехьа,
Мехкарий цецбовлу
Керташна дехьа.
Пхьоьханехь воккхачо
Олу дош дицло,
Хьан хазчу амато
Массарна ницкъ ло.

Хьо гича, богIало
Урамехь богIурш,
Белалой, тохало
Вовшийн дов дохурш,
БIаьрзечу корашкахь
Зезагаш денло,
Лайн кIелахь Iаьхкина,
Аренаш сенло.

Хьо гича, сан йоьхна,
Дог-ойла гІотту,
Іуьйрено, цІий а лой,
Соь хьал-де хотту.
Хьо гича, совболу
Сан деган бахам,
Хьо гича, со сихло,
Къар ца луш ваха.

## Нохчийн йоI

Ховхачу хьегамийн туьйра,
Хьо йазйеш, эшаре долу:
БIаьстенах тарло сан гуьйре,
Ойланехь зезагаш довлу.

Схьахьаьжча, кIайчу йуьхь тIера
Іаьржачу бIаьргийн ши тIадам,
Цецволий, хуьлу со къера –
Гина дац хьол хаза адам!

**Адамашна йукъахь ву цхьалха,**
**Хьан сурт ду бIаьргашна хьалха.**
**Ирс хета хьоьга сатийсар,**
**Хилла хьан хазаллин йийсар.**

Беснеш тIехь кIаьгнаш а хIиттош,
Дозаллех дуьзна ду хьажар,
Кегийрхойн дог-ойла гIиттош,
Оьзда йу букъ тIера кIажар.

Хьо йолчохь иллеш ду декар,
Хьо йолчохь дог дуьйлу хелха,
Хьо йолчохь стигал йу йекхар,
Нохчийн йоI, хьо нур ду маьлхан.

Ло санна, кIайчу йуьхь тIера
Іаьржачу бIаьргийн ши тIадам
Белийта, ца воккхуш хиэра:
Сол ирсе хир дац кхин адам.

## Хьо йоьлу

*Петирова ПетIаматна*

Хьо даим тайна йу,
Хьо сирла йоьлу,
Хьо, цкъа а ца кIадлуш,
Халонел тоьлу.
Замано огуш йу
Мел чIогIа аьлха,
Хьо йина хилла-кха
Цкъа а ца йелха.

Хьо цкъа а ца йуху,
Къонахий бохарх.
Ахь лерг а ца ухьу
Кхолламо тохарх.
Болатах йина-те
Хьан амал аьрха?
Диканиг, доьху хьоь –
Цкъа мукъне йелха.

Вай даьхна дуьнен тIе
Баланаш худа,
Хьаьрчина хилла-те
Вайх хьенан гIуда?
Мел йийлархь харцо
Хьайн даг тIехь хелха,
Хьо цкъа а ца йеша,
ГIаддайна, йелха

Мацйелча, гIелйелча,
Борз угIу гIийла,
Дарцо а узам бо
Лаьмнашкахь хийла.
Хьо цхьаъ йу доьналлехь,
Мокхазал тоьлуш.
Дог делхо дезачохь
Самукъне йоьлуш.

Дог Iабо, сатедан
Iанийта хелхар,
И санна оьшуш ду
Зударийн белхар.
БIаьргех хи далийта,
ДIахьажий маьлхе.
Хьуьнар хьайн хаийта,
Цкъа мукъне йелхий.

## ЙоI схьахьаьжча

*(Хьомсарчунна)*

Мел кхоьлина йарах Iуьйре,
ДогIа тоха йаз а лой,
БIаьсте санна, хазло гуьйре,
ЙоI схьахьаьжча, йелалой.

Дезарш, декхарш алсамдовлу,
Дуьне-эхарт кIордадой.
Дахар, хазлой, серладолу
ЙоI схьахьаьжча, йелалой.

Хийла некъаш йухъхьадовлу,
Мерза синтем къахь а бой,
Даго, доьлуш, илли олу
ЙоI схьахьаьжча, йелалой.

Дан йиш йоцуш дегIан дола,
Цхьалха висча, оллалой,
ТаьIна ойла тIомайолу
ЙоI схьахьаьжча, йелалой.

Сан жималла карлайолу,
Ойланехь сох эла вой.
Доьлуш, дог сан халхадолу,
ЙоI схьахьаьжча, йелалой.

## ...чуьнга

Дала оьмар
Йеха йелла,
ТIаьхьависахь,
ДоттагI, сол
ЙагIахь Iуьйре,
Кеч а йелла,
Ма сихлолахь
Со дIаволла!

Ас и Iуьйре
Даг чохь кхаьбна,
Вац со цунах
Цкъа а Iаьбна.

Нагахь суьйре
Тийна йагIахь,
ЦIийеш Джалкхан
ТогIехь колл,
Алкханчаша
Кхаьънаш дахахь,
Ма сихлолахь
Со дIаволла!

Ас и суьйре
Даг чохь кхаьбна,
Вац со цунах
Цкъа а Iаьбна.

Нийсо толо
Араваьлла,

Бакъдерг каро
Беттаusш лол.
Йетташ, Іуьттуш,
ГІараваьлла,
Хьо сихвелла
Со дІаволла!

Къонахчуьнгахь
Собар тов,
Ма хьейе сан
Іийжа чов!

## Далла бо хастам!

*П.П-на*

Ахь суна Iамийна
Ца воха собарх.
Дахаро хьовзийна,
Ойланах хIоз барх,
ДоттагIчо пе тохарх,
Ца къийла буй,
Мел чIогIа де дохарх,
Ца къарбан дуй.

Ахь суна Iамийна
Диканах теша,
Цхьаннан а даг тIера
Зезаг ца хьеша,
Бакъ-харцо хоржучохь
Бан майра къастам.
Хьо суна йовзарна,
Далла бо хастам!

Ахь суна хьийхира
Дог-дикалла,
ДоттагIийн кураллаш
Шеквоцуш лан.
Безачийн бехкенна
Шелбелча кхерч,
Сонтачийн къиношна
Дайта соь геч.

Ахь суна Іамийна
Ца хьекхо церг,
Нахалахь стаг хила
Оьшуш мел дерг!
Сел шийла, дог доьхна,
Вай вовшахкъастарх,
Хьо суна йеллачу,
Далла бо хастам!

## Деган къизчу бодашкахь

Мехаш гІуьтту,
Мехаш дуьйшу,
Карлайохуш денойн йист:
Ас сайн къинойн
Бала Іуьйшу,
Лоьхуш йайна анайист.

Дог дІагІерта
Маьлхан баса,
СабІарзделча, когашкахь.
Къилба туьлий,
Некъ бо аса
Деган къизчу бодашкахь.

Дешел сийлахь
Малхе ийарх,
Базлуш хуьлу коьртахь куй.
Мокхаз санна,
Дог ахь къийларх,
Къера буьйсу хийла дуй!

Давуьсийла,
Хиндерг аьрха,
Хьо ган доггах хьаьддачохь,
Дуьсуш ду-кха
Дуьне маьлхан,
Хьегам буьтуш бІаьргаш чохь!

*2005 шо*

## Велха, салти...

Серло йууш бода го,
Дегнаш дохку кийрахь лелха.
ТІамо латта айпе до...
ХІунда доь ахь дуьне маьлхан?

Йарташ, хІусмаш цІергахь йу...
Бертал тоьхна Іохкуш лаьмнаш.
Хьох хьарчийнаш синош ду,
ХІиттош нанойн бІаьрхин Іаьмнаш.

Бекхам тІаьхьакхочур бу,
Хьайн къиношца висча цхьалха.
Дохковалар адамехь ду –
Велха,салти, доггах велха...

## Сатийсам

*Амине*

ЦIеххьанчу кхиамо
Хьовзийча корта,
ДоттагIий гуллора
Сан тойне шорта.
Бохамо йиллича
Шен шийла йис,
Со цхьалха йуьсура,
Лар ца лой ирс.

Амма ас нахаца
Ца къуьйсу хьалхе,
Маршалла хоьтту ас
ГIоттучу маьлхе.
Орцане мохь хезча,
Хьоьсту ас буо,
Цундела ирс долуш
Со хетало.

Къайлаха декаш ду
Букъ тIехьа шабарш,
Цецйохуш, массанхьа
Дебаш ду хабарш.
Сан ирсах тамаш беш,
Йетташ бу чот,
Бакъонца харц эдеш,
Ловзабеш мотт.

Бах соьга, седарчий
Сан белш тIе оьгу,
Туьйране хьолах сан
Нийсархой хьоьгу,
Сан некъаш дешица
Кхелина ду,
Нохчийчоь йерриг сан
Когашкахь йу.

Хала ду лаамаш
Шен деган хьешар,
Барта ца алалуш,
Къорйоьлча эшар,
Некъ гайта нур доцуш,
Боданехь къеда,
Дог-ойла кхолаеш,
ДIабайча седа.

Нийсархой хIуьттур бац
Сох кхарда, бела.
Ас цхьанне гойтур дац
Сайн бIаьрхиш мела.
Шу санна, сайн ирсе
Со хьоьжуш йу,
Цайаьлла кхолламца
Со къуьйсуш йу.

Марзонна даржийна
Сайн деган тIемаш,
Хаалаш, со йуйла
Нах бовза Iемаш.
Дог цIена адамаш

Со лоьхуш йу,
ДоттагIий мел беха,
Со йехаш йу.

Сатийсам беха сан
Боьлхучу кийрахь,
Ца лаьа безаршна
Хета со хийра.
Со бахьнехь цхьанне а
Кхулур бац малх.
Дог доьхна хьоьжур бац
Со бахьнехь нах!

## Маржа, йоI!

Со хIинца оьгIаз ца воьду,
Ас хьоьга ца хьедо дов.
Хьо гича, йогIуш йа йоьдуш,
Дагах чекх ца долу ов.

Сан дагах ца хуьлу эла,
Ца бугIу хелхаран бохь.
Тохарниг хьо йоцу дела,
Ца бетта цо хьоьга мохь.

Йиш йу хьан ма-луъу лела,
Дог лаьттехь лоьхуш хьайн ирс.
Хазвелча, кIантана йела,
Амма со велахь ахь виц.

Ца лии хьуна сох кхета,
Ца хии марзонан мах.
Стигалш а мел йаьсса хета,
Мел шийла гIоттуш бу малх.

Маржа, йоI, боху ас, маржа,
Хьо ган ас бокххур бацког!
Ца лии хьуна схьахаржа
Хьо маьлхах тарйина дог!

## Ку-ку

Хьан кхоллам бу
Дийнахь-буса йацар,
Синкъерамца
Лачкъош доглазар,
Дош ца хеташ,
Куьйга корта лацар,
Йа хьайн бала
Нахе балхабар.

Хьан кхоллам бу,
Адмех лечкъаш, тийжар,
Къайлайохуш
Даг чохь йогу цIе.
Бендацарехь дойъуш
Кийра Iийжар,
Нехан бохам оьцуш
Хьайна тIе.

Даьсса долуш,
Ца техкийна ага,
Ахьа дитинарг
Баккха Iемаш ког.
Хьо Iемина
Къайлах цIергахь йага,
ДIа ца гойтуш,
КIожам хилла дог.

Хаьий-техьа,
Хьан цIе теш а хIиттош,
Буучарна, йеза

Бохуш, дуй.
Мел беза бу,
Шанах цIе а летош,
Ахь совгIатна
Кховдо хIор а суй!?

## Декъазчу дуьненахь

Мискачо мохь тоьхча,
Вай орцах ца довлу,
Буо-берах бумаьштиг
Саьхьара дIакъовлу.
Сутарчу дуьненахь
Дехаш ду вай,
Бахамо дакъаза
Дохуш ду вай.

Вай сагIа кховдадо
Iаьбначе* рицкъах,
Дозалла дечуьнга
Шен хьолах, ницкъах.
Харцонан дуьненахь
Дехаш ду вай,
Дезаро дакъаза
Дохуш ду вай.

Хьаькмашна хьалха вай
Оллайо ворта,
Делана сужда дан
Кхоабеш корта.
Декъазчу дуьненахь
Дехаш ду вай,
Ахчано дакъаза
Дохуш ду вай.

---

* Iаьбначе (авторан дош) - Iаьбначуьнга.

## Хьоьрсуш маьлхан догIа ду

Хорам бина, хьерчаш логах,
Лаьхьа хилла, дукъдеш са,
Ахь дохийнчу дилхан дагах
Эзар дакъа хилла сан.

Со-м Іемина бала Іийша,
Даг чохь лалош дIаьвше даш,
Гушшехь, ахьа, сайна тийжа,
Охкуш долу Іаьржа каш.

Кийрахь муо беш, йаха йисна
Хьан когашкахь лайна хан…
Ас бодашкахь къурдаш дина,
ХьегIаш йамарт сибат хьан.

Дийна ву со, Дала мукъ лахь,
Собар мацца кхачош ду!
Сирла малх бу кхетта стиглахь,
Хьоьрсуш маьлхан догIа ду.

Дегнаш доьлуш, йахна хенаш,
Йухайерзо амал дац:
Беснеш йагош, хиш ду Іенаш –
ДогIа ду и, бIаьрхиш дац!

## Кешнашкахь

Йуха а доккхуш ду каш.
Забаре кегийрхой боьлу,
Гулдина мажделла гIаш,
Бохбала йагаеш оьла.

Чарташ тIехь сийсаш бу кIур,
НIаьвла шен хабаре йолу.
«Шен рогIехь вай а ду гIур», –
Воккхачо шабаршца олу.

Ког маса, сихбелла бохку:
ТIаьхьа ду кешнашкахь велха.
КIорга каш доггаха охку.
Нур лепа бен доцчу маьлхан.

Кегийрхой чехош ву молла,
Базбина кхелхинчун мах.
Ламаз хан тIехтуьлуш йоллу:
ЦIа баха сихбелла нах.

Когаш кIел – мадбелла кхор,
Кхиэл йина стигалш йу тийна…
Ахь тхох а дийр ду-кха пхьор,
Хан кхаьчча, хIай, дуьне сийна!

## Зударийн орца

Дог дохош, атта до вай вовшийн аьшнаш,
Къа доцуш, дохадо вай вовшийн дегнаш,
Йуьхь йоцуш, чам бойъий, вай вовшехкъеста…
Оьшучохь куьг хьакха, догъэца, хьеста.

ТIаьхьара алар:
**Топ йаьлла, цIе йаьлла, кхерстинехь алу,**
**Зен даржош, сахьийзош, даьржинехь талу,**
**Байракх тIехь айъинехь барт бохо харцо,**
**Даима кхочуш ду зударийн орца.**

Беза нах теш лоьцуш, къамел до шалха,
Гонаха кхоладеш нур дашо маьлхан…
Хьомсаршна дуьту вай ирс долчех хьегар,
Цергашца сецадеш шайн балдийн дегор.

ТIаьхьара алар:
**Топ йаьлла, цIе йаьлла, кхерстинехь алу,**
**Зен даржош, сахьийзош, даьржинехь талу,**
**Байракх тIехь айъинехь барт бохо харцо,**
**Даима кхочуш ду зударийн орца.**

Мел дика ойланаш йисина Iахар,
НеI тоха стаг воцуш, гатделча дахар.
Къематде, ирча ду, боху, хьан амат,
Даима ларлолаш довларна гIалат

ТIаьхьара алар:
**Топ йаьлла, цIе йаьлла, кхерстинехь алу,**
**Зен даржош, сахьийзош, даьржинехь талу,**

**Байракх тIехь айъинехь барт бохо харцо,**
**Даима кхочуш ду зударийн орца.**

Баркаллин сужданехь кийча ву ала:
Дика кIант хьовха, дика йоI – гIала.
Божарша дIахьулйарх йоI вайна гонах,
Цкъацкъа и йоIIий бен каравац къонах.

ТIаьхьара алар:
**Топ йаьлла, цIе йаьлла, кхерстинехь алу,**
**Зен даржош, сахьийзош, даьржинехь талу,**
**Байракх тIехь айъинехь барт бохо харцо,**
**Даима кхочуш ду зударийн орца.**

## Йицйина йурт

Некъ Іуьллу
Буц йаьлла,
Бицбина тоххар.
Цо цхьа а,
Цхьанххьа а
Кхин вуьгур вац.
Орцанна
ГІо оьшуш,
Адмо мохь тохарх,
Дуьхьала цхьаннан а
Жоп хезар дац.

Ца хІуьтту
Ловзарш йа
Тезеташ гІийла.
Ца дугІу кешнашкахь
Аьлханан чурт.
Бераш а
Ца уьду,
Левзинарш хийла,
Йицйаран къораллехь
ДІатийна йурт.

Стаг дуьхьал
Кхетар вац
Маршалла хатта,
Йа йоьІан хьажаро
Тухур дац ан.
Мехаша
Лоькхуш ду

Гарманан латта,
Бен доцуш
Йа тайпа, йа орам хьан.

Кху арахь
Упханийн
Тийналла Іуьллу,
Цхьаммо а
Боккхуш бац
Ношбелла хьач.
Адамаш доцучохь
Ма ирча хуьлу,
Зама а хетало
ДІауьдуш лач.

Вирзина
Со кхуза
Дайн чарташ хьаста.
Сайн аьтто йа бохам
Балхабан хьоь.
Безачийн
БІаьргашкахь
Лехьайеш бІаьсте.
Куц меттахІоттадеш,
Хьан, Нохчийчоь!

Довхачу
БІаьрхиша
Йагайо беснеш.
БІаьргаш чохь
Дешаш ду
Къастаран дохк.

Оьшуш дац,
Нохчийчоь,
Хастаме дешнаш.
Декъала
Хуьлда хьо,
Дай баьхна мохк!

## Димин Iумаран весет

Замано лагIдо шен болар,
Дийшадо ломара хиш,
Озийча ахь, Димин Iумар,
Вайнехан ладугIу йиш.

Чехабеш боданаш Iаьржа,
Кхайкхадеш доьналла, сий,
Эшарш хьан диканна йаьржа,
Кхехкадеш шелделла цIий.

Мукъамо, шен тIемаш хоьций,
Айъабо дахаран мохь,
Цомгашчун лазам дIаоьций,
Дегнашка бугIуьйту буохь!

Пондаро,къонахчун герзо,
Толийна хийла вайнах,
Денйина дIайаьлла марзо,
ГIаттийна дIабуьзна малх!

Хьан эшарш весет ду хийла:
Ма бицбе шайн оьзда дай.
Ларбелаш Даймохк шайн сийлахь,
Ийман а ларделаш шайн!

Дехар ду тхо, Димин Iумар,
Хестайеш сийлалла хьан.
Боьлхур бу вайнехан пондар,
Мел гена дIаидарх хан!

## Сан деган къилба

Ирс лоьхуш, дIаэхарх мел гена шу,
Ма дицде неIсагIа хьомсарчу ненан.
Нана шен берашка сатуьйсуш йу,
ДоIанехь вай доьхуш массо а хенахь!

Нохчийчоь – зазалахь бIаьсте,
Къизалло со хьох ца къастий.
Нохчийчоь, хьийзаварх дарцо,
Хьо ду сан синтеман орца!

Дош ала дай хилар ду доккха ирс,
Дахийша ийманехь, вовшийн деш реза.
Мел генахь коьрта тIе йиллича йис,
Вай хьоме лаьмнашка цIадерза деза.

Нохчийчоь – сийлаллин бIаьсте,
Харцоно, со хьох ца къастий.
Нохчийчоь, хьийзаварх дарцо,
Нохчийчоь, хьо ду сан орца!

Исбаьхьчу хазалло айъина са,
Лаьтта со, Даймахке бIаьрг бетташ тийна:
Кхузахь ду сан дедай хьистина цIа,
Кхузахь сан бераллин ага техкийна.

Нохчийчоь – къоналлин бIаьсте,
Мацалло со хьох ца къастий.
Нохчийчоь, хьийзаварх дарцо,
Нохчийчоь, хьо ду сан орца!

## Нохчийчоь – сан гIенийн седа!

Бала багIахь, къаьхьа, ирча
Сан дог долу хьуна делха,
Хьо, хазйелла, йоьлуш гича,
Даг чохь лепа зIаьнарш маьлхан.

Деган безам Iабош болу
Орам ас хьан лаьттахь лоьху.
Хестош Iуьйре, гIоттуш йолу,
Ас хьан хиндерг Деле доьху.

Лаьмнаш тIехьа малх схьакъеда,
Иллин аз хIаваэхь дега.
Нохчийчоь – сан гIенийн седа,
Серло луш, хьо тхуна къега.

Орцахволу, хьуна эшча,
Цергаш къовлий, ийзош йиш.
Хьо кху Лаьттахь хестош хезча,
БIаьргех довлу ирсе хиш.

## Сай

Цецбаьлла сай сецна
Шовданна йистехь,
Кхерамо дахьийна,
Эгадо дегI.
Iаламо, тир йоккхуш,
Хазйинчу меттехь
Мерзачу сих бала
Цуьнга хьан бах?

ЛадоьгIча, схьахеза
Геннара гIовгIа,
Таллархойн жIаьлеша
Схьахьедо дов.
Пхенашкахь кхехка цIий
Малхал а довха,
Коьрте а, дегIе а
Схьадетта ов!

Хьанна ца деза хьо,
КIайн маьлхан дуьне,
Ца дезаш, хьо диънарг
Мила ву-те?
ДIахьоьжу кура сай
Геннарчу хьуьне,
Цига дIакхача ницкъ
Хир буй-те шен?

Дахаран суй кхерсти
Нур догу бIаьргашкахь,
Амма сел сиха
Дайра и дIа.

Iодара кхоьссинчу
ТIулгал а чехка,
ЖIаьлеш ма догIура
Хьуьн чуьра схьа.

Хьаьвзира, гатбелла,
Кура сай ломахь,
Лаьттара и, боьхна,
ТIа дегадеш.
Дахар! Ца хьежнера
И хьоьга гома.
ХIинца а ца хьоьжу,
Ша къиза леш.

ТIармаIал гатделла
Йистйоцу латта.
Цабаьлла хаьржи цо
Берда тIе некъ.
Ницкъ хир бац
Дуьнен чохь
И гора хIотто.
Аьрзунах даьккхи цо
Шен дахар чекх.

Гечделахь ахь цунна,
ХIай, Iаьржа Латта!
Сайно хьо хьешарна,
КъинтIера дала.
Там бай-м и
Къонахийн
Дегнашкахь гIатта,
Ахь цунна даггара
Баркалла ала.

## Дог

Хьо ма чIогIа
Даьлла хьера,
Доккхуш кийрахь
Къаьхьа эра.
Хьо мостагIчух
Тарделла,
Сох ца Iебаш,
Дарделла.

Хьажахь, нах бу
Тарбелла,
Нийсо толо
Къарбелла.
Сан ойла а
Йуткъйелла,
Со а чIогIа
КIадвелла.

Хьо тардала
ГIерташ дац,
Хьо къардала
Дагахь дац.
Хьоьца къийса
Амал дац,
Хьо кошо бен
Нисдийр дац!

Шера аре,
Хийра мохк.
Хьерадаьлла

Кийрахь дог.
Сох ца Iебаш,
Дарделла,
Акхарочух
Тарделла!

## Мискачун чIирхо

ХIай, дуьне,
Баланех йуьззина
ЦIен дешин кхаба.
Хьо-м хIинца а
Ца доллу мискачу
Тхан декъах Iаба.
Дитахьа тхо йаккха,
Бехк боцчу,
Тхайн къинойн ирхо.
Хьоьга тхо
Къарлур дац,
Вала да воцучу
Мискачун чIирхо!

## Дуьне

Дика вонца къуьйсуш,
Дуьне леташ ду,
Цхьаберш – къемат Іуьйшуш,
Кхиберш – къежаш бу.

ЦІий ду туьйсуш пхенех,
Орца дохуш ду,
Цигахь вийна хьенех,
Кхузахь тезет ду!

Зулам цІарах сийса,
Боьхна лела нах,
Адам готтехь хьийза,
Базлой вонан мах.

Азаллера дуьйна
Иштта хилла ду,
Дуьне ша а горга
БІаьрхих терра ду!

Стиглахь мархаш текха,
Ткъесаш лелхаш ду…
Хьеннан йелахь мекха,
Нана йоьлхуш йу!

*2002 шо*

## Жимчу мухІажаран узам

Бакох хаза суьйре йу,
Адмийн йаххьаш йоьлуш йу,
Туькнаш дешех йогуш йу,
Сан дог царах хьоьгуш ду.

Нахе кхойкхуш метро йу,
Ц1енош хаздеш, чиркхаш ду,
Иллеш даг чохь декаш ду
Сан дог царах хьоьгуш ду.

Кафеш йуьзна адмаш ду,
Ирсе ловзуш бераш ду,
Церан кхане сирла йу,
Сан дог царах хьоьгуш ду.

*2003 шо, Бакох*

## Къийсаман новкъахь

КIант вича, самукъадолий,
Вайнаха хIоттадо той,
Массарна къинтIерабовлий,
Безарша хохкуьйту дой.

МIаьргонаш шерел а йахло,
Са лоций, къорйулу хан.
Дойн бергаш вотанах тарло,
Сихаллехь туьйсуьйтуш чан.

Къонахий къийсамехь беха,
Багабеш харцонийн гур.
Дуьне ду къонахчун меха
Айъинчу нийсонан тур.

Хьан аз ду сирла некъ лоьхуш,
Массарна маслаIат хьош.
Барт, безам, эхь, йиман хьоьхуш,
Декаш ду хьан оьзда дош.

Серло ца хьулйайта маьлхан
Вайн паччахь гIаролехь ву.
Хьан дахар массарна хьалха
Махкана дIаделла ду.

Къийсамехь хан-зама туьлу,
Дебадеш къонахийн сий.
Бертахьчийн толамаш хуьлу,
Вайн ирсан орам бу и.

## Къоналла...

ДIабуза лестинчу маьлхан
Серлонаш кхачалуш йу,
Самукъне йара уьш хьалха,
Ткъа хIинца гIайгIане йу.

Шерех чекх дIахьаьжча генна,
Схьахеза хелхарийн мохь.
Аьрхаллехь йахначу хенан
Кхехкаш бу къоналлин бохь.

Нийсархой дIакхойкху соьга,
Ловзаргахь туьйсуьйтуш чан.
Ло аса маршалла хьоьга,
Йовр йоцу сан жима хан!

Биц ца бан, бити ахь кийрахь,
Йезачун хьажаран суй,
Ца къарбеш, ойланехь къийла,
Дуьххьарчу безаман дуй!

Мел къечух во кура эла,
Могашалла, доьналла луш.
Къоналла совгIат ду Делан,
Цкъа делча, йуха ца луш.

Сан бIаьргех ирсе хи леша,
Цецбуьйлуш, схьахьуьйсу нах,
Лаьар-кха даима хьежа,
Цабузу къоналлин малх!

## Лай

Шу хир ду цкъа мацца къера,
ТIаьхьенех лечкъор йу цIе,
Туьйсина мостагIийн гIера,
ХIоттий аш хIара къематде.

Сел йамарт шу хьан дакхийна,
Аш мичахь доьхкина сий?
Декъаза шайн нана а йийна,
Мер дара аш цуьнан цIий.

Аш хьанна хьийзадо хIилла,
Эвхьаза далхадо гай?..
Къонахий ма кIезиг хилла,
Ма дукха баьржина лай.

Аш хьанна къуьйлуш ду буйнаш,
Аш хьанна хьекхайо церг?
Сутарло, хьарамло, дуйнаш –
Ма къен вац шу ца гуш верг!

ТIетаIIош шун дена ала,
Белар шун йахьйолу дай!
Мискачу сан къоман – бала,
ХIу дайарх къа доцу лай !

*1985 шо*

## Мецаниг

Марха а кхабало лиъча,
Делера беркат а дуссу:
Мацвелларг вузур ву йиъча,
Мецаниг цкъа а ца вузу.

Цо лоьху дегIана гIоли,
Осалчу шен синна там!
Мецаниг коьрте а волий,
ЙуьхьIаьржа хIоттадо къам.

Шен къоман сийлалла хьеша,
Когаш кIел божабо куй…
Зуда а цуьрриг ца теша,
Биича ишттачо дуй!

ХIун жоп лур эхартан шуьнехь,
Ког когах кхетта, хьо лахь?
Дависа хьан, маьлхан дуьне,
Ма чIогIа Iехаво ахь!

## Хьехархочуьнга

*Баширов Вахаргна*

Ламанаш дIахьулдеш, дижича дохк,
Белшаш тIе дазделча гIайгIанийн гIуда,
Ахь марахьарчийра берриг вайн мохк,
Хьомсарийн баланаш хьайн даг чу худа.

Ца лалуш, бохийча хьозанан бен,
Бер делхош, йаржийча аганан гIевла,
Ницкъ хилла бегира хьан деган хен,
Тезетахь буо йуьтуш хьайн Мескер-эвла.

Махкана дош-мокхаз къонахий тов,
Хиндолче дехки ахь марзонан некъаш.
Хьан оьзда гIиллакхаш ларарца сов,
Беркат ду Нохчийчохь де-дийне хьекъаш.

ГIоттуш ду Нохчийчохь ийманан нур,
Дикане некъ гойту хьан деган серло.
Вай вовшех хьегадеш, дIаэхарх мур,
Хьоьга, тхан хьехархо, марзо ца херло.

## Нана-латта

Сийналлехь анайист йайна,
ХIаваэхь аьрзуш а го:
Хаза ду, аьхна ду, тайна,
ХIай, Делан жил-Iалам хьо!

Кху хазчу Iаламе хьоьжуш,
Дахаран ойланаш йо:
Исбаьхьа хазалла хьоьшуш,
Вай цуьнан пусар ца до.

Зен-зулам хетар дац кIезга,
Харцабеш ойланийн пен,
Бехдича шовданан куьзга,
Бохийча хьозанан бен,

Кхокханийн эшарш а хадош,
Кхераме дегийча герз.
Иккхича, стигалш а Iадош,
Дахаран  мукъамийн мерз.

Герзел а зулам до матто,
Бакъабеш дикаллин стом.
Вай Iабац, ца йича гатто,
Цхьаьнга ца хьебича тIом.

Молханан дахкарлахь хьун йу,
ЦIе йаьлла кхехкаш бу тIом.
Адмаша къуьйсуш дерг хIун ду?
Шун Нана-Латта дай со-м!

## Нохчий бацахь, Кавказ йац!

Ломан аьрзу лаьмнех йаккха,
ТІемаш цуьнан гІелло тІаккха.
Баха лаьмнех ломан нах,
Кхулу церан синойн малх.

Къиза Іедал хьекъалх тилла,
Сел жима къам хьийзош хилла.
Амма Іийшарх Сибрех къахь,
Нохчичо ца йелла йахь.

Нохчийчоьно хало лайна,
Харцо, къемат цунна дайна.
Дазло балийн деза дукъ,
Корта сирбеш, йижча йукъ.

Нохчичух аш паччахь варах,
Цунна дашо гІала йарах,
Хир вац реза дицдан цІа –
Кавказехь ду цуьнан са.

Хьоме ду ша вина латта
Ирсе ваха, вижа, гІатта…
Цунах кхета хала дац:
Нохчий боцуш Кавказ йац!

## Сан тезетахь

Веанера тхоьга молла
Со дIаволла,
Боьлхуш бара гергарнаш,
Iенош хиш,
Дуолий, мохо идош гIаш,
Даккха каш…
Тезет лаьтта
Кертахь доккха, гIовгIане.
Вац тезетахь
Цхьа а стаг гIайгIане.
Хилларш, лелларш
Дуьйцуш,
Доггах боьлу нах,
Цхьа ца волу
Кхелхинчуьнан хадош мах.
Белхаш буьйцу,
Базарш йуьйцу, хьолахой,
Эцнарг дуьйцу,
Кхеттарг дуьйцу, захалой.
Луьсту, узу,
Серлабоху аьшпийн кIур.
Тусуш, ирдеш,
Карзахдоху адмийн сур.
Сан верасаш
Бу массарал чуьрабевлла,
Со дIакхалхо
Кешнийн кертахь йолчу эвла.
Хьийзаш бу уьш,
Сан тезетах ловзар хилла,
Дика ду со
Церан дуьхьа велла хилла!

*2005 шо*

## Сардам

Далла тоха
Беза корта
Мунепикъна
Хьалха бетташ.
Иблис хьалха,
ШайтӀа санна,
Цунна хьалха
Осал сетташ.

Дела багахь,
ШайтӀа дагахь,
Миска адам
Іехочеран,
ХІу кхачоллалц
Маьлха кІелахь,
Везан Дела,
Геч ма делахь!

## ТIепаза вайнарг

Ирча ду кешнашкахь заза,
Сингаттам цо байбийр бац…
Даго со валаварх кхуза,
Чурта кIел хьан хIусам йац.

Ламанца вац, боху наха,
Аренца хьо гина вац.
Карош бу ча йукъахь маха,
Амма хьо вахна лар йац.

Нахалахь хьан аз а девзий,
Хьоду со, ма-боллу ког.
Iехийна синхаам, цIевзий,
Тохало кийрара дог.

ТIепаза хьо вайчахьана,
Бен доцуш гIоттуш бу малх.
Хьо цкъа а ца хилча санна,
Вайн цIенна тIехбуьйлу нах.

Хала ду даго хьо валхор,
ГIайгIане доьлу хьан сурт.
Ловзар ду ийманехь кхалхар,
ТIехIотта долуш шен чурт.

Йоьрзур йу чевнаш мел дера,
Баца тIехь дакъало тхи.
Йаххьаш мел йеларх хьан берийн,
Беснеш тIехь Iийдало хи.

## Хьо ма ваха веха!

Деза детташ,
Кура дуьйцуш,
ХIинцца аьлларг
БIозза хуьйцуш,
Хецна дойъуш
Амал нехан…
Хьо ма ваха,
ДелаI, веха!

ХаьнтIехь тапча,
ТIаьрсиг хумпIар.
Даим ирах
Йахна муцIар.
Даг тIехь мидал,
Маж-мекх деха…
Хьо ма ваха,
ДелаI, веха!

Эвхьазвуьйлуш
Нехан шуьнехь,
КIад а доцуш
Дан хьайн гуьнахь.
Шай-кай йаржош
Ченан меха…
Хьо ма ваха,
ДелаI, веха!

Куй сийсазбеш,
Маьттаз сетташ,
Боьха ка хьайн

ЙоIах детташ,
Къайлах Iехош
Зудрий нехан…
Хьо ма ваха,
ДелаI, веха!

Деза детташ,
Кура дуьйцуш,
ХIинцца аьлларг
БIозза хуьйцуш,
Хецна дойъуш
Амал нехан…
Хьо ма ваха,
ДелаI, веха!

*1997 шо*

## ХIунда?

КIиллочун кхардамах кхийрина,
Орцане йоьIан мохь баьлча,
БIаьргашна тIеоззош тиллина,
Куйна кIел хьо къайлаваьлча;

Маларо бахийнчу наха,
ГIорасиз цхьа пекъар хьийзош,
Болар а ца деш хьайн лагI а,
Хьуо вахча, лоха са цIийзош;

Хьаькамо, оьгIазло Iетто,
Чехавеш, кхайкхийча «нанна»,
Цо бинчух боккха хьайн аьтто,
Гежашшехь, хьо цунна денна;

Хьолана сов волчо жимма,
Ца вешаш, ма-кхоьсси хьайга,
Зударийн кортали тилла а,
Хирг хилча хьуо реза, тайниг;

Кхайкхаза шуьне нисвелча,
(Къематде дац и вала?!),
«Къонахчо дош алал!», – аьлча,
Хьо хIунда иккхира хьала?

## Къоналла

Дахаран мерза мутт
Ахь муьйлу, йоьлуш.
Амма моз, диъча,
Кхачалуш ду.

Цкъа мацца хьуо, кхиъна,
Сан кога йоьдуш,
Iасано хьуна и
Далхор а ду.

Дависа хьан делаI,
Къоналла аьрха,
Муьлхачу барамца
Буста хьан мах?!

ЦIеначу хьан даг чохь
Ца тосу марха,
ХьагI йоцчу ойланехь
Ца буьжу малх!

## Ца теша

КIордийна хьан лорах лела,
Хьо йогIий-те бохуш, хьежа,
Дог догIуш, ца догIуш вела –
Хьан дешнех кхин со ца теша!

Ца теша хьан къера дуйнех,
Ца теша хьан бIаьргийн суйнех.
Хьан дагна, сан дагна – эшам,
Ма чIогIа оьшуш бу тешам!

Ма даха ахь даккхий синош,
Галвохуш, соьга ма хьежа.
Ахь бахарх, девзаш йац къинош,
Хьан дешнех со кхин ца теша.

Ца теша дог даго цIарах,
Ца теша хьан некъийн лорах
Ца теша гIоттучу маьлхах,
Ца теша хьо йолчу нахах.

* * *

Ахь хIун дина Делан новкъахь?
Некъ ца хоржуш, хьо ма воьду.
Амма, цIеххьаш стигал къовкъахь,
Хьан са кIожан пхонах доьду...

## Ахь ден цIа эрна ду

Ахь ден цIа эрна ду,
И хьешех дуьзна хир дацахь.
Хьан стоьмаш хьанна бу,
Адамашна лерина уьш бацахь?
Хьан хьекъал эрна ду,
Оьшучохь дан хьехар дацахь.
Лаьмнашкахь хьо сов ву,
Лам санна, хьо къонах вацахь.

Даш санна, базбаларх,
Бехк боцу когаш,
Букъ саттош, чекхдаларх
Декхарийн ан,
ХIетте а гIотту стаг майра,
Ца тиэкъаш,
Безаршка, дезаршка
Шен болар дан.

Йоьлучу йуьхь тIера
БIаьргаш а белхош,
Дешнашкахь лачкъийна
Даг чуьра хьу,
Хила ца йазйелла
Ойланаш кегош,
Кхолламна вилхинарг
ХIун къонах ву?

Ахь ден цIа эрна ду,
И хьешех дуьзна хир дацахь.
Хьан стоьмаш хьанна бу,

Адамашна лерина уьш бацахь.
Хьан хьекъал эрна ду,
Оьшучохь дан хьехар дацахь.
Лаьмнашкахь сов ву хьо,
Лам санна, хьо къонах вацахь.

## *ДИЙЦАРШ, ХИЛЛАРШ*

# Хаза дош

Нохчийн Iадаташа дихкина ду да-нана доьзалхочуьнга вуон дистхилар, бер кхеро гIертар, цунна тохар, и аьшнаш дар. Хьекъалечу дашца, дикачу масалца кхето деза бер. Цунна тоьшалла до «Хазчу дашо эчиг лалийна», – бохучу халкъан кицано.

Азман цIе йолуш, цхьа зуда йара тхан лулахь йехаш. Итт бер дара цуьнан, цхьаъ вукхул жима а долуш. Нехан бераш вовшехлеташ, харцхьалелаш, доьлхуш, эвхьаза, маьттаза довлучу хенахь, Азманан бераш, тап-олий, Iаш хуьлура. Нагахь кIантера йа йоIера, харцхьа а лелла, цадогIург даьлча, шен бер инзардоккхуш, гIовгIа оьккхуьйтура Азмана:

– Вий-й-й, хьо ма хаа шун дена. Вай-й, хьо ма да адаме! Вий-й-й шун, дена хаахь, орцахйала амал ма дац сан. Дела вала шуна орцах, – бохуш.

Азмана цкъа а ца тухура шен берашна, сардамаш ца духкура царна, кхиэл а ца кхайкхайора. Цуьнан багара цкъа ца долура вуон дош. Гуттар ша оьгIазйахча, баркалла ма хуьлда хьуна, олий, тIе пIелг хьажабора цо харцахьалеллачунна, дикачех «вуониг» къастош.

Малх гучубаьлча дIахIутту, бIогIаман IиндагI санна, наггахь гучу а волий, берийн самукъадаккха, хаза хабар дуьйций, тIап- олий, дIаворва Азманан майра, берийн да Махьма. И чIогIа тийна, цхьанна а новкъа воцуш, къинхетаме стаг вара.

Оьздачу дайх схьаваьлла ву, олура наха Махьмина. Цуьнан гIиллакхаш а дара оьзда. Берашна тохар хьов-

ха, цаьрга вуон дIа а ца хьожура иза. ХIетте, доьзало чIогIа лорура Махьма. Цуьнан сий деш, цунна товриг дан гIерташ, хьалакхиира доьзал. Йуьртахь массарна а безаш, баха а хевшира уьш.

Оцу дикаллин бахьана лаха воьлча, сан лерехь карладовлу Азманан чIире, оьгIазе доцу ховха, хаза аз:

– Вий-й-й, хьо дIа ма хаа шун дена. Дела волийла шуна орцах! Да оьгIазвахийта мегар ма дац...

## Жимачух хуьлу воккханиг

Воккхачо жиманиг ларар – уггаре мехала агIо йу нохчийн гIиллакхан. Бер дара альлла, кхиазхо дIататта ца магадо дайн Iадато. Воккхачун декхар лору – жимачун гIуллакхаш муха ду хьажар, цунна таро йолу гIо дар а.

БIаьсте йара йолуш. Дехачу Iай гIорош, дасталуш лаьттина татол сацкъарна дукъделлера. И цIандан дагахь, белкарахь кIетIа ваьлла лаьтташ вара Iаьрби. Мел лаххара а бIе шо хир дара цуьнан. Самукъане а, бераш дукхадезаш а вара иза. Берашна дала кечдина совгIат а хуьлура даима цуьнан киснахь. Ша цIандан волавеллачу татолаца хьалахьаьжча, цунна гира, Iам йа очакх ца хоьржуш, новкъа охьахьаьдда вогIу иттех шо хир долу кIант. Гуш дара иза оьгIазвахана хилар.

– ХIун дина цунна, мила ву цунна халахетийтинарг? – аьлла, мохь туьйхира Iаьрбис, кIант шега нислучу хенахь.

КIант, цIеххьана саца а сецна, бехкала вахана, воккхачу стаге а хьаьжна, вилхира. Цо дийцира, нанас ша кхо сом делла, бепиг эца вахийтарх. Туькана хьалха и бепиг къуьйсуш хIоьттинчу рогIехь, наха йукъа а Iаьвдина, кхуьнан ахча дайна хиллера.

– ХIинца суна нанас дов дийр ду, – аьлла, гIийла дIадерзийра кIанта шен къамел.

Шен бIаьргаш чу хьаьжнарг инзарвоккхур волуш, бала бара кIентан хьажарехь гуш.

– Лехирий ахь ахча? – хьаьттира Iаьрбис.

– Дера лехира. ХIинца цIа вахана, нене дов дайтина, ваша эцна, йуха а лаха гIур ву со. ЦIа а вогIур вац, и карадаллалц, – кхетийра кIанта.

– Ахьа дика лехна ца хилла хьуна ахча, хьажал мохо дадийна деана, кхузе суна йуххе охьакхоьссина ма хилла хIара, – аьлла, охьа а таьIна, лаьттара схьаоьцучух, кхо сом дIакховдийра Iаьрбис кIанте.

Кхо сом буйна а доьллина, воккхачу стеган гIода йукъах хьаьрчира кIант.

Иза чIогIа тешнера, Iаьрбис шега ахча карорах аьлларг бакъ хиларх.

Цаьршинна гергахь эсий дажош хиллачу суна дика гуш вара Iаьрбий, и кIанттий. Амма, нехан зIарех йиначу керта тIехьа хиларна, со ца гора цаьршинна. Суна хаьара, цу дийнахь мох ца баьллий, мох баьлча а, эвла йуккъехь йолчу туьканара дуьйна IаьрбигIеран кетIа мохо кхо сом дохьур доций а. Делахь а, жимачу кIентан цхьа а шеко йацара Iаьрбина шен ахча карийна хиларх. Цундела, корта охьатаIийна, цхьана хIуманан ойла йина, эххар а воккхаверца элира:

– Ваша, воккха хилча, со а хир ву, хьо санна...

– Со муха ву ткъа? – хаьттира кIанте, цуьнан догцIеналлина резахиллачу воккхачу стага.

– Дика къонах ву-кх! – элира кIанта, ца велха гIерташ, церга балда а лаьцна...

Цул тIаьхьа шовзткъе итт шо хан йаьлла а ца Iа. Амма наха «къонах» боху дош олуш хезча, тахана санна, суна дагадогIу кIанта дика къонах ву аьлла, Iаьрбин цIарах хазийна дешнаш.

Дера, иза дуьххьара а, я тIаьххьара а ма вацара Iаьрби дика къонах хилар чIагIдечу тхан йуьртарчу баккхийчу а, кегийчу а нахах.

## ГIиллакх

Цхьана дийнахь автобусахь гIала воьдуш вара со. Дукхахберш баккхий нах бара цу тIехь. Ишттачохь даима нислуш ма-хиллара, кегийрхошна лиэн буьйлабелира уьш.

– Таллархой санна, кIелховший, автобусан хьалхара меттигаш дIалаца гIерташ хуьлу кегийнаш, воккхажима лара а ца лору, – бохура цхьана йоккхачу стага. И хIума дукха халахетта, бIаьргех хиш девллера цунна:

– Дуьнен тIехь ша меттиг боцуш висарна кхеравелча санна, теттина со дIа а йахийтина, охьахиъна, бехачу новкъахь со ирахьлаттий-кх дIо араволучу жимчу стага. Эхь ду-кх сел ийман доцуш, бер кхиийначу денананна...

Йоккха стаг бакъ йара. ТаIIийна, шина лерга телефонаца эшар локхуьйту хIуманаш а йоьхкина, багахь Iуьйшуш сегIаз а долуш, муьлхачу къомах ву ца хаийта, вовшахтоьхна хетало цIармат духар а тIехь Iийна, дIавахна жима стаг вара йоккхачу стага вуьйцург. Цундела массеран тидам тIебахара, оццу социйлехь цхьатерра ши кIант хьалаваьлча.

БерхIиттара ваьлла хир вара и шиъ. ДегIана а, куьцана а цхьатерра хиларо тоьшалла дора ши кIант шала вина хиларх. Велавелла бен, вовшашка ца хьажаро а, баккхийчеран лерам беш, меллаша бен, вист ца хиларо а гойтура кIентий иймaнехь кхуьуш хилар. Автобус, охьахаа меттиг йоцуш, йоьттина хиларна, ирахь вогIуш вара и шиъ. Эххар цхьа меттиг мукъайаьлча,

царах цхьаъ охьахиира. ТІаккха, гонаха дІаса а хьаьжна, шен вешина охьахаа меттиг йоций хиъча, ша хьала а гІаьттина, ваша охьахаийтира хьалхарчо. Автобус тІехь берш цецбевлира кІанта динчух: хІун башха ду, шала бинчех муьлхарниг хиина Іийча а аьлла. И дан мукъана а, хІун дара-те аьлла, кІанте хатта дагахь, сакІамделла Іаш вара со а.

Цу хенахь соцу автобус. Охьавосса дІаволало ши кІант. Сайна гинарг хІун дара ца хоттуш, дІа-м ца вохуьйту хьуна ас шуьшиъ дагахь, царна тІаьхьавелира со а.

Университет йолчу агІор дІабуьйлабеллачу царна тІаьхьа а кхиъна, хаьттира аса, цхьаъ хьала а гІаьттина, важа охьа ма хаийтира аш аьлла. ХІун бахьана долуш дара иза?

ГІиллакх лелийначу кІанта элира:

– Тхойша шала вина велахь а, хІара ваша масех минот воккха ву сол. Цундела, дас-нанас тхайна ма-хьеххара, воккхачун сий деш, иза охьахаийтира аса мукъайаьллачу меттиге. Нагахь автобусахь ирахь лаьтташ цул воккханиг кхин хиллехь, и меттиг цунна а лур бара, – жоп делла, дІавоьдучу шен вешина тІаьхьакхиира кІант.

Шайн доьзалш иштта ийманехь кхиочу дена-нанна баркалла бохуш, вехха тІаьхьахьийжира со оьздачу шина кІантана. И тайпа нах вайна йукъахь мел бу, духур ду аьлла, ца хета нохчийн оьзда гІиллакх.

# ГIир

Цхьана дийнахь гIалара Ведана воьдуш вара со. Жима а, тиша а йара автобус. Дукха тиша хиларна, хала йогIура и, ша сахаьдда къано санна, массо очакх а дагардеш. Машенна хьалха Iа шопар а вацара къона-м...

Мел лаххара а, цхьа сахьт хан хир йара тхо гIалел арадевлла. Делахь а, ах некъ бан бен ца кхиънера тхо. УьнтIа-пхьид санна, текхаш йогIу автобус, сеттина ца йолуш, «кIур бан» дагадеъна, лергаш дистинера сан. Цундела Iара, цхьа хIума йайча санна, саготта, пIелгашна йукъахь цигаьрка а хьуьйш. И автобус йохйелла йа йоьхна, тхаьш цхьанхьа садаIа совцаре дог а дохура.

Сан этIачу дагна туьха туьйсура, хьалхарчу гIентахь Iаш волчу гIеметта хIоьттинчу шина стага хаддаза дечу къамелаша. Эххар ас догдиллира «кIур бан» аьтто хир бу бохучух. ТIаккха, гIентахь нис а велла, ши бIаьрг хьаббина, дIатийра, наб озийна а, цигаьрга йицйаларе сатесна. Мичара – наб. ХIинца суна оцу шина стага цигаьрка хьахош хезира. Дийца мукъа а хIун дуьйцу-те аьлла, цаваьлла ладогIар нисделира церан къамеле:

– Дера, сан ваша, Олбахьад а дIа ма ваха, – бохура хьалхарчо, – цуьнан тезетахь кхо де даьккхина вогIуш ву-кх со. И дика стаг хиларан тоьшалла ди дукха наха.

– Цигаьркано-м хьаха йуьйр йу нал а! – элира шолгIачо.

– Бакъ ду-кх и, – тIетайра хьалхарниг, – цигаьркано вий-кх Олбахьад а. ВаЛлахI Iаьзмора, цхьаъ чекхйолуш, цунах йуьсучу цIарца важа лата а йеш, ма уьйзура цо уьш, йукъахйитча, лийр волуш санна.

– Даима кІур латтара цунна тІехула, хаддаза гондІа кхелли йагош санна, – доккха садаьккхира шолгІачо.

– И дІавуллуш, кхин дешна стаг ца карийна, хьуьжаре лелла МуцІа валийнера. И мел Іеламстаг ву хьуна хаьа-кх. Цуьнца коша чохь ву со. Дакъа чукховдийначул тІаьхьа, къематде ду-кх оцу коша чохь хІоьттинарг.

– Ахьа баккъалла дуьйций?

– Далла духахьара ма хетийла, ВаЛлахІ Іаьзмора, корта Іункар болуш, барам тІера и чу шаршийча, цуьнан йуьхь-марш йолу агІо мажйеш, томмагІ ма делира марчо тІехь.

– АстопирлахІ, астопирлахІ! ГІир хир йу-кх и. Ма доккха хІума ду оццул вуон дІовш шен лаамехь даар!

– ГІир йу, хьо ваха! И бен кхин хІун хир йара и. Са ца даІалуш, хорам хилла, лара-кх со оцу кошахь! «ХІара ма къематде ду. Йуха лийчо веза-кх хІара, – аьлла, дІахьаьжира со МуцІе». Цо, шен бета тІе пІелг биллина, гІовгІа ма йе бохучу кепара дІасацийра! «Ой, вайшиммо иштта дІаволлахь, кхелли тІе дІакхоьссинчу йовсаран санна, ма нисло кхуьнан верзар!» – олу ас, МуцІин лере таьІий. «Бусалба динехь нийса ма дац хІара, иштта дІаволлар», – аьлла, хьаьвзира тхан шолгІа накъост а. Амма, МуцІас шабаршца дехар дина, дІасацийра тхойша, иштточохь Іеламнаха де бохург ша тІаьхьа дуьйцур ду шуна аьлла.

И стаг оцу хьожанехь дІа а воьллина, кешнашкара тхо цІехьа дирзича, охашиммо бехк баьккхира молле, и хІун дара ахь динарг, къен делла жІаьла санна, дІа ма верзийра ахь Олбахьад аьлла?

– Стохка луларчу йуьртахь цхьана тезета нисвеллера со, – элира МуцІас. – Цигахь изза хьал хІоьттинера наха коша кховдийначу докъаца. ТІаккха, хьала а ваь-

ккхина, цӀа вига амал ца хиларна, кешнийн кертахь йуха лийчийча а, дӀа ца сецира охьаоьху гӀир. Йуха цара и дакъа, Ӏункар дерзийна, ирахъоьллира. Сарралц кхаза а дина, хьаьвсича а, дӀакъастаза йара гӀир. Кхин дан амал ца хилла, массо метте бамбеш доьхкина, гӀир сацо бахьана а лелийна, доьллира дӀа.

Тезетан дай чӀогӀа оьгӀазбаханера моллина, шайн стаг дӀа ца вуллуш, нахала ваьккхина бохуш. Тахна а дерзаза ду царна йукъахьаьвзина цакхетар...

Хезначо цецваьккхина, со меттавале, дӀакхечира тхо Ведана. Машен тӀера охьавоьссинчул тӀаьхьа а, дикка лаьттира, оцу белхан ойла йеш. Эххар, сайн карахь цхьа хӀума хаайелла, цунна тӀе тидам бахара сан. И хиллера, ас карахь хьийна, бодйина цигаьрка.

Ши лерг дестар ма дийца, тӀера охьадожахь а, кхин ца оза нигат деш, карара цигаьрка кхоьссина дӀа а йахийтина, йоьхначу ойланца цӀехьа вахара со.

## Дешан мах

Талла ваханчохь, ларамаза топ а йаьлла, стаг вийна хилла цхьана мискано. Куьг бехкениг маьрша витахьара аьлла, йерриг йурт дехаре йахана кхелхинчун дена тIе. Вуьтур ву ша аьлла, дош делла, шена тIе валавайтина цо куьг бехкениг.

ЧIирхочун корта а, маж а йашар и витаран билгало ма йу вайн Iедалехь. Кхузахь куьг бехкечун корта ша бошур бу аьлла, шен мостагI шена хьалха охьа а хаавайтина, хаьн тIехь кхозу жима шаьлта йаьккхина, цIеххьана логах и шаьлта хьаькхна, вийна дас шен кIант вийнарг. Цецдаьлла адам меттадан кхиале, тоьпан тата даьлла йуххехь.

ЦIийша йуьзна шаьлта а буйнахь лаьтта охьавоьжна чIир йекхнарг.

Тоьпан биргIан чуьра туьйсуш кIур а болуш, бехкалвахана, йуьртахошна хьалха дIахIоьттина оцу стеган да. БIе шарера ваьлла къано хилла иза. Цо аьлла боху:

– Ца везаш ца вийна, йуьртахой, ас сайн кIант. Делла дош лардар массеран сийлахь декхар дуй хаийта вийна. И витийта даьхкинчохь, шайн стаг вийна долхахь а, тхуна «йамарт нах» боху цIе йитина гIойла-х даций шун...

## Куй

Нохчий Сибрех бахийтинчу хьалхарчу деношкахь хилла хIара. Беркъа духар дуьйхина, эгIаза воккхастаг хилла цхьана жимачу гIалин аьчканекъан вокзалехь хиъна Iаш. Цуьнан чуэгначу бIаьргашка, гIовтална кIелара тIейевллачу даьIашка хьаьжча, гуш хилла и стаг шен дегI ца лацалуш, гIора эшна, хала Iаш хилар. Арадохучу хенахь салташа тайп-тайпана шалонаш тIе а ховшийна, вовшахдахарна, иза шен доьзалх хаьдда хилла. Масех де а хилла, нахартех цIанвелла волу воккхастаг, цхьа тайпа рицкъа кийра дахаза Iаш волу.

Къорза халаташ йуьйхина болчу казахашна йукъахь бIаьрла къаьстара, боху, и воккхастаг. Цуьнан шен бахьана а хилла: тоьллачу холхазах бина, лекха, товш нохчийн куй хилла цуьнан коьртахь. Кхуьнан гIаддайний хууш, йохка-эцаран базарш лелош болу цхьа бораха нах хилла цунна гонах хьийзаш, оцу куйнна кIелхевшина. Мосуьйттаза, хьо мац а велла, гIел а велла, ша пхи булка бепиг ло хьуна, бохка шена и куй аьлла, тIевеана хилла кхунна цхьа мекара казах.

Амма воккхачу стага цо дуьйцург аьттехьа а ца дитина. И, гIийла лаьттан бIаьра а хьоьжуш, шен жималла дага лоьцуш, Iаш хилла.

«Ма доккха хIума ду, куй бохка бохург! ХIокху нахана хаа а хаьий-те нохчочунна куй бохучу дешан маьIна мел сийлахь ду?! Хастам бу-кх хьуна, Везан Дела, хьанна моьттура, куй бухкучу хьола тIе вер ву», – бохуш, шашега къамел деш, резавоцуш корта лестош, вехха Iийна воккха стаг.

Де суьйренгахьа лестина. Ца карочу доьзалера хаам хир бац-те аьлла, вокзале веана Iа иза, куьг таIо тIаьхьа ца виса, комендантана тIеваха дагахь, хьалагIаьттина. Амма, мацалло ницкъ эшийна, ши ког хадийча санна, йуха гIента охьавоьжна.

ХIара дIасатохалучу йукъана, коьртара баьлла, дIакерчина бахана, нехан когаш кIел сецна куй. Шегарчу мацаллел а чIогIа, и хIума дазделла, иштта а доьзална гатло са хадош, махках ваккхарна базбеллачу балоно хорам бина, дIакхелхина миска.

И хIума тергалдеш, йуьстах Iийначу воккхачу казахо, тIевахана, нехан когаш кIелара схьа а эцна, шен пхьаьрсах тоьхна, ченах цIан а бина, кхелхинчун коьрта дIатиллина холхазан куй. Цунах куьг Iоттахь мегар дац бохуцу кепара, жимма хьалха и куй эца гIиртинчаьрга пIелг а ластийна.

Кхин вала да ца хилла, шаьш и нохчо дIавуллуш, цуьнан сий дойъуьйтур дац аьлла, холхазан куй коьртахь битийти, бохура, къеначу казахо.

## ДоIа

Нохчий Сибрех бахийтинчу хенахь, ламаз деш воллчу цхьана воккхачу стагана тIехIоьттина, меттигерчу казахо хьаьттина хилла:

– Ата (воккхастаг), хIун доьхуш ву хьо Деле? – аьлла.

– Ког хецна, паргIат наб йар ло Ахьа суна бохуш, доIа деш вара со-м, – жоп делла воккхачу стага.

– Ой! – цецваьлла тIехIоьттинарг. – Меца ву хьо – напха деха, цомгаш ву хьо – могашалла йеха, къен ву хьо – бахам беха! ХIун дан воллу хьо оцу паргIатонах? Наб йеш Iан йиш йу хьан?

– Ког хецна, паргIат наб кхеташ волу стаг меца а, цомгуш а, къен а хир вац, хьуна, – жоп делла ламаз деш воллучу къаночо. – И тайпа наб нохчичунна ша схьаваьллачу махкахь бен кхетар йац! Цундела Деле Даймохк йухабоьхуш вара со, сан ваша.

## Цхьана хаттарна ши жоп

Моллина тIе а веана, цхьана стага хьаьттина хилла:

– Бехкбоцу стаг а вийна, тIаьхьа дохковаьлча, Дала гечдийр дуй суна?

Леррина веанчун бIаьргаш чу а хьаьжна, жоп делла Iеламстага:

– Дийр ду, баккъалла а хьан даг чохь дохковалар делахь.

Цул тIаьхьа дукха хан йалале, кхин стаг веана моллина тIе, изза хаттар дохьуш:

– Адам ден а дийна, шегара даьллачунна, Деле гечде аьлла, цо дехча, Цо цунна гечдийр дуй? – хьаьттина цо.

– Дера, дийр дац, хьо мел чIогIа дохковаларх-м. Айхьа кхоьллина доцу са ден бакъо ца ло Дала, – жоп делла цунна моллас.

И стаг дIавахча, цуьнан ший а жоп хезначу наха, цецбевлла, хьаьттина:

– Цхьаьнга, стаг вийча, гечдийр ду, эли ахьа, ва молла. Вукхуьнга – гечдийр дац эли. Цхьана хаттарна шина кепара жоп деллачу хьуна гечдийр дуй АллахI-Дала?

– Сих ма лол шу, ас лелочух шекдовла! – велавелла молла. – Хьалха веанчун карах ца хууш стаг веллера масех шо хьалха. Цунна даггара дохковаьлла, шегара даьллачунна вогуш, Делера гечдар хиларе сатесна, веанера иза суна тIе. И гуш дара цуьнан бехкалбаханчу бIаьргашкахь. ШолгIаниг, цхьаьнца дов даьлла, и вен дагахь веънера, соьгара шена бакъо йаккха. ОьгIазбаханчу бIаьргаш чохь гуш дара суна цуьнан дагахь дерг. Цунде-

ла, хаттарш цхьаъ хеталахь а, шен-шен башхалла йолуш дара церан маьІнаш. Далла хьалха хотІе ца хила, сайн кхетамехь, хІоранна а шен-шен хаттарна догІучу кепара нийса жоп дала гІоьртира. Нийса дерг АллахІана дика хуур ду.

## Лачкъаза дисина шайтIа

*(йаздархочун блокнот тIера йозанаш)*

Кхин эвхьаза хуьлийла дуй-те аьлла хоьтуйтуш, телхаш лаьтта тахана нохчийн кегийрхойн вовшашка бистхилар. ДIахIуьттий, миччанхьа а хатI доццург олу. ГIуллакх мел доцучохь лаьтта. Вовшех хьакхабаларх а ца ларло. И дерриге царна марздеш, хууш доцу вуониг Iамош, ийман доцу хьехархо хилла, дIахIоьттина телефон. Инзаре хIума ду цу чохь кегало маьттаза суьрташ, йозанаш, эшарш.

Кегийрхойн кхетам талхорехь, царна хьашт мел доцург марздарехь телефонашкахь йолу таронаш баккхийчарна хIинца а йовза ца кхиъна. ЙоI йа кIант, бен дац, сан хаддазчу тергамна кIел а ду, ас цуьнан дола а до, олийла дац цхьана а ненан, цо и шиъ тIехула догIа тоьхна чудоьллинехь а, нагахь цаьргахь телефонаш йелахь. Интернет чу а бовлий, шайл хьерабевллачийн тобанах кхетий, Iовдал лела уьш!

Хьалха шайтIа гуш, адамашна йукъахь лелаш хилла олу. ХIинца къайладевлла уьш. Делахь хIета, и телефон лачкъаза дисина шайтIа ду-кх. Исламан лоьралла дечу Центран керта хьовсал. Адамийн йоккха рагI лаьтта даима цигарчу лоьрашна тIе. Цига бало кегийрхой иэсехь галбахарехь телефоно ловзош йерг тIаьхьара роль йац, шуна.

Оьздангаллин мехаллаш шегахь чIагIйала ца кхиъна кхетам галбоккху даим лергахь йохкучу наушникаш чухула охьаIетточу маьттазчу эшарша а. Муьлхха а кхе-

чу къаьмнийн эвхьазчу эшарел оьшуш йу, шуна, вайн маттахь йека хьекъалдоцчу наха кхоьллина, хьекъал доцу цхьайолу эшарш а. «Ва, Зарема!», «Ва, Луиза!», «Бертахь йа бертаза хьо сайна йуьгур йу», «Йадаехьа со, нохчийн кIант»...

Бакъду, массо йоI-кIант дац телефоно Iехадал Iовдал а, йа галдаьлла а. Делан ийманах а, гIиллакх-оьздангаллех а буьзна бу тахана а дукхахболу нохчийн кегийрхой. И ду эр дара масех тIамах даьлла вайн къам хIинца дийна хиларан бахьана. Дала сий дойла церан!

## Экъанна тIера зилаш

Хила а хиллий-те хьалха заманахь нохчийн йоза? Цхьаболчу Iилманчаша и хилла хилар аьттехьа а ца дуьту, кхиберш тешна бу, нохчийн хьалхалера элпаш дуьненахь уггаре ширачу йозанел шира ду аьлла. Советан Iедалан уггаре вон гIиллакх дара сих-сиха кегийчу къаьмнашна тIехтохамаш бар. Нохчашна даим дуьхьалдетташ дара, ширачу Iадатийн боданера сирлачу токхечу дахаре даьхна шу Iедало бохуш. Ишттачохь даим хьахош дара, шун цкъа ца хилла йоза-дешар делла шуна советан Iедало олий. Амма дIадаханчу ширачу дахаран агIонаш талла воьлча, хетало, эзар шо хьалха а нохчийн йоза дуьненахь хилла аьлла.

Цунна дуккха а тоьшаллаш ду. Уггаре коьрта тоьшалла ду, тIулг а хилла, вайн маттахь дисна долу дешнаш. Масала, зайл-йоза, зайл-экъа бохург ду. Хоттах йинчу экъанна тIехь ирйинчу гIожца йозанаш деш хилла хьалхалерчу заманахь финикьхоша. Цул тIаьхьа, и экъа цIергахь йагайой, чIагIйеш хилла. Археологийн ахкарш деш, бIеннаш и тайпа йозанаш тIехь долу кхийра экъанаш карийна Iилманчашна Ширачу Мисаран декъа тIехь. Нохчийн маттахь «зайл-йоза» боху кхетам хиларо тоьшалла до, вайн дайша шайн дахарера уггаре маьIне болу, чулацаме хиламаш хотта тIе дIайазбеш хилла хиларна. «Кехат» боху дош кхин цхьа тоьшалла ду цунна. Оцу дешан этимологин таллам бича, гучудолу и дош шина орамах кхолладелла хилар. Царех цхьаъ «ка» ду, шолгIаниг «хатт» ду. «Карара хатт» – аьлла, даккха-

ло «кехат» боху дош хIинцалерчу нохчийн матте. Зайлйоза даьккхина болчу финикьхойн абатера ткъе шина элпах нийсса ах элпаш нохчийн маттахь маьIна далуш, кхетош ду.

Ша «элп» боху дош нохчаша Iаьрбашкара схьаэцна доцуш, финикьхошкара тIеэцна хила тарло. ХIунда аьлча церан абатан хьалхарчу элпан цIе «алеф» хилла дела. «Сту» аьлла, даккхало и хIинцалерчу нохчийн матте, йа цуьнан алар гергара ду «хьелий» бохучу нохчийн дашна.

Бакъду, зайл-йозанан экъанаш Нохчийчохь хIинца а карийна йац. Амма дукха барамехь нохчийн лаьмнашкахь карош йу петроглифаш. Оцу дешан маьIна – чхаранна тIехь чхо йаккхар ду йа, хIинцалерачу маттаца аьлча, тIулга тIехь дина йоза. И йозанаш ган тарло Органан Iин чухула шина а агIор басошкахь Iохкучу ширачу хIусамийн тIулгаш тIехь. Эзар исс бIе шовзткъе доьалгIачу шарахь, нохчий махкара арабахале, Органан цхьана чIожахь Iилманчаша билгалйаьккхинера кхо бIе сов бIов.

Хьалха дIадаханчу дахаран куьзга хилла йолу и гIишлош тахана тIамо йохош йу. Органан чIожахь хиллачу бIаьвнех йиснарг карарчу хенахь шовзткъе итт гIишло а хир йац. БIаьвнашцца цхьаьна хIаллакьхуьлуш ду нохчийн халкъан историн тоьшаллаш а...

Тамашийна йу Муцарой, Хой, Макажой цIерш йолчу нохчийн ламанан йарташкарчу гIишлош тIехь карош йолу хьаьркаш. Цара дагадоуьйту арамхойн, джелтойн, финикьхойн йозанаш.

ГIараваьллачу Кавказан истории таллархочо Марковина тоьшалла дарехь, ломан Нохчийчохь а, ГIалгIайчохь а долчу чхарашна тIехь дуккха а ду адамийн,

акхаройн суьрташ. Уьш, дIадаккха хIума доцуш, чIогIа тера ду Месопотамин а, Ширачу Мисаран а культурех йисинчу хьаьркех. Оцу хьаьркех нохчаша "къевлина йоза" олуш хилла. Дан а ду и йоза цахуучунна къевлина. Амма дукха хан йац и йоза деша хууш болу нах дIабевлла.

Доккха маьIна долуш йу, ЦIой-Пхьедарчу цхьана бIаьвна тIехь Iилмачашна карийна хьаьркаш. Цара билгалйоккхуш йерг нохчийн шира календарь йу. Суьрта тIехь гойтуш бу шийта бутт. Хьаьркаша шакъастийна ду Iай, бIаьстей, аьхкей, гуьйрей. Билгалйаькkхина йу йокъа хIутту хан, шатайпа хьаьркаца билгалдаькkхина хи. Кхечу тIулгаш тIехь йеххина йу иштта маIаш, беттан суьрташ.

Оцу суьртийн мукъамаш Ширачу Месопатамин а, Мисран а йозанах йисинчу хьаьркех тера хиларо тешалла до хьалхалера нохчий оцу ширачу халкъашца гергало долуш хилар.

Нохчийн таханлерачу дийне схьадеъна Iедал ду веллачу стеган чурта тIе, цуьнан похIма гойтуш, сурт диллар: тIемлочунна – топ йа шаьлта йуьллу, пондарчина – пондар буьллу, Iеламстагана – суьлхьанаш дохку... Ширачу Мисрахь а хилла пирIунийн кешнаш иштта кечдеш, веллачо дуьнен чохь волуш дина сийлахь гIуллакх дуьйцуш.

Тахана а Шемахь ширачу цивилизацех дисинчу херцаршкахь хаало нохчийн архитектурин васташ. Уьш хурриташ баьхна меттигаш йу. Цхьаннен а шеко ца кхуллу ширачу вайнаханий, хурриташний йукъахь гергарло хилла хиларо. Ткъа хурриташ дуьнен тIе дуьххьарлера алфавит йаьккхина халкъ ду. Цуьнан бух тIехь кхоьллина хилла Кавказерчу Албанин алфавит а.

Шовзткъе шийтта хьаьрк йолуш, исс мукъа аз долуш, вуно чолхечу меттан абат хилла и. Кавказерчу Албанин пачхьалкхана йукъабогIуш хилла вайнах а.

Тахана а Iилманчашна къайле хилла лаьтташ бу албанхойн мотт.

Нохчийн дешнийн гIоьнца албанхойх дисна шира йозанаш даста гIертар тахана а дIахьош ду. Iилманчаш тешна бу албанхойн алфавитах нохчаша жигара пайдаэцна хиларх. Цунна тешалла до ширачу бIаьвнийн пенаш тIехь карочу йозанаша.

Албанхойн йоза даьккхинарг эрмало Месроп ву. Хоренийн Моисейс шен "Эрмалойчоьнан истори тIехь" ма дийццара, Месропа нохчашна а йаьккхина хилла абат.

Ширачу вайнехан дуьнен тIехь уггаре сийлахьчу цивилизацица гIуллакхаллин, оьздангаллин йукъаметтигаш хилла хиларан тешалла йуха а лаьмнашкарчу бIаьвнийн пенаш тIехь го. Хаа луучунна дуккха а хIума Iемар ду цIенна тIера цIенна тIе, тIулга тIера тIулга тIе а оьхуш, дIадаханчун къайле теллича. Хьалха заманахь вайнехан йоза ца хилла бохучарна йуха а карладаккха лаьа «кехат» боху нохчийн дош.

Башха воккха Iилманча хила ца оьшу оцу дешан маьIна йозанан кхийра экъанашца доьзна хилар хаа.

Цхьана а къоман хир дац аьлла, хета, нохчийн къоман санна, йоза хилла хиларан оццул къегина тоьшаллаш.

## Кавкасан тIаьхье

Нохчийн, гуьржийн халкъийн гергарло тахана кхолладелла дац. Оцу доттагIаллин орамаш генна хьалхалерчу заманан кIоргене дIадоьлху. Ширачу тептарш тIехь дуккха тешаллаш ду Гуьржийн пачхьалкх кхолларехь, кхиорехь нохчаша жигара дакъалаьцна хилар тIечIагIдеш. Амма цунах лаьцна уггаре къегина масалш нохчийн турпалаллин иллешкахь карадо.

"Картлис Цховреба" цIе йолчу гуьржийн ширачу тептар тIехь билгалдаьккхина ду, гуьржийн, нохчийн къаьмнаш цхьана вежарийн тIаьхьенех схьадевлла ду аьлла. Нохьа-Пайхамарх схьабевлла лору цу тIехь гуьржий, нохчий. Нохьех схьаваьлла Яфе, Яфетах– Таршис, Таршисах – Таргамос, Таргамосах – Кавкас, Кавкасах – Дзурдзук. Цуьнан тIаьхьенех лоруш бу нохчий.

Ши эзар ах эзар шо хьалха Гуьржийчохь олалла деш хиллачу Парнаваз-паччахьан зуда нохчи хилла. Шайн пачхьалкхана арахьарчу мостагIаша кхерам мосазза тосу, нохчашка гIо доьхуш хилла гуьржийн паччахьаша. Тахана Iилманчийн шеко йац Гуьржийчохь бехаш болу бацой, кистой ца бийцича а, ломара хевсураш нохчех схьабевлла хиларх. Карарчу хенахь а лелош долу и гергарло, кхо-диъ бIе шо хьалха кхин а уллера лоруш хилла. Ларамаза дац Кунта-Хьаьжас нохчашка, гуьржашца долу гергарло дIа ма тасалаш аьлла, весет дина хилар а. Церан гIо-орца оьшуш цхьа зама йогIур йу вайнахана, аьлла хилла цо.

Лаххара кхо бIе шо хьалха даьккхинчу нохчийн турпалаллин илли тIехь дуьйцуш ду жерочун кIентан,

гуьржийн кIентан доттагIаллех лаьцна. Жерочун кIант, га доцу сара санна, цхьалха ву. Цуьнан верасаш хилла, дIахIитта баккхий нах бац, оьшучохь гIодаккха вежарий бац. Иштаниг сацо, човхо атта ду. Цхьалхачо дуьйцург, лелориг дош ца хета. Къонахашна йукъахь цуьнан рагI, массо аьлла ваьлча бен, йац. Цундела цхьалхачун бIаьрг сирла, лерг сема хила деза, цуьнан тешаме доттагI хила веза.

*"Йочанан мохо идо дарц ва санна,*
*Расхачу ва дино ша чехка идавеш,*
*Хийистехь лаьттачу йуьртарчу пхьоьханна,*
*Веъна тIе ма хIоьтира и Юьспан ва Тойсам:*
*– Ассалам Iалайкум, хIай йуьртан кура кIентий,*
*Суьйре дика йойла шун кхоьллинчу вайн Дала!*
*Дакъаза ма вала, жерочун жима кIант,*
*Га доцу ва сара хадо атта бу, хьуна,*
*ТIам бойна ва леча куьйрано хьийзадо.*
*Сан кIезиг гIуллакх ду йуьртарчу кIенташца,*
*Хьо йуьстах валахьа, жерочун жима кIант.*
*– Iалейкум ва салам, хIай Юьспан ва Тойсам.*
*Хьо марша вогIийла, хьо Далла воьзийла.*
*Га доцу сара хадо атта хир ма бу,*
*ТIам бойна леча куьйрано хьийзор ду.*
*ПаргIато йу, хьуна, со новкъа ца гIерташ,*
*Хьайн долу ва гIуллакх ахь дийца мегар ду, –*
*Олуш, цIехьа ма вахара жерочун жима кIант".*

Ша цхьалха ву аьлла, йуьртарчу кIентех дIакъастор новкъа догIу жерочун кIантана. Шен халахетар нене дуьйцу цо, шен и дийца ваша, шича воцу дела.

*«– ЦIарна цIе йахна ву цхьа гуьржийн дика кIант.*
*И бIаьрга ва ганза, доттагIа лацанза,*
*Кху цIехьа ца верза, йар дуьне ца даа,*
*Делах дуй биъна ас, сайн дагца чIагIбеш.*
*Со хоттуш стаг хилахь, алалахь ахь цуьнга*
*Сарахь цIа вогIур ву, Iуьйранна со хаттахь.*
*Iуьйранна цIа вогIур ву, сарахь со хаттахь», –*
*Олий, дуьне дуьтуш, дIабузу дашо малх санна,*
*Йуьртах волу жерочун жима кIант.*

ЦIарна цIе йаххана шортта нохчийн кIентий боллушехь, цо доттагI гуьржашна йукъахь лоху. Гуьржийн кIант вехачу йуьрта а воьдий, хилла хIумма а доццушехь, орца доккху цо, буьйсанна йуккъехь аравер варий-те и гIо оьшучунна накъосталла дан, олий:

*«– Ассалам Iалайкум! Iаьржачу буьйсанна*
*Хьалха лаьллина рема йоцуш,*
*ТIаьхьадаьлла орца доцуш,*
*Хууш хилла хIумма доцуш,*
*Орца доьхург мила ву-те?*
*– Iалайкум ва салам, хIай гуьржийн дика кIант!*
*Хьалха лаьллина рема йоцуш,*
*ТIаьхьадаьлла орца доцуш,*
*Схьагуш хилла хIума доцуш,*
*Орца доьхуш со ву, хьуна», –*
олий, ша арабаьккхина некъ бовзуьйту нохчийн кIанта.

ГIаддайна, де доьхна гIо оьшуш волчу стагана гуьржийн кIант накъост хилла, дIахIотта кийча хиларх теша жерочун кIант. РогIера вовшийн тешаме хилар зуьйш,

илли тIехь хIоттийна сурт дукха хан йоцуш нохчашна тIехула Гуьржичоьнний, Оьрсийнчоьнний йукъахь иккхинчу дар-дацарх чIогIа тера ду. Нохчийн кIант, схьалоций, дIавоьхкий, паччахьан инарлина тIевоьдий, гуьржичо боху:

*«– ГIалин йисте ва бовла эпсарш ца буьтуш,*
*Майдана бийла элийн стунаш ца буьтуш.*
*Адаман цIий муьйлу хин цIубдар санна,*
*Хьолахойн цIий муьйлу жерочун жима кIант*
*Вихкина ву, хьуна, вехачу хIусамехь,*
*Схьавало ло суна тоьллачех ворхI эпсар,*
*Кхоана ло суна эпсарийн ва хорма».*

Хазахеттачу инарлас кхочушдо шена хьалха мел диллинарг, лаьцна волу нохчи шега схьавелчхьана. Амма цIеххьана гуьржичо боху:

*«– Схьахьажал, цхьанделхьа, сан Iаьржа бIаьргашка,*
*Со хетий хьуна доттагI вухку кIант?*
*Схьахьажал, цхьанделхьа, сан шуьйрачу белшашка,*
*Сайн хьаша воьхкина, тешнабехк ва бина,*
*Эпсарийн куй туьллу кIант хетий хьуна со?»*

Илли тIехь дуккха а хала киртигаш хIуьтту доттагIашна тIе. Амма оцу массо халонех стогаллица, доьналлица чекхбовлу турпалхой. Илли тIехь йалош йу оьздачу стеган хила йезаш йолу амалш.

*«Ницкъ хиларх, хуьлуш вац йахь йолу дика кIант.*
*ХIилланах хуьлуш вац тешаме дика кIант.*
*Тешамо, гIиллакхо, собаро веш ву-кха.*

*Оьздалло, хьекъало,стогалло веш ву-кха*
*ГIиллакхах вуьззина йахь йолу дика кIант».*

Тешаме доттагIалла тасало шина кIантана йукъахь. Илли тIехь гуьржийн, нохчийн кIентийн васташкахь гайтинарш гуьржийн, нохчийн къаьмнаш ду. Царна йукъахь гергарло, доттагIалла чIагIдаларе сатуьйсу илланчас. Нохчийчуьра Гуьржийчу боьду некъ биллина баьлча, инзаре къиза тIом оьккхур бу. Оцу некъо хийла бусалба стаг Iазапах кIелхьарвоккхур ву. Оцу некъа тIехь нисвелларг декъалхир ву аьлла, дешнаш ду Хошкелдарчу Юсуп-Хьаьжин. Тахана, вай теш долуш, кхочушхуьлуш ду цу эвлайаан и шайхалла.

*«Ма лойла вай, кIентий, вовшех тешам байна.*
*Ма лойла вай, кIентий, вовшех безам байна», –*
аьлла, чекхдолуш ду халкъо даьккхина и башха илли...

## Дог майра ЧIега

Нохчийн дуккха ширачу иллин турпалхо ву Дог Майра ЧIега. Кхаа дашах лаьтташ йу цуьнан цIе. Цхьана дашца аьлча, мила вуьйцу хуур дацара. Цундела и кхо дош, цхьа дош санна, олуш ду. ЧIега бохург цхаболчарна хIун ду ца хаьа хир ду. И неI, ков, гIап къовлуш буллу зайл бу. Арахьара чубогIучу баланах, гIайгIанах, мостагIех цIа лардийриг бохучу маьIнехь туьллуш хилла и цIе берана. Нохчийн латталардархочун санна гойту иллеш тIехь халкъо ЧIегин турпала васт.

Тамашийна йу наьрт-аьрстахойх лаьцначу дийцарашна тIерачу турпалхойн цIерш а. ГIажакъ, Новруз, Боткъин Ширткъа, Села-Сата, Белши, Бирдолаг...

ГIожакъ – гIаж бохучу дашах схьадаьлла ду аьлла, хета. ГIожан кIант ду цуьнан маьIна, Новруз туркойн къаьмнийн керлачу шеран дезчу дийнан цIе йу. И тайпа тIеэцна дешнаш барта дийцаршкахь нисдаларо гойту нохчийн, туркойн йукъаметтигийн вуно дукха хан хилар.

Ширткъа, хица йехаш йолу боьлкъазар санна, жима дийнат ду. Села-Сата – олхазаран цIе йу, «иволга» оьрсийн маттахь аьлча. Белши – белш бохучу дашах схьйаьлла йу аьлла, хета. И зуда нуьцкъала хилар тIечIагIдеш тиллина йу и цIе.

ДегIан меженех, хотIах, куц-кепах схьайаьлла хуьлу цхьайолу цIерш: Лекха, Воккха, Жимниг, Хаза, Гома.

ХIун орам болуш йу Дарсаг, Малсаг боху тамашийна цIерш? Тахна а кIезиг ма йац вайна йукъахь Дарси-

гов, Мальсагов бохучу цIерех схьайевлла фамилеш. Уьш дорцан стаг, маьлхан стаг бохучу дешнех кхоллайелла йу. Бусалба дин тIедале Мохана, Дорцана, Хинна, Стигална корта бетташ хилла ломара нах. Цу хенахь дуьйна йисина йу Iаламца, хенан хIоттаман билгалонашца йоьзна йолу цIерш. Масала: Дарца-Дорцу-Дарсаг, Хаьштиг, БIаьсте, Марха, Малсаг, Маьлхи.

Вуно ширчу цIерех йу зударийн Ану боху цIе. БIаьрго ма-лоццу генахь латтий, стигаллий вовшахъуьйчу сизах олу ане. Дукха цIерш йу нохчийн маттахь туркойн къаьмнашкара тIеэцна. Уьш къасто хала дац. Оцу цIерийн чаккхенгахь дукха хьолахь бек, хан, бика, сари, гира, жан хуьлу. Масала: Хьайдарбек – хьалха воьдург ву, Гирихан – эла бохург ду, Айбика, Аьлбика – буттйоI бохург ду, Хазбика, Товсари – нохчийн, туркойн дешнех кхоьллина цIерш ю. Хаза йоI, Товш йоI бохучу маьIнехь. Иштта кхоллайелла йу Куржан, Маржан, Нуржан. Хаьнгира – эла бохург ду.

Йоккха меттиг дIалоцу нохчийн цIерш йукъахь Iаьрбийн маттара тIеэцначара а. Уьш дукха хьолахь бусалба динца тIеэцна йу. Царна йукъахь уггаре йеза, сийлахь лоруш йерш Делан цIерш йу. Цул тIахьа пайхамарийн, эвлаяийн, шайхийн цIерш йогIу. Масала: Дауд, Абубакар, Ильяс, Салман, Яхья, ИбраьхIим, Якъуб, Мохьмад. Эвлайааш: Докка, Кана, Кишин Хьаьжа, Дени. Шайхаш: Мансур, Шемал, ГIеза-Махьма, Нажмудди. И тайпа цIерш вайн доьзалехь баккхийчара тохкуш йу.

Кегийчарна башха кхеташ йоцу и цIерш, Iеламнаха, цхьаъ тиллина ца йуьтуш, цкъацкъа шиъ туьллу. Нагахь цхьана кIантана Сайд-Ахьмад тиллинехь, шолгIачунна Сайд-Мохьмад, кхозлагIчунна Сайд-Iаьрби олий, дIайоьлху уьш. Баккхийчара, ши цIе йерг ши стаг вех-

хачул дукха веха олий, тохкуш йу шалха цIерш. Дукха хьолахь тIекIел цIерш Iаьрбан дешнех кхуллуш хуьлу: Iела-Хьаьжа, Мохьмад-Салахь, Абу-Бакар...

Iаьрбийн цIерийн чаккхенгахь цкъацкъа дин боху дош хуьлу. Иштта къасталур йу уьш кхечарах. Шамсудди, Аслудди, Бадрудди, Баудди, Насрудди – дин хесторан маьIна ду оцу цIерийн.

Кегирхойн цхьаццайолу цIерш хаза ца йека олий, шайн хотIе йало гIерта вайн заманахь. Элаха бохург цара, Алихан олий, йоккху, ПетIамат – Фатима, Медни – Мадина, Хадишт – Хадижа.

Тамашийна ду Руслан бохучу цIаран схьайалар а. Нохчийн, оьрсийн, кхечу къаьмнийн чIогIа йаьржина йу и цIе, къаьсттина кегийрхошна йукъахь. Нохчаша и цIе дукха хан йоццуш оьрсашкара тIеэцна хилар гойту, Руслан цIе йолуш бакхий нах вайна йукъахь цахиларо. Туркойн маттера Арслан – лом бохучух кхолладелла оьрсийн, нохчийн и Руслан бохург.

Цец ма довла, нагахь шайна Шиахьмад, йа ЭзарIела аьлла, цIерш хазахь. Нохчийн а, кхечу къаьмнийн санна, шайн гIиллакх ду терахьдешнех цIерш кхуллуш. ЛадогIахь, кхин а тамашийна йерш а хезар йу шуна. Масала: ШипIелг, Иссхьаьжа, Шиа, Эзарпаша...

## ХIун йу хьан цIе?

Адамийн цIерш, адамаш санна, къона а, къена а, хаза а, ирча а, кхета атта а, кхетар воцуш а хуьлу. Сел тайп-тайпана уьш тахкаран а шен-шен бахьана хуьлу. ЦIершна чохь а, адамашкахь санна, хьулйина къайленаш йу.

Цхьайолу цIерш сийлахь, йеза хуьлу, вуьш, лело а там боцуш, ирча хуьлу. Амма уьш массо, сий деш, дукха лерина лело йеза. Бехделла хIайкал хино цIандо. Бехйелла цIе нехан даг чуьра йужу. И цIанйан гIирс дуьненахь а карор бац.

Адамна туьллуш йолу цIе а, кхерчахь йогуш йолу цIе а, цIен бос, адаман цIийн гергара дешнаш ду. Церан могIарера ду чохь Iен цIа боху дош а. Уьш массо а адам схьадаларх, цуьнан орамах, цуьнан хIух, цIарах хьакхалуш ду. Цундела берана туьллуш йолу цIе даима жоьпаллица хаьржина хилла. Йа хIоранна а шен берехь гIиллакх-гIуллакх, оьздангалла, майралла, доьналла ган лиъна.

Акхаройн амалш тергалйеш, церан ницкъ, майралла гуш, уьш санна, маьрша хила лаарна техкина хIара цIерш: Лоьма, Леча, Ченлерг, Аьрзу, Олхазар, Куьйра, Ча-Борз. И цIерш уггаре ширачех лоруш йу. Дуьненан поэзин лакхенашца дуста мега нохчийн иллешкахь говза гайтина акхаройн васташ.

Царна йукъахь боккхачу безамца, исбаьхьаллица гайтинарг берзан сурт ду. Иза гойту дорцана дуьхьал йоьдуш, цхьалха баттана угIуш, децашна тебаш. Бок-

кхачу тидамца, дуккха а тергалйина хилла и вайнаха. Цундела барзах схьайевлла дукха цIерш йу нохчийн.

Хьалха заманчохь хаддаза тIелетачу мостагIех данана лардан, йуьртана, махкана орцахбовла тIемалой оьшуш хилла. Цундела хоржуш хилла берашна Сурхо – тIемало, Баьчча – бIона хьалхаваьлларг, Бере – говрахь леларг, Пхьарчхо – чIутухург, Турсхо – гIарол деш верг боху цIерш.

Ницкъ берг массо хенахь лоруш хилла ломахь, цуьнан сий деш хилла. Тахана а ондачух бIотIа олу вай. ХIинцалерчу матте даькххича, дийнна бIонехь, бIе стагехь болу ницкъ болу куьг бохург ду иза. И цIе, хаза ца йека аьлла, вайн заманахь ца туьллу. Бехк боцуш йицйеш йу Нала боху цIе а. Нал санна, онда ву аьлча, дозалла до вай, амма и цIе тилла ца лаьа. Бусалба дин тIедале уггаре тоьлла цIе лоруш хилла Нала. Изза маьIна долуш техкина берашна БугIа, Була (зубр) боху цIерш а.

ЙоIехь ницкъ ца лоьху, цуьнгахь хазалла товш йу. Цундела мехкарий баттах, маьлхах тарбо. Маьлх-Аьзни, Малх-Седа, Беттан Буьхьиг, Маьлхаш, Седа, Нур-Седа боху цIерш тахана а дуккха нисло нохчийн мехкарийн.

Дикалле сатуьйсуш, техкина Эсала, Тайна, ДикйоI цIерш.

Беран сибате, амале хьожий, туьллуш а хилла цIе. Масала: Месаш, Полла, БIаьргаш, Деши, Дети, Тайниг.

Нохчийн мехкарийн шира цIерш: Дийна, Лаура, Дагмара цхьаболчара кхечу къаьмнашкара тIеэцна лору. Амма церан орамаш нохчийн меттан кIоргенера ду.

Нохчийн ширачу цIершна йукъайогIуш йу цхьаццаболчу нехан тахана а нислуш йолу ирча цIерш: БунчIа, Гомакорта, ТIингар, IаьржабIаьрг, IаьржакIант, ТIунтIа, ГIучIа. Дукха хьолахь фамилешкахь йисна уьш таха-

на. Масала: Синбаригов – сийна бIаьрг, Аржикантов – Iаьржа кIант, Гомкортиев – гома корта.

И цIерш тахкаран а шен бахьана ду. Нагахь доьзалехь бераш леш, эгIаза, айпе кхуьуш хилча, нохчийн шира ламаст хилла, цомгашнаш могуш-маьрша бераш долчу доьзале дIалуш. Оцу кепара жинаш Iехош хилла цара. Цул тIаьхьа шайн бераш, цхьа совгIат дой, йуха схьаоьцуш хилла дас-нанас. Йухаоьцучу хенахь жинашна уьш ца довзийта, царна маьттаза цIерш тоххуш хилла, Диларш, Букъарш, ГIучIа олий.

Бер цамгарх тодаларе, дуккха а дахаре сатуьйсуш, техкина маьттаза БуппIаз, БунчIа, ТIингар, Зингат боху цIерш.

Экама, лело хала хилла йоI. Цундела кхайкхаза йоI дуьнен тIе йаьлча, цунна Цаоьшу олий, цIе туьллуш хилла. Доьзалехь йоIарийн барам совбаьлча, Сацийта, Тоийта олуш хилла. ГIуллакх гуттар гена даьлча, Яла, Еста, Совжан, Совбика туьллуш хилла. Оццу маьIнехь тIеэцна йу Умри боху цIе а.

Амма йоIаршка сатуьйсуш берш а ца хилла кIезиг. Цунна тешалла до Яха, Йиса, Ела, Деба бохучу цIерша. Царах схьайевлла йу Яхийта, Йисийта, Елийта цIерш.

Машар безаш а, лоьхуш а къам хилла нохчийниг ширчу заманахь дуьйна. Шайна гонах дехаш долчу тайпанашца, къаьмнашца гергарло дезаш, церан сийдеш, техкина йу Садо, Мулкъо, Гуно, Чарто боху цIерш. КIезиг бац вайна юкъахь Турко, Суьйли, НогIий, Iаьрби, Гуьржи, Япо, ХIири, Iаьнди, Таркхо, Оьрси, Герман, Ингалс цIерш йолу нах а. Туьйранашкахь санна, шайна йуьйцуш хезначу хьалдолчу пачхьалкхийн цIерш а тоххуш хилла берашна. Масала: Мисар – Египт, Шема – Сири, Ширван – Азербайджан, Iалман – Германи, ГIирма – Крым, Ийдал – Волга, Сибар – Сибрех...

## Къеначу Адин хелхар

Ширачух бухадисинчу Іадатех уггаре зуламениг лоруш дара советан идеологаша чІир эцар. Шена дуьхьал бехха луьра къийсам латтийнашехь, тахана а вайна йукъахь лелаш ду и Іадат. Зулам динчунна бекхам бар дика ду йа вуон ду аьлла, дийцаре даьккхича, и къовсам бехха бахлур бара.

Хьовсур вай нохчийн турпалаллин иллешкахь муха гайтина чІир эцар? Оцу иллешна йукъахь уггаре доцаниг дуй-те аьлла, жима илли ду "Къеначу Адин илли". Амма жима хиларо лах ца бо цуьнан исбаьхьаллин мах. Муххале къегина, бІаьрла гойту толлуш йолу тема.

Йуьртарчу йахь йоцчу кІанта тІехтохам бина пхьоьхана ваьлла лаьттачу Адин Сурхона:

*«"Сел дика кІант хьо хилчахь,*
*Воккхачу Адин кІант, цІейоккху ва Сурхо,*
*Вуон-дика деъча, хьан да и Ада*
*Нахаца цхьаьна йуьртахь хила ма везара,*
*Цу ломан басешкахь даьхни кхобуш лелачул..."*
*Шена бина тІехтохам даге ла ца белла,*
*Дуьгу нускал ва санна, шен гила кечбина,*
*Цхьабосса шен пхьаьрчий ша улло даьхна,*
*Ша ваьлла ма вахара дог майра ва Сурхо».*

Йуккъехула делахь а, тидам тІебахийта лаьа Сурхос улле даьхна хиллачу толла жІаьлешна – пхьаьрчашна. Цара билгалйоккху илли кхоьллина хан. Схьагарехь,

илли бусалба дин нохчашна йукъахь даржале дьккхина ду!

Салам а лой, шен дена тIехIутту Сурхо. Цо хоуьйту дена шена дина халахетар. ГIиллакххах, оьздангаллех дуьззина ду дас, кIантий деш долу къамел. Шаьш къаьсташ дас доьху кIанте. «Барт лохьа суна, сан хьоме Сурхо», – олий. Оцу дешнаша гойту мел чIогIа вовшашна везаш хилла дай-кIанттий. Шаьш вовшийн кхин гур воций хууш санна, мар-маракхетий, вовшашна барт ло дассий-кIантий. Тахана нохчийн доьзаллехь дегара атта дер доцу хIума ду и.

Да цIа хьажавой, ломахь дохнаца вуьсу Сурхо.

*«– Ахь тIера биэр оьцучу ламанан кортошкахь,*
*Дуткъа деций дажош, ма сеци и Адин ва Сурхо.*
*ХIинца хьайна ма-луъу баккхалахь*
*ЦIарна цIе йаханчу цу Сурхон корта.*
*Къена Ада ма виси йуьртан тхьамда ва хилла, –*
*Бохуш, мотт эцна ма вахар, цхьа маттах ма лераг.*
*Мотт бохьуш веанчунна эпсар чин ва делла,*
*Ша цIехьа ма хьажийра цу эла Тимаркъас.*
*Испирташ ва детташ, къаьркъанаш ва мийлош,*
*Сурхона тIелаьхкира цо паччахьан ва эскар.*
*Кхолха го ва лаьцна, шаьш йукъа ма верзийра*
*И Адин ва Сурхо къорзачу салташа.*
*– Паччахьо суна совгIатна беллачу кху ломахь*
*Бажа бажо, бецан цIов ца буьтуш,*
*Эмалкаш ремина мала хи къийдина,*
*Сов паргIат лелаш ву хьой, Адий.*
*Кхин къуьйсур дац аша долара сан лаьмнаш, –*
*Бохуш, лета ма вуьйлира хIара эла Тимаркъа».*

Кхузахь дешархочун тидам тІебахийта лаьа Сурхон къинхетамаллина. Ша вехь, дакхоза дуьсур ду-кх хІорш олий, хІинцца дина Іахарий, шайн нанойх дІа а тухий, мостагІчух лата волало иза.

*«Дин хьалха нисвелларг бергаша ва кегвеш,*
*Шена улло нисвелларг, тур тухий, цостуш,*
*Ведда вала воьлларг, эккхийна, ва лоцуш,*
*Лечкъина, хьулвелларг къайла ца волуьйтуш,*
*И кхолха лаьцна гуо ша шалха берзийна,*
*И шалха бисна гуо ша цхьалха берзийна,*
*И цхьалха бисна гуо, бохийна, баржийна,*
*Ца виссал чевнаш шен дегІах ва хилла,*
*Жан метта ма вирзира и Адин ва Сурхо.*
*Йуьхь-дуьхьал, тІемалочуьнца тІемало санна,*
*Лата а ца ваьхьна, тІехьашха тІевеъна,*
*Тешнабехк бира цу эла Тимаркъас.*
*Шен салтийн дукха декъий ломахь Іахка дитина,*
*Дозална цІет дина, Сурхон корта эцна,*
*Ша цІехьа ва вахна ловзар дан вуьйлира*
*Элийн баьчча хилла и йамарт Тимаркъа.*
*Сурхох дог диллина, терсаш цІехьа ма бахара,*
*Сурхос безаш лелийна цуьнан хьоме ва гила.*
*Барзах угІа ма дуьйлира тешаме ва пхьаьрчий.*
*Кийра алу ва йаьлла, ша ара ма иккхира*
*Сурхо вина нана доьхначу цу дийнахь.*
*– Хьо аравалалахь, хІай къена ва Ада!*
*Да велча санна, гІийла ша терсаш,*
*Гоьзанца лаьтташ бу и Сурхон ва гила.*
*Доьттина доьша ца дууш, барзах угІуш,*
*Хьаьлхина ма лела цу Сурхон и пхьаьрчий.*
*КІайн киса туьллийла ахь, хІай къена Ада,*

*Сурхон корта баькkхинчу Тимаркъин корта,*
*Делкъа хан хилале баькkхина ца вагIахь…»*

Нохчийчохь тахана даьхни дажо баханчуьра цкъацкъа маьрша цIа ца богIу нах. Цхьа хан йаьллачу хенахь, церан эрчадаьхна декъий карадо йа, дIакхиссина, йа дIадоьхкина. Зама мухха йелахь а, цабезам кхуллу иштташу къизалло. Ша-шаха герзашка кхийда тIаккха куьйгаш.

*«Ламанан ирзошкахь, Тимаркъин махкахь,*
*Дог Iаббош вилхира и къена ва Ада ,*
*Корта боцу и дакъа шен мара ва къуьйлуш…»*

Ша ца вовзийта, сагIадоьхучун бедарш йухий, пхьуьйша шаьлта а лачкъайой, воьду Ада Тимаркъин ловзарга, шен кIентан корта стоьл тIехь гарна кхоьруш, лаьттан бIаьра а хьоьжуш.

*«– Халхавалахь, сагIа лур ду хьуна, – шега аьлча,*
*Шен кочара таьлсаш наьIарге кхиссина,*
*Доьхначу цу дагца, ша халха ма хьаьвзира*
*И къена ва Ада Тимаркъин хIусамехь.*
*Леррина халхар тергалдича,*
*Дего доладелира Тимаркъин куьйгаш.*
*– Къеначу Адин берзан боларх тера хета суна*
*Халхаран хьан болар, къегина ши бIаьриг,*
*Лакхалац соьга хIара мерзан пондар, –*
*Къера хуьлу Тимаркъа».*

Нахана зулам динарг цкъа а хир вац сапаргIат. Мел нуьцкъала герз цуьнан карахь хиларх, мел стоммачу бо-

латан неIарна тIехьа иза лечкъарх, даим кхерам лаьттар бу зуламхочун даг чохь. Илли а долу иштта чекх:

*«Тимаркъин горга корта таьлсаш чу биллина,*
*Тимаркъин ловзар дохийна, эккхийна.*
*Ша цIехьа ма вирзира и къена ва Ада».*

Нийсо тоьлу, бехкечунна бекхам бо Дала. Амма вай дийцинарг эрна хир дара, аьлла хета, оцу иллин тIаьххьара кхо могIа ца балийча:

*«Сурхон горга и корта докъаца биллина,*
*Сурхо винчу ненаца ша халха ма хьаьвзира,*
*Дог майра и Ада, доцучу ва дагца!»*

Цхьаьннен а ма дезийла, иштта дог доьлхуш, толаман халхар дан!

## Боьлкъазар-гIала стенгахь йу?

Муьлхха а меттан дешнаш шина декъе декъало. Цхьана декъах вай хIора дийнахь пайдаоьцу. ШолгIаниг – наггахь бен къамела йукъа ца даладо. Масала: "Де дика хуьлда" бохучу маршалла хаттарехь, кхуьй а дош хIор дийнахь лелачех ду. Амма:

*«Чо чехка чола куй*
*БIаьштиг тIе тоьттуш,*
*Терса-маймал дуткъа тур*
*Шен буйнахь къуьйлуш», –*

бохучу могIанехь «чо чехка чола куй», «терса-маймал дуткъа тур» боху дешнаш наггахь бен къамелехь хьахош, далош дац. Царах ширделла дешнаш олу.

Халкъан барта кхоллараллехь, къаьсттина туьйранашкахь, турпалаллин иллешкахь нисло ширделла дешнаш.

Кегийрхой хьехо ца оьшуш, цхьацца болчу баккхийчунахана а ца бевза ишттачу дешнийн чулацам, хаьттинчунна царах кхетам бала а ца хаьа. Масала, турпалаллин иллешкахь кест-кестта хьахош йу Боьлкъазар-гIала. И хIун гIала йу, стенгахь хилла къастадале, хаа деза "боьлкъазар" бохучу дешнаш маьIна.

ХIун йу боьлкъазар? И жима акхаро йу. Адам кIезиг лелачохь, дуьзна охьадогIучу татолаш чохь йехаш хуьлу иза. Бердаш охкуш, хинна дуьхьал чалх йетташ, лаьттах Iуьргаш дохуш, ша йеха меттиг йовзуьйту боьлкъазаро. Оьрсаша цунах крот олу.

ГIизларх олу нохчаша Боьлкъазар-гIала. Хаттар хIутту: хIунда тиллина цу гIалина оццул тамашийна цIе? Сих-сиха тIедуьйлучу Терк-хих ларбала гIерташ, цунна дуьхьал чалх йетташ, ваьлнаш деш, адамаша, боьлкъазаро санна, кегийначу баьрзнашна йуккъехь Iуьллуш йолу дела тиллина ГIизларна и цIе.

Массарна хаьа хир ду «турмал» боху дош, цуьнан маьIна, амма и дош стенгара схьадаьлла ца хаа дуккахболчарна.

Цуьнан истори цхьа бIе ах бIе шо хьалха Кавказехь хиллачу тIамца йоьзна йу. Мел чIогIа тIом хиларх, махлелор дуьтуш ца хилла цу хенахь а. Хьалха дIадоьлхучу эскаршна, шайн кега-мерса сурсаташ а оьций, тIаьхьахIуьттий, боьлхуш хилла баккхалхой. Цара берийн ловзоргашца цхьаьна, тIеман гIирс а хилла бухкуш, турмалийн биста кхаччалц.

"Цейс" цIе йолчу немцойн фирмано арахоьцуш хилла, шатайпа аьнгалин бIаьргаш дохкуш, йина моноклаш. Церан цIе хилла «Турмор». ХIинца йолчу турмалех уьш къаьсташ хилла цхьана бIаьрга хьоьжуш хиларца. Иштта немцойн «Турмор» бохучу дашах схьадаьлла ду нохчийн «турмал» боху дош.

Баккхалхой хьаххийнчуьра ала деза Завалун мокханех лаьцна: турпалаллин иллеш тIехь кест-кестта хьахадо уьш а. Турмалш санна, йохк-эцархоша кхечу сурсаташца цхьаьна духкуш хилла мокханаш а. Кавказан тIом болчу хенахь Нохчийчохь дика вевзаш хилла Завьялов боху оьрсийн совдегар. Цо духкуш хилла уьш, цунах схьайаьлла мокханийн цIе, «Завалун мокха» аьлла. Цунах схьайаьлла йу нохчашна йукъахь хIинца нислуш йолу Завалу боху цIе.

И тIечIагIдо Сипсо боху цIе оьрсийн инарлин Слепцовн фамилех схьайаьлла хиларо.

Сих-сиха далош нисло нохчийн фольклорехь "къалор" боху дош. «ЛадогIа цкъа соьга, сан жима къалор», – олий, йистхуьлу нана шен кIанте. "Къалор" бохург – "кIант" бохург ду. И гучудолу нохчийн ширачу цIершкахь. Масала: Тимаркъа, Берсанакъа, Барзакъа – Тимаран кIант, Берсин кIант, Барзин кIант бохучу маьIнехь лела и дош.

Стенгара даьлла тоьпана, «мажар-топ» аьлла, цIе тиллар? Мадьяраша – мажараша йечу тоьпех аьлла вайнаха мажар-топ. Оьрсаша цунах «венгерка» олу. Мажартоьпаца цхьаьна фольклорехь нислуш йу «пиренг-тапча» а. Оьрсаша цунах «франкский пистолет» олу.

Стенгара схьаевлла «терсмаймал туррий», «цIокъболат туррий» боху цIерш? И ший тур а фольклорехь, диттаца шок етта аьлла, эпитет йолуш ду. Ластийча, мохца шок лоькхуш хилла уьш. Цхьаммо терсачу маймалх тера, вукхо оьгIаздаханчу цIоькъо санна, гIовгIа йоккхуш хилла цу шиммо. «ЦIокъ» бохург оьрсийн маттахь «барс» бохург ду.

Ткъа муха кхолладелла «къамел» боху дош? И шина дашах лаьтташ ду: къа, мел бохучу. Луьйш верг гIалат ваьлча, къа хуьлу цунна, цхьаннан догъоьцуш, и вистхилча, мел хуьлу. Дукхалуьйриг мацца гIалатволу, цундела къинойх ларлуш хила веза хабарна тIера верг...

## Дицдан йиш йоцу дешнаш

*(нохчийн турпалаллин иллешна тIехь нислуш долчу ширачу дешнех кхетор)*

Нохчийн турпалаллин иллеш тIехь, уьш даьхна дуккха зама хилар бахьана долуш, таханлерчу дешархочунна кхета хала дустарш, цайевза хIуманаш, ца хуу дешнаш нисдала тарло. Масала: **терсмаймал-тур, салойн элий, Боьлкъазар-гIала, пиренг-тапча, цIокъболат, хьенапан шаьлта** иштта кхин а. Уьш дукхахдерш ширделла, кхузаманахьлерчу нохчийн маттахь наггахь бен ца лелаш долу дешнаш ду, амма оцу архаизмех ца кхетча, хала хуьлу дерриг иллин чулацамах кхета, цуьнан историн маьIна дан.

**Барзакъ** боху дош тахана "духар" бохучу маьIнехь лела. Амма илли кхуллучу заманчохь цуьнан чулацам, "тIемалочун духар" аьлла,хилла. Цу йукъадогIуш хилла **гIагI** – аьчкан хIазарех йуьйцина коч, **турс** олуш йолу мостагIчун шаьлтанах ларвеш йолу дуьхьало. Дукха хьолахь уьш йеш, пайдаоьцуш хилла **булан** (зубр) цIоканах. ТIемалочун духар хьахийнначуьра билгалдаха деза кхин цхьамогIа ца кхеташ долу дешнаш. Масала**: бIоржамаш (кхакханах, бIегIагах, тIаьрсигах йина мачаш), гIовтал (тIехула духу духар – бешмет), чилхьесан бухкар (чилланан хьесах йина аса), пезагаш (мачашна чухула йуху тIаьрсиган йеха йуткъа пазатийн тайпа), кисин тIам (коьрта туьллучу шипонан тIам), йездари (Езда-гIалахь дина дари), гуьлмаьнда (цIен-къорза дарин йовлакх), вендиг, пиренг-тапча,**

**осмалойн тапча, мажар-топ, бархIсонара топ, кIожам буьллу топ**. И ерриг цIерш Кавказан тIом болчу хенахь тIемалоша пайдаоьцуш хиллачу герзийн цIерш йу.

**Вендиг** – венецианский пистолет

**Пиренг-тапча** – «франкский пистолет» бохучу дешнех схьадаьлла ду. Цунах терра туркойн (осмалойн импери) тапчанах схьайаьлла йу **осмалойн тапча** боху цIе. **Мисар-топ** – Египтера топ. **Мажар-топ** – мадьярийн, венгрийн топ бохург ду.

**Терсмаймал-тур** – цхьаболчу Iилманчаша Гоьрдас динчу таррийн тайпа лору (оьрсийн «ревущая обязьяна»).

**БархIсонара мажар-топ** – (восьмигранное мадьярское ружье) хьалха заманчохь австрийхойн, венгрийн тоьпаш сенаш болу биргIанаш йолуш хилла. Ширачу заманчохь тIемалоша лелош хилла герз дийцича, хьахо деза **секха-Iад**. Саттийна болчу цIулла серах бахтарца цуьнан ши йуьхьиг вовшашна тIе а озайой, деш хилла и. Кхузахь а пайдаоьцуш хилла булан цIоканах. МостагIчунна тIе чIунаш (пхерчий) кхуьйсуш хилла цуьнца.

Массо илли тIехь бохург санна, тасадаларш дуьйцуш, хьахош йу **хьенапан шаьлта**. Цхьаццадолчу хьостанашкахь турпалхочуьнгахь **гоьрдин шаьлта** хуьлу.

И ший шаьлта доларчу цIерех схьайаьлла йу. **Хьенап, Гоьрда** бохуш, йерриг Кавказехь гIараваьлла хилла нохчийн ши пхьар. Цара йина шаьлтанаш чIогIа лоруш, сийдеш хилла тIемалоша. Гоьрдас йина шаьлта Лев Толстойн хенахь уггар мехала герз хилла Оьрсийчохь. Цара и йина долчу болатна цIе тиллина **«гурда»** аьлла. Цунах лаьцна йаздина ду Лев Толстойн «Казаки» цIе йолчу повестан авторан дешхьалхенехь.

Иштта турпалаллин иллеш тӀехь нисло тахана цхьаболчу дешархошна муьлш бу ца хуучу къаьмнийн цӀерш.

Масала: **ташхойн, таркхойн, салойн элий, желтой, мисархой, шемахой, гӀезалой, осмалой, гӀебартой, и. дӀ. кх.**

**Таркхой, салой, ташхой элий** – гӀумкийн элий бу. **Желтой** – грекаш**, мисархой** – египтянаш, **шемахой –** сирийцаш, **осмалой** – туркой, **гӀезалой** – татараш, **гӀебартой** – кабардинцаш бу.

Иштта нисло турпалхой лелабаханчу меттигийн цӀерш. Масала, **Таркхойн хӀорд** – Каспий-хӀорд, **Боьлкъазар-гӀала** – Кизляр, **Ширванан аренаш** – хӀинцалерчу Азербайджанера Ширванан кӀошт, **пана аре, пана мохк** – йистйоцу акха, адамо ког баккхаза латтанаш**, гӀулозан боьранаш** – Чергазийн раьгӀнашца йолу, хьаннаш йевлла, таьӀна меттигаш. **ГӀоба** – Кубань-хи. **Ийдал** – Волга-хи.

**СалттӀай** – паччахьан заманчохь эскарш дехьа-сехьа дохуш хилла бурам.

**Эндари** – Дагестанера **Андрей-аул**. **ХӀинжа-гӀала** – кхузаманахьлера Махачкала йу.

Акхаройн цӀерш хуьлу иллеш тӀехь. Тахана units нислуш йу цхьаццаболчу нехан **Була** цӀе. **Була** – "зубр" бохург ду. **Алмас** – адамех тера, нахана дика дохьу, туьйранашкара васт ду. Иштта цӀе а туьллу нохчаша шайн берашна.

**Гила-борз** – тӀахъаьлла турпала борз. Цуьнан сийнна туьллуш йу берана **Гила** боху цӀе.

**Нана-борз** – уггар дера, шен бен, кӀезий лардеш, леташ йерг йу ширачу нохчийн кхетамехь.

Царал сов **била-борз** хила тарло иллеш тӀехь. И бӀаьстенан йуьххьехь йина, кхиъна йалаза борз йу.

**Гила** – дин бохург ду.

**Iовла Iахар –** Iай биначу Iахарх олу.

**Декий –** уьстагIий ду

**Пхьаьрчий –** толлу жIаьлеш ду**.** Ширачу заманчохь, тIехуу дин санна, чIогIа хьоме лелош хилла уьш нохчаша.

**Биэр** – дань, налог, йасакх.

**Базанан дечиг** – тис ягодный

**ДаIам** – барсук йу. "ДаIам санна ву" олу дилхалахь, могаш, онда волчу стагах.

**ЧагIалкх –** нохчаша вираца цхьаьна уггар оьзда йоцучу дийнатех лору акхаро йу**.**

**Туодакх** – къора котам (дудак).

**ЦIокъ** – ша болчу ломан баххьашкахь йехаш йолу дера акхаро (барс).

**Борзанан ков** – босболчу эчигах (борза) дина ков (бронзовые ворота).

**Мимпес** – амнистия, манифест, паччахьан омрица лецначуьра паргIатваккхар.

**Гуьмалг –** дьтта чохь лело кхийра кхаба.

**ГIарбаш** – рабыня

**Бурчам** – стихия

**ГIарол** – часовой

**ГIера –** тIемалойн тоба (военная дружина)

**Кано** – конвой

**Чалтач** – палач

**Меташка** – оьрсийн зуда – (матушка).

**МухIажар –** махкара дIавахана стаг.

**Сахь** – бархI кана йалтийн барам.

**Йитаб** –дIасабуьгучу тутмакхийн тоба (каторжный этап).

**ЦIоькъа** – акха, караIамоза бохург ду.

**ЦIоькъа айгIар** – акха, тIехаа Iамоза говр йу.

**Эсаран мох –** Іуьйренан йис тІера хьоькху шийла мох бу.

**ХІордан мох –**Таркхойн хІорд болчу агІорхьара хьоькху, догІанна хьалхара мох бу.

**Туш** – адам деха меттиг, туп, шахаьр

**Йора кІайн кехат** – мохехь, карахь саца ца луш, йорт йетта кехат.

**ЦІен цІет** – бекхаман билгалонна йоккхуш хилла дегІан меже (цІет) цІийх йузий хилла, цундела цунах **цІен** аьлла.

**Букара тоьла** – корта охьатаІийна бен чоьхьа ца ва-лалуш йолу, лаьттах йаьккхина къайле.

**ЦІоькъа рема** – караІамозачу говрийн рема.

**ДорхІ** – гуьйренан малхо дохдинчу лаьттах хьалай-олу сийна буц.

**Йекъа йорт** – говрахь воьдучу беречунна лан хала долу говран болар, иноходь.

**Дерматан дуьрстанаш** – стоммачу цІоканах йина дуьрста.

**Докхан нуьйр** – дакх олучу дечигах (березех) йина нуьйр.

**Нуьйран гІонжагІа –** говран нуьйрана тІехьа хІума дІайехка йа дІатаса йина меже.

**Децийн дилха** – уьстагІийн жижиг.

**Гуьржин цІен чагІар** – гуьржаша кемсех доккхучу мустдинчу муттан цхьа тайпа.

**Муьшан дечиган текх** – карагач.

**Къохка дечиган кад** – клен.

**Акха борц** – арахь дІабеза болуш болу борц (дикое просо).

**Куьйган кохьар** – куьйга хьийзайеш, дама, ахьар, цу боккхуш йолу коьчал – (ручной жернов).

**Оьзиган шед** – дика дабагIа динчу цIоканах йина шед.

**Совран ботт** – стоммачу цIоканах йина туьран, шаьлтанан ботт – (кожанные ножны).

**Iаьржа гIалмакхо** – гIалмакхойн къомах Iаьржа бос болу стаг.

**Iаьржа иэр** – толлу жIаьлийн цхьа тайпа.

**Машин чоьш** – гезго маша буцу хьесий. Илли тIехь кху кепара далийна ду: **оьхучу цIийнна машийн чоьш дагийна** аьлла. Гезган маша багийна, цуьнан чим тIетесча, оьхучуьра цIий соцуш хилла.

**Дехаран кехат** – цхьа гIоли, нийсо, бакъдерг лоьхуш, паччахан хьаькамашка йаздеш хилла кехат – (прощение).

**Тхьамда** – тобанна хьалхаваьлла стаг.

**Сало** – токхо (изобилие)

**Сет** – хIост (отметина)

**Сур** – эскар, бIо (войско)

**ЦIетта** – вийначу мостагIчунна чIир йекхна хилар тоьшалла деш, даьккхина лерг, куьг, корта йа кхин йолу дегIан меже.

**ЦIура** – евнух

**Сардал** – паччахьан векал, наместник царя

**ГIера** – дуккха а цхьаьна гулйеллачу акхаройх "ардан", "гIера" олу, цунах схьадаьлла ду "мостагIийн гIера" бохург.

**Аьрта лоьраш** – шайн корматалла кхоччуш карайерзийна боцу лоьраш.

**КIайн истанг** – кIайчу машех беш болу нохчийн куз.

**Мокхазар бердаш** – мокхазан тIулган бердаш.

**Сухара леча** – аренца бен беш долу леча.

**Къорза эпсар** – бес-бесара духар дуьйхинчу пачча-хьан эпсарех (драгунех, уланех) олуш хилла.

**Ханнийн божал** – тIеттIа стаммий дечигаш (хан-наш) йохкуш, диначу божалх олу.

**Тесина некъ** – уьшала йолчохь, йа охьтаьIна меттиг йолчохь латта тосуш биначу некъах олу.

**Берцан сискал** – берцах (просо) сискал, худар, ло-къамаш йеш хилла хьалха.

**Мекха зIенаш** – мекхано йиъна, тишйелла аьчкан хIазарех йина зIе.

**Огаран буц** – аренан буц (ковыль).

**ГIота** – даьхнин керт, цхьацца долчу иллеш тIехь чохь Iен цIа.

**ГIундалгIеш** – адамал лекха йолу, басар доккху йа-раш (черная бузина).

**Ботт** – тур, шаьлта, урс чудуьллу ботт (ножны).

**ГIалмакхойн аре** – гIамаран аре (калмыцкая степь).

**Нуьйран бухка** – нуьйр динан букъа тIехь чIагIйен бахтар – (седельная подпруга).

**Акха эмалк** – караIамоза, акха говр.

**ГIап** – патармаш чудохку гIап, (патронташ), мос-тагIашна дуьхьал чIагIйиначу меттигах а, кевнах а олу гIап (крепость).

**ГIура** – тоьпан молха чудухкург (пороховница).

**Истанг** – батийначу тIергIан, машин куз (войлоч-ный ковер)

**Черт** – эрзах йина кIелтосу хIума (рогожа, цинов-ка).

**МазлагIа** – накхарш лело меттиг.

**ГIели диллина ботт** – гIелин (олово) кIурбиллина ботт (луженные оловом ножны).

**ГIала** – стен сай.

**Докхан дечиг** – береза.

**Кера мекхаш** – хьийзийна мекхаш. «**Болатан бурош ва санна, чIабийна ва даьIна, хьан кера и мекхаш**», аьлла ду илли тIехь.

**Базаран бамба** – базарахь духку кIади.

**Оьрсийн мокха** – саттийна, шена чудуьллуш масех дитт долу мокха (урс). Кхечу кепара цунах олуш хилла «Завалун мокха», и Завъялов цIе йолчу оьрсийн совдегархочо духкуш хилла дела.

**Йохаран гIала** – гуттар а лаьттар йоцу, лийр долу адам санна, йухур йолу гIала боху маьIна ду оцу дешнийн. Изза чулацам болуш далийна ду илли тIехь: «Йохаран паччахьан набахти» боху дешнаш.

**Сетта пошта** – говраш йужуш йолу хьалдолчу нехан кIеда пайтон (ворда, фаэтон).

**БIарз** – говрах а, вирах а хилла тIаьхье.

**ГIирмийн мохк** – Iаьржачу хIордана йистехь гIирмин (Крым) гIезалой (татараш) беха мохк.

**КIайн ловзар** – кхузахь бакъ, тоьлла ловзар бохучу маьIнехь лела.

Иштта иллеш тIехь нисдала тарло **кIайн йийсар**.

**Хьоьхан гирда буьззина цIен деши** – липа олучу дечигах йина 12 кийла хIума чухоьу пхьегIа.

**ДоьгIначу гIокхана мажар кхеттачу кIантана...** – дIахIоттийначу Iалашонна (мишень) нийсалла топ тохар.

**Дерматан жуларш** – дабагIа динчу цIоканан дуьрстанаш.

**Дермат, дабагIа дар** – цIока шех пайдаэца кечйар.

**Эрмалойн турмал** – эрмалоша (армянаша) йухкуш хилла бинокль (подзорная труба).

**Анда** – болат.

**Арц –** тIехь хьун йолу лам.

**Алаша –** йужуш лелош йолу говр.

**Акъари** – ломахь шера меттиг (плато, плоскогорье).

**Йайдакх говр** – нуьйр тиллаза говр.

**Курпал** – йоккха топ (мортира).

**Йохаран курпал** – йоккхачу тоьпан оьккхуш болу хIоъ.

## Іаббазан Мохьмад

"ЖІуга" аьлла, нохчийн матте даьккхина хилла "парти" боху дош Іилманчаша. Ша хаъал хилчхьана а къуьйсуш, схьавогІуш ву Іабазан Мохьмад. Жима волуш – берашца, школе вахча – хьехархошца, гІеметта хІоьттича – Іилманчашца. Дерриге дов матта тІехула ду. Буьйцуш болу мотт иэбича, талхийча, цу йукъа кхечу меттанашкара дешнаш кхийсича, нах санна, тап-аьлла ца Іало иза.

– Ламаз до виремя тІехтуьлуш ма лаьтта бабушкин, – нанас чохь берашка олуш хилча, и ламаз ца дича а хІумма дац. – Иштта бехбина мотт хезаш кхиъначу бераша-м муххале а дийр дацара ламаз, – боху Мохьмада. – ТІехула тІе, нахаца бийца мотт хир бац церан.

Ткъех шарахь нохчийн терминологин дошам тІехь къахьоьгуш волчу Аббасов Мохьмадах лаьцна ду хІара дийцар.

Жима волуш школе кхайкхина, директоро арз дира Мохьмадан дега. Дуьйцуш дерг оьрсийн маттахь доллушехь, директоро диканиг ца дуьйций хаьара кІантана. Амма цхьа дош къаьсттина даг чу дижира цунна: "недоросль" боху дош дара и. Ванах, дан мукъана хІун ду те и аьлла, баккхийчаьрга и дош нохчийн матте даккхийта гІиртира иза. Амма «недоросль» боху дош хууш стаг вацара йуьртахь. Хьехархошка хатта эхь хетара.

Оцу дешан маьІна лоьхуш, кхунна дуккха а дешнаш девзира. Уьш хаза, ирча, самукъане, гІайгІане, гергара, хийра хуьлий а хиира. Цу хенахь дуьйна хІор керла дош, цуьнан маьІна дІайаздан волавелира хІара.

ТӀаккха гучуделира адамаша, шайна атталина, вайнехан дара-дацара аьлла ца къестош, дешнаш тӀеоьцуш, царах къамелехь пайдаоьцуш хилар. «Город», «улица», «занавеска» бохучу дешнийн кхетам болу дешнаш нохчийн маттахь доллушехь, уьш оьрсийн маттера тӀеэцна гӀалгӀаша. Дошам тӀе а девла и дешнаш. Амма царна бехк буьллийла дац вайн.

Нохчаша а эцна «словарь» боху дош тӀе, вайн маттахь и маьӀна долуш ши дош доллушехь – «дошам», «лугӀат».

– Оьздачу стага мотт а оьзда буьйцу: ша бийцахь – цӀена оьрсийниг, йа цӀена нохчийниг, – боху Мохьмада.

Шиъ, иэбина, буьйцуш болчу зӀакаран матто талхайо муьлххачу а меттан хазалла. ТӀеэцна дешнаш доцуш цхьа а мотт бац. Ингалсан маттахь уьш йезткъа процент сов хир ду. Оьрсийн маттахь – кхин а алсам.

Вай дуьйцуш дерш уьш дац, ойла ца йеш, бӀаьрзе тӀеэцарш ду. Уьш къаьсттина дукха ду нохчийн билгалдешнашна йукъахь. Масала: вайн ламаст хилла дӀахӀоьттина «социальни», «официальни», «культурни» боху дешнаш, хийца ца хуьйцуш, ма-дарра тӀеэцар. Кхузахь суна чӀогӀа нийса хета "Маршо" радион журналисташа и билгалдешнаш -н- суффикс йоцуш алар: «социале», «официале», боху Ӏилманчас.

Хийра дека нохчийн маттахь -ск- суффиксаш йолу билгалдешнаш а, масала, «социалистически», «дипломатически», «экономически». Оцу дешнийн, вайн матте тӀеоьцуш, чаккхенаш хийца йеза: «социализман», «дипломатикан», «экономикан». «Дипломатически ранг» аларан метта «дипломатикин дарж» аьлча, нийса хир ду, аьлла хета цунна.

Терминаш нохчийн матте йахар ткъе итталгIачу шерашкахь дуьйна дIахьош дара Нохчийчохь. Уьш толлуш, зорбанехь арахецна дуккха белхаш бара. Хьалха тIом болуш, Соьлжа-ГIалахь Чеховн цIарахчу библиотекин ларми чу кхечира Мохьмад. Цхьа книга схьаэцна, пхьош хьаькхна, тIера чан дIайаьккхича, цо дийшира: "Терминологин дешнийн жайна", кхечарна тIехь – "Iалам довзар", "Кехат белхийн жайна", "Адам дуьнен чу муха даьлла".

Оцу ширачу тептарш тIехь «микроскоп», «телескоп» боху дешнаш нохчийн матте даха гIиртинера Iилманчаш. Церан уьш, цхьа шайтIаналла доцуш, беламе а нисделлера: «лакхара охьахьожург» (микроскоп), «лахара хьалахьожург» (телескоп). Кхечу меттанашкарчу дешнех оцу тайпана къеххкар сонталла йу.

Мацах дуьххьарлера нохчийн "Серло" газет арахьоцуш, журналисташна хьалха декхар хIоттийна хилла, массо дош нохчийн матте даккха деза, шуна, аьлла. Чернокозовс йазйина статья кхаьчна хилла цхьана журналистана. Цо и материал нохчийн матте а йаьккхина, кIел йаздина, бохура, Iаьржагазаев аьлла.

«Оцу тайпа гочдархойх ларвала веза, – боху Мохьмада. – Терминаш нохчийн матте йахар, цхьана Iилманче балур болуш болх бац. Сайна хетарг халкъан кхиэле дуьллу ас. Наха къастор ду дика-вон, – боху цо. – Масала, «школа» боху дош «Iамар» бохучунна гергара долу дела, цунна Iаьрбийн суффикс тIетоьхна, «Iамарат» ала мегар дара. «Хьукма» бохучу Iаьрбийн дашах схьадаьлла нохчийн «хьаьким» боху дош. «Хьукма дина» бохург – «нийсо йина, дов къастийна, кхиэл йина» бохучу маьIнехь лела вайн заманахь. Нохчий цIера бахале правительствох «хьукмат» олуш хилла. ХIинца а йукъадало мегар дара и дош. Оцу кепара «производствох» ала ме-

гар дара «белхамат», «представительствох» «векалалла» олучул, «векалат» аьлча, дика хир дара. «Министралла» бохучул, ингалсан маттахь санна, «министери» ала дезара вай а. «Учебное заведение» – «дешамат» аьлла, йукъадало мегар дара. «Буьйр» – «команда» ду, «буьйранча» – «командир» ву, ткъа «командованех» «буьйрат» ала мегар дацара? – хоьтту Іилманчас. – "Хазна" боху дош вайна массарна девзаш ду берахь туьйранашкара дуьйна. «Бюджетах» ала мегар дара – «хазнат».

Бусулба пачхьалкхашкахь «администрацех» «идарат» олу. «Гражданин» бохург – «махкахо» аьлла, гочдар нийса дац. Цунах – «маьршхо» ала мегар дара. ДагадогІий шуна, турпалаллин иллеш тІехь «маьрша стаг вийна, лурвоьлла вацара со», боху дешнаш? Зуламан лай вен магийнехь, маьршачу стагана зен дан ца магийна Іадатехь. Оцу дашо ша гойту адам лаьтта социале тІегІа а, цуьнан бакъонаш, декхарш. «ДарбанцІа» бохучул, лазарна дарбадечу хІусамах «лазарат» ала мегар дара».

Мохьмад, доккха са а доккхий, дІатоь: цунна шена а хаьа ша вайга кхийдош долу дуккха а дешнаш халкъо тІеоьцур доций, вуьш беламе дуй.

– ТІаккха хІун де вай? Массо, чучча куьйгаш доккхий, охьаховший? Цхьаъ хьалха дІа ца волавелча, вуьш тІаьхьа хІуьттур ма бац, – боху цо.

Цхьана хенахь Мохьмад нохчийн пачхьалкхан архивехь болх беш вара. Цу чохь тІамо багийна цуьнан дуккха а Іилманан белхаш. Цо нохчийн матте даьккхина, «ГІуллакхйоза» цІе а тиллина, делопрозводство. «Архив» бохучух «ширтептаргІа» олу цо. «Къанун» бохург Іаьрбийн маттахь «закон» ду. Желтойн «канон» бохург а цунах схьадаьлла. «Конституцих» – «мехкан къанун», «законодательствох» – «къанунат» ала мегар дара, боху вайн Іилманчас. «Правосудех» – «кхелхьукма», «служ-

бах» – «гIуллакхат» олу цо. Масала, «налоговая служба» – «йал йоккху гIуллакхат».

Мохьмадан дуккха а болчу хьехамех аса даггара резахиларца тIеэцнарш масех бу. Лаьтта бухара йоккхучу хазнех вай «маьIданаш» олу. Масала, «мехкадаьтта» шортта долчу меттигах «маьIдагIа» аьлча, дика хир дара. «Компетенция» – «охIалолла» бохучу дашо дика гочдо. «Уполномочить» – «весаван» аьлча, дика хета.

Иттех болх бу вай йуьйцучу темехула вайн Iилманчас зорбане баккха кечбина. Эзар исс бIе ткъе шийтталгIачу шарахь дуьйна Соьлжа-ГIалахь «Нохчоблзорбано» арахоьцуш хилла "Нохчийн терминологин дешнийн жайнаш".

Шина баттахь цкъа арадовлучу оцу жайнийн авторийн Iалашо хилла, йеригге терминаш нохчийн матте йаьхна, хIор белхан метте дIаккхачо, гIуллакхйозанан болх вайнехан маттахь дIакхехьийта. Амма и дика Iалашо, цул тIаьхьа кхузткъе итт шо даьлча а, кхочушхилаза йу.

Ткъе итталгIа шераш чекхдовлуш, Сталинан репрессиш гуттар чIагIйеллачул тIаьхьа, гIуллакх терминологи хьехочохь ца хилла. Жимма а йоза хууш волу нохчи шена зуламах кIелхьарвала меттиг лоьхуш хилла.

Амма оцу халачу хенахь партега шайн безам мел бу гайта доьналла долуш Iилманчаш а хилла нохчийн. "Нохчийн терминологин дешнийн жайнаш" леррина листича, Iораболу и безам. Парти боху дош цара "жIуга" аьлла, даьккхина хилла нохчийн матте. Вайн маттахь вовшахъхьерчачу садолчу хIуманийн уьйригах ма олу "жIуга". Уьш хила тарло накхарш, чхьаьвригаш, лаьхьарчий. Кхин цхьа къайлах Iоттар а го оцу дашехь «массо халкъийн дена" Сталинна йина: «ЖIуга» – Джугашвили-Сталинан бакъйолчу фамилин орам ала

гIоьртина хила а мега и. «Нохчийн къам, бехдина, Сибрех дохуьйтуш, бехке боцу нах бойъуш, биснарш кхерош, охьатеIош, чекхбелира и мур. Керла терминаш йалийра оцу замано нохчийн матте: «комендант», «гулаг», «халкъан мостагI», «комендатура».

Хьалха нохчашна хезна а доцчу казахийн, киргизийн дешнех: «Чимкент», «Чу-станци», «Балхаш», «бешбармакх», «Пишпек» шорбелира нохчийн мотт», – дагалоьцу дIайахна хан Iаббазан Мохьмада.

Даймахка йухабирзина, паргIат баха охьахевшира нохчий. Йуха а школехь нохчийн мотт Iамо болийра. Вайнехан маттахь газеташ, журналаш арадевлира. Масех томехь зорбане йаьккхира нохчийн фольклор а. Амма терминологехула болу болх гIорийнначохь лаьттащ бара. Оцу темехула Iилманан-талламан институтан меттана партин Нохч-ГIалгIайн обкомехь кхоьллира даиманна а йолу терминологин комисси. Республикехь терминаш цхьана кепе йало йеза аьлла, дIа а кхайкхира цуьнан декъашхоша. ГIаланийн, йартийн цIерш географин, политикин, экономикин терминаш цхьана маттахь хила йеза бохург дара и. Масала, хьалха гIалин цIе оьрсийн маттахь Грозный, нохчийн маттахь Соьлжа-ГIала хиллехь, хIинца дуьйна Грозный ала дезаш дара.

Цу хенахь школе лелаш волчу Мохьмада шен дневник нохчийн йозанца дIайуьзнера. Нохчийн хьехархочо, схьайаьккхина, вовшахйаллалц коьртах йиттира и берана – адамийн маттахь йазйан мегаш йацара ахь хIара, бохуш.

Цу хенахь нохчийн цхьадолчу газетийн цIерш "Ленински правда", "Комсомольски путь" бохуш, йазйина йара. "Правда", "Путь", боху дешнаш вайн маттахь доцуш санна.

Дуьненна нохчийн уьш дац аьлла, хетийта лелош хIуманаш дара уьш. Мел къен хила деза къам, шен маттахь «бакъдерг», «некъ» боху дешнаш дацахь. Амма коммунистийн болатан гура чу ца тарлучу дахаро шениг дора. Оцу шерашкахь йеъна йу вайн матте «хенан хIоттам» боху термин. Тахана а лелаш йу и «погода» бохучу маьIнехь. Амма и шен схьайаларан орамехь дуьйна нийса йацара. Хенан хIоттам Iуьйре-суьйре, де-буьйса бохург ду. Уьш къастош лелош сахьт ду. ХIун погода къастор йу сахьто! «ХIаваан хьал» ала мегар дара кхузахь, кхин дика хир дара, «погода» боху дош ша долчохь Iаддитинехьара.

Кхечу къаьмнаша ма эцна и тIе. Нохчийн меттан терминологин дошам, лугIат цахилар бахьана долуш, массара шайн-шайна бегIийла хеттачу агIор буьйцу вайн мотт. Словарь билгалйеш ши дош ду нохчийн маттахь: «дошам», «лугIат». Амма царах наггахь волчо бен пайда ца оьцу. Тахана а ган тарло хаамийн шуьйрачу гIирсашкахь, «дахар чекхдаллалц чохь йаккха хан тоьхна», аьлла йаздина, «велла дIаваллалц» ала дезачохь.

Радио чухула кест-кестта хеза туркойн гIалин цIе, «Стамбул» олий, йоккхуш. Нохчаша цунах «Истамул», «Истамал» олу. «Туркойн пачхьалкх» бохучул вайнаха дукха хенахь дуьйна тIеэцна долу «Хонкара» ала дезара, боху вайн Iилманчас.

Туркойн мотт бийца баьккхинчуьра, билгалдаккха деза Хонкарарчу нохчаша правительствох "хьукмат", машенах "арба" алар. Аренде эцна бохург цара "киране эцна" олу. Кхин а дуккха ду вайна пайде хIумнаш, туркошкара тIеэца мегар долуш.

«Низам» боху дош журналисташа догIучIохь, ца догIучохь дуьллу. Цуьнан маьIна цхьаъ бен дац – «дисциплина». Порядок йуьйцучохь "къепе" боху дош дало

деза. Иштта цхьаццаболчара иэдо "букъсурт" – позвоночник, "букъдаьIахк" – позвонок.

ЧIогIа эвсаре ду нохчийн маттахь -гIа- суффикс тIекхетарца кхоллалуш долу керла дешнаш. Масала, «нефтепромыслах» – «мехкадаьттагIа» ала мегар дара. «Нефтяной вышканах» – «мехкадаьттан чардакх».

«Посолах» вай «векал» олу. «Представительх» – «векал», «консулх», «атташех» – «векал» олу. Кхузахь ас ца далош дитина кхин иттех дош ду вайн, «векал» аьлла, гочдеш. Азербайджанхоша, туркоша посолах "элчи" олу. Цхьаццаболчара мегар дац "элчи" бохучу маьIнехь и дош лело боху, хIунда аьлча вайнах кхетар бац цунах Делан Элча бохучу маьIнехь бен, и девзаш доцу дела. Иза иштта хила мега, боху Мохьмада, амма талламхочун декхар масех вариант халкъе дIакховдор ду.

Оцу могIарера ду "парз" боху дош а. Иза, "декхар" аьлла, гочдина ца дуьтуш, "обязанность" бохучу маьIнехь тIеэца мегар дара. "Жерахь" боху куцдош вай хIинца наггахь бен пайдаоьцуш дац. "Сагуш долуш" боху маьIна ду цуьнан.

«Предварительно», «накануне» бохучун метта "диллина", "зен" мегар дара и дош аьлла, хета Мохьмадна.

"Айхьа дуьйцург чIагIдеш, дало делил дуй хьан?" – олуш хилла хьалха шарIан кхел-хьукма деш. "Делил" бохург «доказательство» дуй кхетта хир ду хIинца шу а. «Потерпевший» – "эшам хилларг" аьлла, доккхур дара нохчийн матте. Советан Iедал долуш Мохьмада Москварчу хьаькмашка кехат йаздинера, кегийчу къаьмнийн меттанаш кхиорна оьшуш долу гIуллакхаш дагардеш, ахчанца, Iилманхошца дан дезаш долу гIо доьхуш. Конверта тIехь адрес нохчийн маттахь йаздинера цо.

Схьахетарехь, и дехар хIинца а дIакхачаза ду, ткъе итт шо даьлча а, жоп ца деана цунна дуьхьал.

## Собардерг ницкъ болчул тоьлла

Нохчийн барта кхоллараллехь собарх лаьцначу кицанаша, хьехамаша къаьсттина меттиг дIалоцу. Цкъаделахь, уьш массарел дукха ду, шозлагIа-делахь, хIор дийнахь бохург санна, нехан меттан буьххьехь ду. Жимачохь дуьйна "собарде, сих ма ло, сатоха", бохуш, кхиадо нохчаша бер. Вайнехан амал толлучу Iилманхоша билгалйоккху нохчийн сихалла. Брокгаузан лугIат тIехь нохчийн амалан коьрта билгало лору и.

Сихалла йу адамехь товш йа собар ду? Оцу хаттарна жоп дала хьовсур ду вай. Буьйсанна йуккъехь урамехь гIовгIанаш йевлла. Маьхьарий, шакарш йетташ, цхьа нах бала керчаш тосаделла, катоьхна, шен шалго топ схьа а эцна, чу патарма билла кхиалуш-ца кхиалуш, араиккхина хьенех. КетIахь йерш хIун гIовгIанаш йу, ца хьожуш, "бIов"-аьлла, топ кхоьссина:

– ХIун ду кхузахь хилларг? – аьлла, хаьттина цо тIаккха. Бодашкахь гIар-тата йайна.

– Кхузахь хилларг-м хIумма а дацара. ХIинца ахьа, топ тоьхна, нехан стаг вий-кх, – аьлла, жоп делла цунна ловзуш долчу бераша...

Иштттачу хьолехь кхолладелла ду нохчийн коьрта кица "Сихалло са доккху, собаро лам боккху", аьлла.

ХIетте а, сихалла къобалйеш, дуккха нах карор бара вайна йукъахь тахана а.

Сиха, маса, каде боху дешнаш кIезиг хетий, вай къамелехь даладо лап-аьлла, гIарт-аьлла, хIайт-аьлла, парт-аьлла, чIарх-аьлла, тIах-аьлла боху дешнаш. Ойла

йича, и массо гIарт, парт, хIайт, чIарх, тIах боху дешнаш цхьа хIума кагйеш, йохош, отуш санна дека. Оццул сиха дечу хIуманна йа хьесап дан, йа ойла йан кхуьур вац. Ша дош сиха бохург ду "син" "ха" бохучу шина дашах лаьтташ.

Хьалха заманахь, ломахь кхерам массо агIор лаьттачу хенахь, дегIан са лардеш волу хехо санна, оьшуш хилла сихалла. «Каде» боху дош а ду «ма-хуьллу сиха катоха» бохучух схьадаьлла. «Маса» бохург а, «маьлхан серло санна, сиха» бохучу маьIнех схьадаьлла ду.

Оцу масалша тоьшалла до, сихалла вай дикачу амалан эталон санна лоруш хилар.

– Муха ву нуц, дукха партала-м вац хIара? – олий, хотту зударша, невцан дикалла къастош.

– Дера, ву дукха паргIат, собаре стаг, – аьлла, жоп делча, и ледара ву бохург санна туьду.

– Дера, ву чIарх-аьлла, катухур долуш, шена йогIург йоккхур йолуш, – аьлча, иза вехар волуш, дика стаг хета вайна.

Оцу хьесапашца къастабо несан мах а. Нагахь йоI собаре, дечун ойла йеш, хьесап диний бен, гIулч йоккхур йоцуш йелахь, иза шен цIахь йуьту сонтачу наха. Царна оьшуш йерг чIарх-аьлла, тIехула – хьаргIа, лаьттахула – сай болуьйтур боцуш йерг йу. Хьекъал долчара вай йиййцинарг къастайо.

– Оццул сиха хIунда ду шу? – аьлла, оьрсичо шега хаьттича, цхьана сонтачу нохчичо цIийеллачу пилтанна тIе кIен буьртиг кхоьссина, боху. Буьртиг, буса а белла, "ш-ш-ш" аьлла баьгна.

– Аш бепиг дуу, шу, и кIа санна, паргIат амал йолуш ду, – аьлла цо. – ХIинца хьажалахь тхоьга. Оха сискал йуу, цундела тхан собар дац, – аьлла, хьажкIан буьртиг

кхоьссина цо пилти тIе. Буьртиг, буса а белла, кхосса-белла, кхоссабелла, "тIох" аьлла экккха а иккхина, тIап-аьлла байна.

Йа "сиха дахана хи хIордах ца кхетта" бохучу кица-нах цхьаберш нийса ца кхета вайн. Охьадоьдуш долу хи, хIордах ца кхетта, стенга гIур дара аьлла, хета царна. ХIордах-м кхета хи, амма, бухарчу хих дIа ца уьйш, кхин а дIадаха гIерта боху маьIна ду цуьнан. Цхьаболчу нох-чашна шаьш цхьаннех а тера хила ца лаьа. «Тера хилар», «тарвалар» бохурш гергара дешнаш ду. Амма, нахах дIа а тарделла, хIокху дуьнен тIехь машарца ца даьхча, ца довлу вай. Кхидолчу къаьмнийн хIордачухула нохчийн ахк мел сиха дIагIертарх, хи хих дIа ца ийча ца долу.

Цундела ца хилла дерригенах а нийса кхетам болчу вайн дайн сихалла хестош долу кица.

## «Сихалло садуу»

«Сеглий лоьцуш оьшу сихалла», – олу оьрсаша. «Меллаша сихло», – боху латинийн кицано. Амма оцу шиннен а маьIна, ойла йай бен, хIума ма де бохург ду. Сихвелла, зулам дан хала дац. Амма топ кхоьссинчул тIаьхьа, Iаьнна цIий дIадерзо ду хала. ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь нохчийн халкъ хотIе дожийначех хьалхара сакхт ду сихалла.

Хьаьттахь цIерах левзича, цIе йолу. Ткъа оцу цIерах даима зулам долу.

Цхьаболу нах сиха бу олучу дашна, дечу гIуллакхна. Хьо йуьрта йуккъе а хIоьттина, дIо майданахь гарнаташ йоькъуш ю боху, аьлча, цига дIабовда кийча бу сиханаш, йоькъуш йолу гарнаташ йууш йерш йу, йа лелхаш йерш йу а ца хоьттуш.

Даим дов лаьтташ хилла цхьана доьзалехь. Дийнахь сарралц, лулахой а белош, вовшашка баганаш лееш хилла зудчой-майрачой. И къематде кIорда а дина, моллина тIе йахана зуда, тхан чохь барт беш жайна даккхахьара аьлла.

Моллас дехха йаздина, леррина вовшахтоьхна цхьа кехат цуьрг йелла цуьнга.

– Дов долалушшехь, хIара жайна бага а диллий, цергаш тIеттIакъовла, – аьлла. – Цул тIаьхьа, йист хилар доцуш, дагахь нийсса бIенна тIекхаччалц ахь дагардахь, шун дов дIадоьрзур ду.

Цул тIаьхьа, шайн дов ма-делли, зудчо жайна цергаш йуккъе дуьллий, бага дIакъовлуш хилла. Дагардеш,

хІара иттанна тІе а кхачале, сацавоьлла майра. Оцу дийнахь дуьйна бела меттиг йоцуш бисина кхарах кхарда Іемина лулахой а...

Хьалха нохчийн цхьа тамашийна гІиллакх хилла. Цхьаммо хьалха а ваьлла: «ХІан! Же, сихлол, новкъа довлу вай», – аьлча, массо тІаьхьахІотта везаш. «Вай стенга доьлху?» – аьлла, хаттар гІиллакххехь ца хилла. И тайпа хьекъалдерг ваьлча, – хьо цІахь Іе, – олий, шайна тІаьхьара йухаверзош хилла.

Тахана нохчий цабезачара хІилланца пайдаоьцу вайн сихаллех. Къаьсттина йамартчу наха. Масала, хийрачу гІалахь нохчий, казаххий милцочо саца а вина, паспорташ схьагайтал аьлча, казахо паспорт дІалур ду. Нохчи, дуьхьалвирзина, хетта вер ву, хІунда гойтуш ду хьуна паспорт, соьгара хІун даьлла, – бохуш.

– Шена тІаьххье милице дІадуьлол, – аьлча, казах тІаьхьахІуттур ву. Нохчичо вогІур вац эр ду.

– ТІаьхьахІотта ца бах хьоьга? – аьлла, шен пхьош лаьцча, нохчичо милцочун кач лаьцна, дІасатоьхна, погон-хІума схьайоккхур йу. Казах дІавохуьйтур ву, нохчи чувуллур ву.

И пайда бу сихаллех болуш берг. Дала собар лойла вайна!

## Цициган хIилла…

Халкъан цхьа дийцар ду-кх. Къанделла, ша кIелдисча, цицигна дехкашна хIилла дан дагадарах лаьцна. «ХIинццалц шуьца дов лелорна дохкодаьллера со, дала-ле шу къинтIера даха лаьара, сан сагIане дагIахьара, доттагIий хир дара вай», – аьлла, дехкий чукхайкхина, боху, цо. Цицигo мостагIалла дIадаьккхина, вайца доттагIалла лоьху боху хаза хабар шайга дIакхаьчча, могIа бинна хьошалгIа даха арадевлла дехкий. ТIаьххьара дахка чоьхьабаьлча, неI дIа а чIаьгIна, «тIох» аьлла, зайл дIа а боьллина, долийна, боху, хIилла долчу цициго:

– ХIа-хIани, дехкий! Бакъдерг дийцийша, оцу галин бертиг йаьстина йоллушехь, цунна бухахь Iуьрг даккхар хIун гIиллакх ду шун?

– Тхуна ца хаьа, – жоп делла дехкаша. – Тхан ворхIе дайшкара дуьйна схьадогIуш ду-кх и, гали даьстина хиларх, цуьнан буха Iуьрг даьккхича бен, самукъа ца долуш.

– Тхан ворхIе ден а дара, шуна, дехкий дууш гIиллакх. Мел чIогIа лол беттарх, вайх доттагIий хир дац. Цундела, моха йолда дайн гIиллакхаш дохо долчо, – аьлла, дехкийн кочадахана, боху, хIилла долу цициг.

Шун гIиллакх дIа – коч, схьа – коч бохучун буха тIехь лаьтташ делахь, аш лело гергарло а, шуна доттагIалла ду моьтту йукъаметтиг а даим синан гергалонна тIехь дуьсур ду. Цундела цIийн гергарлонал а, вешега йолчу марзонал а чIогIа хуьлу, боху вайн халкъо, бакъдолчу доттагIаллин марзо. Вайн заманахь цхьаболчу кегийчу

наха, доттагIий ду шаьш бохуш, лелош долу гергарло дуьххьарчу халонна тIе хIотталц бен ца деха. Йа, цхьаъ къийвелла, цо шолгIачуьнга йухалург сом деххалц.

– Цхьана шарахь хьийкъина хорбазаш кхиира сан, – дийцина дуьбиэвлахочо, – цкъа а вуй ца хиъна, вуьрхIитта шича гучувелира сан. ШолгIачу шарахь къорано хIаллакйира хорбазаш. Оцу шичойх цхьа а орцах ца велира суна.

Цуьнан маьIна хIун ду аьлча, хьо тахана хьал-бахам болуш велахь, гонах хьийзаш дуккха адам хир ду хьуна. Амма оцу кепара схьагуллуш болу нах, шекар тIе ховшу мозий санна, йекха а, осала а буй хаьа деза.

«Диканехь вевзинарг хьаша ву, вонехь вевзинарг доттагI ву», – олуш, кица ма ду вайн.

ЦIахь доттагI каро хала хиларна, дайн хенахь аренца лелачу нохчаша кхечу къаьмнашна йукъахь лохуш хилла и. Баккъалла и тайпа доттагIалла чIогIа а, мерза а, тешаме а карийна. Нохчийн турпалаллин иллеш тIехь дукха ду цунах дало масалш. НогIийн, гуьржийн, гIебартойн, чергазийн, гIалгIазакхийн кIенташна йукъахь дуккха а доттагIий хуьлу нохчийн къонахийн.

Эвтархойн Ахьмадах лаьцначу илли тIехь ду, нохчийчунний, гIалагIазкхийчунний йукъахь доттагIалла тасадаларх лаьцна дуьйцуш. Вижина Iуьллуш, гIенах гIалагIазкхийчун дино шен дин чехош гина, хьалаиккхинчу Эвтархойн Ахьмада гIалагIазкхичуьнга боху:

–Хьан дино сан дин эшабо, ахьа со эшор варий-те?

Халачу киртиг тIера долалуш ду и доттагIалла. Цхьаволчунна хета тарло, хIун де боху-те Эвтархойн Ахьмада гIалагIазкхийчуьнга: ваьлча а, воьлча а ца вуьтуш, шех лата бохуш? Дикка ойла йича, Ахьмад цунах лата лууш, дов лоьхуш вац. Ша гатте хьовзийча, гIалагIазкхи

кхерало ца кхерало, цо шегара ледарло йолуьйту, ца йолуьйту хьажа гIерта, иза зуьйш. Цунна цIе ца йеза, бакъволу доттагI веза.

ДоттагIех латьцна ду хIара шира дийцар а. Ша вала охьавиллича, дас, шен кIентий тIе а кхайкхина, цаьрга весет дина хилла.

– Шен дехар ду шуьга ламанца, аренца йолчу хIор йуьртахь цхьацца бIов, цхьацца гIап йогIар. Уггар чIога гIап йу шуна… – аьлла, хьехам йукъахбуьсуш, дIаваьлла воккха стаг.

Иза дIавоьллина, шайн дагахь, ден весет кхочушдан арабевлла кIентий. Къежбаллалц, йуьртара йуьрта, кIотарара кIотара оьхуш, тIулгех бIаьвнаш йуттуш, лелла уьш.

Эххар, къанбелла, тишбелла, шаьш бинчу йуьртахь бала цIабирзина хIорш. Новкъахь цхьа воккха стаг дуьхьалкхетча, цуьнга шайн ден весет а, шаьш и кхочушдар а дийцина цара.

– Иштта хьекъал долчу ден муха кхуьур бу оццул сонта кIентий? – цецваьлла къано. – Шун дас шуьга ламанца, аренца йолчу хIор йуьртахь, кIотарахь, шахьарахь йе аьлла, гIопан чIагIо, йотта аьлла бIов, шуна моьттина, гIишлош йогIар дац. Цигахь массанхьа а цхьацца доттагI лаца аьлла, цо шуьга, дуьненахь цул тешаме, цул онда ГIАП йоцу дела.

Везачу Дала, воккхачу стага шен кIенташна хьехнарг санна, тешаме доттагIий ма эшабойла вайна!

# ГIаргIулийн илли

*(пьеса)*

Дакъалоцурш:
Асланбек – 50 шо.
Уми – Асланбекан нана – 80 ш.
Дики – Асланбекан доттагI– 50 ш.
Жан, Джо – нохчий, цIерш хийцина Францехь – 50 ш.

Кешнашкахь. 30 шо хьалха вайначунна чурт дугIуш нах.Чуьрта уллехь йоьлхуш йоккхастаг.

**Уми:** Ма волла сан кIант дийна воллушехь дIа! Со лолда шун, сох къа ца хета шуна? Иза велла вац, иза дийна ву!..

ТIехволучу журналистана хеза. И хезий, кешнийн керта оьккху:

– Ойн, и хIун ду? Дийна воллушехь стаг дIавуллу? Стенгара йаьлла сел къиза акхаралла? Ас хIинцца… (катухий бел схьаоьций, барз ахка хIутту)

Катухий цхьаммо, белш тIера лоций, журналист йуьстахккуссу:

– Хьайн гIуллакх доцче йуккъе ца гIерташ, дIагIо!

– Ойн, дийна воллушехь стаг дIавуллу, и хIун ду?

**Уми:** Жимха, собаре хила. Сан кIант 30 шо хьалха тIамтIе вахара. Кхин цул тIаьхьа цуьнгара хIумма а ца хезна. Байначарна, цIа ца баьхкинчарна, вайн Iедалехь дугIуш хуьлу чурт. Цундела дугIуш ду хIара.

**Молла:** Уми, вайна суьйре йу, бажа цIа богIу хан йу. Вай дIадахча, хIун дара те?

**Уми:** Дела резахуьлда шуна. Шу дацахьара, ас хIун дийр дара. Со, жимма Iийна, дIайогIур йу, дIагIо шу.

Умис журналисте дуьйцу:

– Кхечаьрга ас-м хьахийна дацара, йа цхьанне гайтина дацара, нах сайх беларна кхоьруш, цхьа кехат кхаьчнера соьга.

Шек йу со и кIантера хилар. Даима ас сайца лелош ду и.

**Журналист:** Суна гойтур дацара ахьа и?

Умис кехат дIало журналисте.

ТIе дуккха а дуьненайукъарчу почтан мухIарш диттина, бес-бесара марканаш а йолуш, йеха конверт.

«Гутен таг, майне лиебе Уми», – хIор дешдакъа къастош, дийшира журналиста.

**Уми:** И хIун жIаьлех летар ду хьан? АстагIчу Уддин жIаьла-м ца хилла хьох? Цу тIехь ма-дарра дIадеша иза нохчийн маттахь.

(Умина-м лаьара нохчийн маттахь довха, эсала, мерза дешнаш хозийла).

**Журналист:** Немцойн маттахь йаздина.

– ХIара-м вайн маттахь дац. Ас, гочдайтина, кхана схьадохьур ду хьуна и.

Уми ца кхетара, я цунна цкъа а дага ца деанера кIантана шен ненан мотт бицлур бу бохург. Иза ца кхетара хIокху аьрцнел лахахь кхин йаккхий гIаланаш, гIовгIане урамаш, инзаре дукха хан хиларх, ца кхетара Европин столицийн чаккхе йоцчу гIовгIанехь дукха атта цхьалха лаьмнийн аз дIадовш хиларх.

Уми ойлане йуьйжира. Цунна дагадеара меца, синтем боцу шовзткъе кхоалгIа шо. Дагадеара цхьаъ бен воцу кIант ша тIаме новкъа ваккхар. Дагадеара вокзалехь дуккха а нах хьаьвддий-бевддий лелар. ЦIеххьана,

бакъдолуш санна, цунна хезира шен кIентан аз, хIетахь, оцу шийлачу Iуьйранна, дегайовхонца декна долу: «Нана, ас дуй буу хьуна: со йухавоьрзур ву хьомечу лаьмнашка – Даймахка!»

* * *

Iодика йойла, маьлхан довха дуьне,
Зазаш лесташ, ломахь дисина!
Воьрзур ву со цкъа мацца хьан шуьне,
Ирсе санна, хьоь сатийсина.
Iодика йойла, со ца везна бIаьргаш,
Дуьне ма-дду шайн ирс лехалаш,
Со дIавига гена, деха некъаш.
Йуха цадерзор даге дехалаш.
Iодика йойла, нана, Iодика йойла!
Са бIарзделла пана вер ву со.
Хьо ца хилча, сан йеш гIийла ойла,
Йа ца хилча кхойкхуш цIа, Даймохк.
Ма ирс ду сан шуьшиъ сайца долуш,
Цкъа а йийр йац шуна йамартло,
Ас дуй биъна, винчу йуьртах волуш,
ЦIехьа верза, витахь Iожалло.
ЦIехьа верза, хIуъа хилла латтарх,
Стигал йоьлхуш, латта лелхарх.
Ас сайн синтем битна винчу махкахь,
Сан ирс дисна ненан бIаьргашкахь.

«ХIинца вухавеа, – гIийла йелакъежира иза, – йа хаза жима стаг санна а, йа, ур-аттал, къоьжа воккха стаг хилла ца вогIуш, ткъа цхьана тамашийначу, хийрачу, ца кхетачу маттахь йаздина долчу кехатца.

«Маржа, Асланбек… Асланбек…»

Оцу ойланаша некхе лазар туьйхира къеначу Умина. ГӀийла делха доладелира дог…

Цунна ца гира, хазахеташ, хьалха латта журналист. Уми йелха йолаелира.

ШолгӀа де.

**Журналист:** Уми, цӀахь йуй хьо?

Тишачу жимачу цӀа чуьра арайолу къена Уми.

**Журналист:** Де дика дойла хьан, Уми!

– Диканца дукха вехийла хьо а.

– Со хьоьга хаза кхаъ бохьуш веана.

– ХӀун ду и? Дийций валахьа.

– Хьан кӀантера хилла хӀара кехат.

– Нийсса хӀокху баттахь Кавказера поэташ, журналисташ Франце боьлхуш бу. Дала мукъ лахь, хӀокху адресца ас схьалохур ву иза.

Умис, синтем байна, ладоьгӀу, гуьйренан къегинчу маьлхан серлонехь бӀаьргаш а хебош. ЦӀеххьана, настарш лехна, кетӀарчу дечиг тӀе охьалахйелира иза. Цуьнан букъ тӀехула зуз туьйхира, кхетам бӀарзбелира. Ткъа цхьанхьа геннара схьа къеначу Умина хезара дагна там бен аз: «Истамала-гӀала, Кара-Курейшан урам. Асланбек Селими!!!»

ХӀаъ, хӀаъ! ХӀинца дуьххьара цунна иза тар ца делира… Иза бакъду! Асланбек! Мел хаза йу тӀепаза вайначу цуьнан кӀентан цӀе! Цо хӀокху дехачу ткъе итт шарахь шен кӀантах бен ойла а ма ца йора! Цо сатуьйсура. Иза тешара! Ткъа хӀинца хӀара кехат! Дуккха а шега сатийсина долу. Цуьнца цхьаьна доккха хазахетар а кхечи къеначу Умин керта.

Цуьнан хебаршка йахна йуьхь шарйеллера, хих дуьзна бӀаьргаш делакъежира, и ша а цӀеххьана къонйелла дӀахӀоьттира.

– Іийт, Асланбек, Асланбек! – хаддаза йохура цо шен дукхавезачу кІентан хьоме цІе.И цІе мел йоккху цуьнан дегІе йаьржара цхьа аьхна йовхо, сатийсина хазахетар. ХІокху тІаьххьарчу ткъе итт шарахь дуьххьара эшаршка делира къеначу Умин дог.

**Журналист:** «Де дика дойла хьан, сан хьоме Уми, – гочдан вуьйлира журналист. – Муха Іаш ю хьо? ДагавогІий хьуна со? Ас йаздо хьоьга хІара могІанаш, гІийла велха а воьлхуш. Хьуна ма мотталахь, шелехь, гІелехь, массарна а вицвелла, хийрачу неІаршка хІуьттуш, со лелаш ву. ХІан-хІа. Сан цІа а, доьзал а, машен а йу. Сингаттамо таІийначу дагна йеззарг эца йиш йу сан… Амма бац сан Даймохк, мел дукха ахча даларх, и эца таро а йац…

Со хедира цунах фронте дІа ма-вахханехь: шовзткъе кхоалгІачу шеран декабрь баттахь со йийсаре вигира мостагІаша. ТІаккха – концлагерь. Французашца цу чуьра ведда, къилбен Франце вахара со. Зуда йалийра, ткъа цул тІаьхьа цІа ван дага ца деара. Сан къизачу кхолламо со ца кхачош хІун меттиг йисира: ах дуьне теллира ас, айса лоьху синтем ца карош. Ткъа дукха хан йоццуш Истамала-гІалахь цхьа некъахо кхайкхира соьга. Вай санна кхайкхира: «ХІей!» – аьлла.

Некъаш хедош, со тІехьаьдира цунна, амма тІегІоьртинчу машенаша некъ бихкира сан.

Со дукха гІиртира цунна тІекхача, автомибилийн гуламехула, амма иза дІавайра, адамийн бес-бесарчу тобанах дІа а ийна… ХІетахь дуьйна синтем байна сан.

Со миччахь хиларх, суна тІаьхьауьду и тамашийна аз: «ХІей!»

Со вухавоьрзу, уьду, некъахошна, бІаьргашчу а хьоьжуш, ткъа и аз, со герга мел гІоьрти, генадолу. На-

барх а воккхий, доьлуш, доьлхуш, со дIакхойкху оцу генарчу, тамашийначу озо».

Журналиста кIоргга садаьккхира: хетарехь, чIогIа хала дара цунна и деша. Иза гондIахьарчу нахе хьоьжура, шен коьрте хIинцца цхьа кIорггера доккха хьекъал доьссича санна. Йуьртахой тийна Iара, бIаьргаш лаьтта а хьовсийна. Умина хIинца хазахетар ца хаалора, и синхаам цхьана тамашийначу сингаттамо хийцинера цуьнгахь. Журналиста кхин дIа а дийшира:

"Цул тIаьхьа аса ойла йира: сан нана йай иза-м, соьга кхойкхуш. Даймохк бу шен тилавеллачу кIанте мохь бетташ. Цхьана маьIIаргонехь цIа а вогIура со хIетахь: сайн хIуманаш дIа а хьарчийна, кехаташ а кечдина, тохавелира, тIаккха а ца хIоьттира со: дIавоьдуш къона а, могаш а, хаза а ма вара со, ткъа бакъо йуй сан къежвелла, къанвелла, вуочу а ваьлла, йухаверза. Хьанна оьшу со Даймахкахь? Со хьоьгу хIокху маьлхан дуьнен чу вер воцчух…»

*Эшар «ХIай, кхокханан кIорни…»*

– ХIай, кхокханан кIорни, хьо тIемайаьлла,
Стенга дIакхочур йу аьлла ?
– Нана йу соь хьоьжуш, са акхадаьлла,
Цуьнан дог оьцур ду аьлла,
Со новкъа йаьлла.

– ХIай, каде бере, хьо новкъа ваьлла,
Стенга дIакхочур ву аьлла?
– Нана йу соь кхойкхуш, дог Iийжадаьлла,
Цундела кийрахь цIе йаьлла,
Со орцахваьлла.

– ХIай, къоьжа поэт, ойлане ваьлла,
Хьанах байт йоккхур йу аьлла?
– Уггаре мерза дош ненах ду аьлла,
Дуьненахь нене уьш сел кIезиг аьлла,
Со ненан декхарех хIинца ца ваьлла.

Уми йуха а йелха йолаелира.

Зама дIаоьхура, хи санна, ткъа кIант цIа ца вогIура. Ткъа хIинца хIара кехат…

ХIаъ, хIинца цIеххьана кхийтира Уми шегара даьллачу гIалатах: цIа воьрзур вац цуьнан кIант цкъа а, вист хир вац цуьнга шен дайн маттахь, велла цуьнан кIант, велла тоххарехь.

Оцу ойланах Уми гIийла къурдаш дан йуьйлира. БIаьрхиша цуьнан садукъдора. Дерриг дуьне бIаьрхиш хилла даьржинера.

Ткъа и дахаре йухайерзийра геннара, стигалан бухара, схьахезачу маьхьарша. Иза хьалахьаьжира, дехха могIанаш дина цхьа Iаьржа тIадамаш дара цигахь гуш. ТIаккха цунна хезира цхьа тамашийна аьзнаш. Иза дара дуьненахь а уггаре гIийла илли – Даймахках къаьстачу гIаргIулийн илли.

*ГIаргIулийн илли*

Генара аре, генара мохк.
ГIаргIулийн тоба йу къилбехьа йоьдуш.
Ас тийна илли даьккхина хьох,
Со вина латта, хьо гаре хьоьжуш.

Iуьйранна седарчий уьдучу хенахь
Цу стиглан Iаьрчашкахь гIаргIулеш гахь,

Хьо церан иллешка ладугӀуш Ӏелахь –
Сан илли ду хьуна церан дагахь.

Хаза ду латта массо а меттехь –
Адамийн дегнаш цхьатера дац.
Амма кху дуьненан цхьана а маьӀӀехь
Со винчу латтанал хаза мохк бац.

Сан иллеш даима самукъне хилла,
Ирс долчу вайн дахарх со воккхаве,
Амма цхьа илли ма хир ду сан гӀийла –
Генарчу махка аш со воссаве.

Генара аре, генара мохк.
ГӀаргӀулийн тоба йу къилбехьа йоьдуш
Ас тийна илли даьккхина хьох,
Со вина латта, хьо гаре хьоьжуш.

Аьхкенан кафе. Рекламан серлонаш. Парижехь. Жан стоьла йистехь хиъна Ӏаш ву. Джо чувогӀу.

**Джо:** Ассалам Ӏалайкум!

**Жан:** Ва Ӏалайкум ассалам!

**Джо:** Дикин аз ма ца хеза суна кху чохь?

**Жан:** Дала хьала ца кхайкхахь, кхочур вара иза-м. Мел йаарх вузуш вац со хӀокху 30 шарахь.

**Джо:** Дикин кисана кховда, тӀаккха вузур ву хьо.

**Жан:** И хӀун ду ахьа дуьйцург? Иштташех вац Дики.

**Джо:** Сан хье тӀе бӀарийн дитт долийла, ас дуьйцург харц делахь. Шен даг тӀерачу киснара деши чохь долу тӀоьрмиг схьа а боккхий, и хьоьстуш, цуьнга хьоьжуш, хийлаза гучуваьлла суна и.

**Жан:** Ой, хІун деши?

**Джо:** Дуккха а деши ду цуьнан.

**Жан:** И схьакхаьчча, кисанахь тхох хІун лечкъайо ахьа аьлла, эр ду. Цо деши схьалур дац. Ахьа тІехьахула…

(Ишарца урс тоха кеп хІоттайо)

**Джо:** Аса цуьнгара деши схьадоккхур ду.

(Иштта барт бина Іачу хенахь, чоьхьаволу Дики, карахь газет а долуш)

**Дики:** Ассалам Іалайкум!

**Жана, Джос:** Ва Іалайкум ассалам!

**Джо:** О-о-о! Дики, хьо вац и?! Вуьйцуш лаьтташехь кхечи-кх хьо.

**Дики:** Со хІунда вуьйцура аша?

**Жан:** Ахь дина диканаш дуьйцуш дара тхо-м.

**Дики:** Дитал даьсса къамелаш. (Газет дІа а даржадой цу тІера доьшу). Дуьненан йуккъера аэропорте охьадоьссина кема, Къилбаседа Кавказера поэташ, журналисташ болуш. Аса къовсу, цаьрца нохчи хир ву аьлла. Тахана санна, деза де хилла дац сан хІокху 30 шарахь. Ма дукха хІума дара сан цаьрга дийца! Официантка! Кечйе стоьлаш!

(ТІекхоьхьу даарш).

**Жан:** КІезиг ду.

**Дики:** Ой, хІара ду-кх шуна. (Шен киснара мел долу ахча схьа а доккхий, стоьла тІе охьадуьллу.)

**Жан:** Иза а кІезиг ду. Дики, бакъо лохьа тхуна хІокху хьан кисана хьажа. (Дикин даг тІе куьг доуьйту. Шена тІе куьг хьакхалушшехь, Дикис бага буй тухий, тІекІелъоьккхуьйту Жан).

**Дики:** Кхин куьйгаш ма Іитталахь хІокхунах. ХІокхунах кхин цкъа а куьйгаш ма Іитталаш. Кхузахь

цIерш а хийцина, нохчийн мотт, гIиллакх-гIуллакх дицдина, Iаш долу, шун цкъа а хилла бац Даймохк. Дала мукъ лахь, сой, Бекий цIа гIур волуш ву.

(Шен даг тIера тIоьрмиг схьа а боккхий, илли олу):

* * *

Шовданаш декачохь,
Ламанаш лепачохь,
Са дитна, веана со
Хазачу Нохчийчохь.
Ас хьаьнга хIун ала?
Со хьанах дагавала?
Ас хьаьнга балхор бу
Кийрара сайн бала?
Со лаьмнех велира,
Воьрзур ву элира,
Даймахках волучул,
Со велла велира.

– ДегIастанера богIучу хьешашка дуьххьара аса хоттур дара: «Лахделлий Орган чуьра хиш? Тохара санна, лорий баккхий нах? Тохара санна, олий нохчаша иллеш? Тохара санна, цIийлой, охьахьовсий мехкарий, жимастаг дуьхьалкхетча?

**Жан:** Дики, дитал и дIадевлла гIенаш. (Жан тIоьрмигана тIекхета. Джос букъа йуккъе урс догIуьйту. ТIоьрмиг схьабоьллу). Латта! Чан! Нохчийчуьра латта! ХIара хилла-кх Дикис массо а хIуманал деза а, сийлахь а лоруш. Мичахь ду деши?

Жана Джона йетта. Официантка телефон тоха хьоду. ХIара шиъ, водий, къайлаволу.

Стиглара дIабайна седа,
Лаьмнашкахь охьабуьйжи сай…
Вай дахар ма доца хета.
И дуьтуш, лийр ду-те вай?
И дуьтуш, лийр ду-те вай?

Зазалахь схьакхечи бIаьсте:
Аренаш соьналлехь йай.
Иллица ас безам хастий,
И буьтуш, лийр ду-те вай?
И буьтуш, лийр ду-те вай?

Масане бIаьргех хи лепош,
Наной а белхийра вай,
Вайн наной кIинтIера баха,
Ца кхуьуш, лийр ду-те вай?
Ца кхуьуш, лийр ду-те вай?

ГIаргIулеш гуьйренца йоьлху.
Дерз а ду тIедетташ дайн.
Дашочу дуьненна воьлху,
И дуьтуш, лийр ду-те вай?
И дуьтуш, лийр ду-те вай?

Сан некъаш галмарзахдуьйлуш ,
Кхачазчу геналлехь дай,
Дахаран йистйоцу некъаш,
Ца девзаш, лийр ду-те вай?
Ца кхачош, лийр ду-те вай?

Оццу хенахь чукхочу Асланбек. Воьжна Iуьллуш стаг гой, цунна тIехьоду. Асланбекана го шен деган доттагI Дики.

**Асланбек:** Ва, Дики, хьуна хIун хилла?

(Шен цIийш дуьзина куьйгаш гой, докъа тIехь) Йала йтталуш, йоьлхуш йиша йац хьан кхузахь. Барам лаца тIаьхьахIитта вежарий бац хьан кхузахь. КъинтIеравала суна, Дики, хьол тIаьхьа висарна.

(Куьйгашцца корта а лоций, Асланбекана лерехь цхьацца аьзнаш хеза: жима волуш Орган тIе лийча вахча, шега мохь бетташ ненан аз:

– Гена ма валалахь, кIорге ма валалахь…

Ша валарна кхоьруш, уьйрашна йуккъехь ша берherкъа хиларна кхоьруш, ша лелийна волу шен ненан сурт дуьхьалхIутту. Кхетамчуьра волий, охьавужу. Чукхочу полицейскиш. ХIокхунна тIе мийра а тухий:

**Полицейски:** ХIей, патриот! Бехк хьенан бу?

**Асланбек:** Бехк сан бу.

Зоьпарш тухий, схьалоций, кхуссий, машен тIе вохуьйтий, полицейски участке дIавуьгу.

ШолгIачу Iуьйранна.

**Полицейски:** Схьачувалавел и патриот. ЖIаьлешна хьожанца йамартлой схьакарийна. Хьо сацавар бахьана айхьа хьо бехке вар ду. Бехк хьенан бу?

**Асланбек:** Бехк сан бу.

Йетташ, хьийзаво.

**Полицейски:** Бехк хьенан бу?

**Асланбек:** Бехк сан бу, со Даймахках валарна.

Кхин тIе хIума тухий, полицейски участкера араккуссу.

Асланбек Iуьллучу хенахь, тIехйолу зуда гIо дан гIурту.

**Полицейски:** ДIайала цунна уллора. (Полицейскис эккхайо.)

Оццу хенахь журналист кхочу полицейски участке, Асланбек хоьттуш.

**Журналист:** Асланбек кхуза кхаьчна аьлла, веанера со.

**Полицейски:** Ахьа вуьйцу патриот хьуьлла ву, хьуна.

Воьжна Іуьллучунна тІевоьду журналист:

– Ассалам Іалайкум! Со Нохчийчуьра веана.

**Асланбек** (гІийла дуьхьал):

– Ва Іалайкум ассалам! Стенгара бахара ахьа?

**Журналист:** Нохчийчуьра.

Оццул гІора эшна ша воллушехь, хьалагІоттий, маракхетий, вехха воьлхуш Іа. Такси лоций, цІа боьлху. Журналисто дуьйцу, ша муха кхаьчна и волчу. Ненера кехат дІакховдадо цо Асланбеке.

Асланбек, Іадийча санна, Іа. БІаьргех хи долу. Халла, схьадостий, доьшу:

«Маржа, Асланбек, Асланбек. ХІинц-хІинца кхочур ду сан де, белалур бу малх, тІаккха хІара дуьне, ткъе итт шо хьалха санна, хаза туьйранахь ма-дуьйццу, хир ду бохуш, ма дукха сатийсира ас хьоьга! Ас хІокху дехачу ткъе итт шарахь хьан бен кхин ойла ма ца йора. Ас сатуьйсура. Со тешара. Ткъа хІинца хІара кехат. Дуккха а шега сатийсина долу.

– Іийт, Асланбек, Асланбек! И муха ду? – ойла йира аса, хьан кехат сайна доьшуш, кІант соьга вистхили, ткъа со цунах ца кхийти. Оццул генадаьлла-те тхойшиъ вовшашна? Суна цкъа а дага ца деанера сайн кІантана шен ненан мотт бицлур бу бохург. ТІаккха суна дагадеара меца, синтем боцу шовзткъе кхоалгІа шо. Дагадеара цхьаъ бен воцу сайн хьо айса новкъа ваккхар. Дагадеара вокзалехь дуккха а нах хьаьвддий-бевддий лелар. ЦІеххьана, бакъдолуш санна, суна хезира хьан аз, хІетахь оцу шийлачу Іуьйранна дегайовхонца декна

долу: «Нана, ас дуй буу хьуна: со йухавоьрзур ву хьомечу лаьмнашка – Даймахка».

ХIинца йухавеа… Йа жима стаг санна а, йа ур-аттал, къоьжа воккха стаг хилла а, ца вогIуш, ткъа цхьана тамашийначу, хийрачу, ца кхетачу маттахь йаздина долчу кехатца.

Йуха цIеххьана кхийтира со: цIа воьрзур вац сан кIант цкъа, вист хир вац соьга шен дайн маттахь. Велла сан кIант, велла тоххарехь, йалхитта шо хьалха, гуьренан дийнахь, хьуна чурт доьгIначу дийнахь. ХIетахь, сан хьоьга болу безам лахьте берзийча санна, хеттера суна. Амма со тешара, ас сатуьйсура, туьйранахь санна, цхьа тамашийна хIума хиларе. («ГIаргIулийн илли»).

## Кегийрхошка

Гергара вара алий, харц луьйш волчу стагана тIе ма хIитталаш – и бале вер ву шуна.

Къен вара алий, оьзда воцчу стагах къа ма хеталаш: цо, вуьзча, зулам дийр ду шуна.

Хьал долуш вара алий, вуьзначу стаге шайх жоп ма далийталаш – цо нийсо йийр яц шуна.

Дешна вара алий, муьлх-муьлхачу Iеламстага бохург ма делаш – Делах девр ду шу.

Дикачу гIуллакхашца бевзаш болчу нехан доьзалшна гIо делаш – и гIо зиэ довр дац шун.

Наха эладита дуьйцура алий, бIарзлой, ца бича ца болучу бекхамна сих ма лолаш – сихаллехь эцна чIир тIаьхьешна бале йолу шуна.

Аса бийр бу цуьнан болх алий, цхьаьна а адаман садаккха ма сихлолаш – Дала бекхам бийр бу шуна. Шегара и бакъо схьаэцца гIоьртина аьлла.

Хаза йу алий, орам боцучу нехан зуда ма йалайелаш – шайн доьзалех мостагIий хир бу шуна.

Шаьш дола деш кхиийна жIаьла, шайна лета долалахь, хаалаш, шайн цIен тIехь шаьш совдевллий.

Шайна вуон динчунна бекхам бе бохуш, доьзал ма кхиабелаш – баккхий хилча, цара бекхам уггар хьалха шуна бийр бу, шуна.

Беро дийр ду-дац хьажий бен, цунна тIе хIума ма диллалаш – кIеззигчу хIуманна тIехь эвхьаздевр ду шу.

СагIина луш йолу хIума, и лучун дагахь хIун ду хьажий бен, схьа ма эцалаш – цкъа маццa а цо и тIехтухур ду шуна.

СагIане ма марзлолаш, и шайна схьакхехьа долийча, наха шаьш кхаба деза моьттуш, дуьненна оьгIазъоьхур ду шу.

Воккхачо бохург делаш: и нийса велахь, пайда хир бу шуна, и харц велахь, гIалат хьаьнггара а долуш хуьлий, хуур ду шуна.

Шаьш динчу диканна дуьхьал, цхьаммо дика даре аш сатийсахь, дукха хьежа дезар ду шун.

Аш дийр ду бохуш, дукха дийцийна хIума, наха дина карор ду шуна.

Мотт беттачунна мотт тохарх, Дала йалсмане ца вохуьйтий хаалаш.

Нах, герзаш эцна, шайн керта ца лелхарх, шаьш цадогIург лелор царна ца хаьа ма моттaлаш.

Сатохар эхь доций, катохар сий доций, хаалаш.

Буй тохарний, сатохарний йукъахь йоккха башхалла йуй, хаалаш.

Къайлаха лелош дегабаам боцуш, буобер ца хуьлий, хаалаш.

ГIиллакх – дог делахь, гIуллакх – куьйгаш дуй, хаалаш.

Уггаре дукха неIалт сийдолчу нахана олий, хаалаш, и шайна аьлча, бендоцурш дукха болу дела.

Орцахбовла нах боцучу нахе шайн де доьхний ма хаийталаш.

Вуьзча – воьлуш, мацвелча – воьлхуш волчу стагах ларлуш хилалаш!

## Кицанаш

Воьлучуьнга ма хатта, воьлхучуьнга хатта.

ТӀаьхьаваьлла лелачунна ца кхаьчна дакъа – рицкъа долчунна кхаьчна.

Нана йелларг велха ма Ӏамаве.

БӀаьрзечунна хелха ма вийла, къорачунна эшар ма лекха.

Буса – цӀера тӀе, дийнахь – кӀуьра тӀе ма гӀо.

Зуда йацахь, стунцахой хир бац.

Да воцу бер сарралц, нана йоцург даллалц доьлху.

Когаша напхина тӀе, матто упхина тӀе вуьгу.

Кхоо дезачохь дӀа ма кхисса, дӀакхисса дезачохь кхоа ма де.

Воьдург ма сецаве, вогӀург ма къехкаве.

Ший агӀо ира йолуш маха ца хуьлу.

Хьалдерг комаьрша ца хуьлу, комаьршачун хьал ца хьулу.

Да таллархо хилча, бераш хьуьнах марзло.

Цхьана Іовдало деллачу хаттаро шовзткъа хьекъалча йуьхьІаьржачу хІоттийна.

Шелонна хІун хаьа, хьан дечиг чекхдаьллий?

Ча йуккъехь цІе хьуллур йац.

ЦІе-м дІайайъира, кІуьранна хІун до вай?!

Лоьмо йинчу забарх цхьогал делла.

Хьалха йоьдучу газанан гІалат тІаьхьадогІучу женна дика хаьа.

Цхьа лерг, ши лерг – нахала долу шадерг.

Зуда йолччуьра хуьлу стунцахой а.

Цхьа пІелг бен ца хадийннашехь, пхий а пІелг лозу.

МостагІ къайлаваьллачул тІаьхьа гучубовлу майранаш.

Кхайкхахьа аьлла, дехна нІаьне, шен хан ма-хилли, кхойкхур йу ша, аьлла нІаьно.

Дагарна арз эцна, Далла тІе дахана дитт. Дала, цуьнан дага дечиган йуй хаьий хьуна, аьлла цуьнга?

Бат гома хиларх хІумма а дац, дош нийса олуш хилчхьана.

Ша кешнашка эцна боьлхучарна лоь, боху, велларг.

Вочу зудчо гергарчех воккху, вочу жIаьло лулахойх воккху, вочу бераша нахала воккху.

Лулахочун велларг, садаIа дIатаьIча санна, хета.

Халачу цамгарх ваьллачунна лоьралла Iема.

ЦIа дан меттиг ца хиллачун каш даккха меттиг а ца хуьлу.

Дика цамгарш а, мерза молханаш а хуьлуш дац.

Да воцу бер буо ду, нана йоцург лай ду.

Iовдалчун куьйгашца лаьхьа лоцу.

Бага йоккха хилча, мотт а хуьлу беха.

Цкъа ког тасабелларг ворхIазза галволу.

Йеха а йехале луш верг комаьрша ву.

Iаьбна бIаьргаш дуьнен тIехь бан а бац.

Хи лардеш верг хьогалла велла.

ГIиллакхна корта охьатаIийча, вортан тIе хаа боху моьтту цхьаболчарна.

Iожалла шозза ца йогIу.

Массарел ирс дерг хIинца а аган чохь ву.

Мотт боца хилча, дахар деха хуьлу.

Буоберана цкъа сагIа а лой, тIаккха ло хьекъал.

Шен хеннахь дина ламаз дийр долчу эзар доIанал тоьлу.

БIе доттагI кIезиг ву, цхьа мостагI дукха ву.

Цкъа дIайоллийтахьа, тIаккха хестор йу вай, аьлла несо марнанна.

ХIора стеган – шен корта, хIора коьртан – шен лазар, хIора лазаран – шен молха.

Дийца хаар дика ду, ладогIа хаар цул дика ду.

Бат Iад а ца Iийна, мерана хIума кхетча, бIаьргаш билхина.

Цхьа цициг дийначо итт эзар дахка кIелхьарбаьккхина.

БIаьрмецигчун пхенах цIий ца долу.

Лачкъийна йалийна йу со, аьлла къуьнан зудчо.

Нийсо лоьхучу стеган куй кхакханан хуьлу.

ХIусамдена барзо баьхьна уьстагI кхоам хета, барзана хIусамдена биснарг кхоам хета.

Дукха йиттина неI йеллало.

Дикачунна дуьне дац, вочунна эхарт дац.

Ирс доцчо гулйинарг ирс долчо йиъна.

Тахана кхерзина хIоаш кхана буьйр болчу уьстагIал тоьлу.

ЦIенна го бохург цкъа мацца а чувогIу.

Дийнан бIаьргаш белахь, буьйсанан лергаш ду.

Рузбане леллера бохуш, Йалсманен неI хIунда йетта ахь?

Декъазниг, эмкал тIехь воллушехь, жIаьло лаьцна.

Цициган хьовха, дехкан а хуьлу мекхаш.

Йуккъехь мара бацахьара, шина бIаьрго вовшийн биъна хир бара.

Хьо а молла, со а молла хилча, вайн жIаьлина доьшахьан дуттур ду?

Iовдалнаш байъа даха деза вай аьлча, уггар Iовдалниг, тур а даьккхина, хьалхаваьлла, боху.

Хих цIе йаьлча, и стенца йайъа йеза!

Дагавала гонах цхьа а вацахь, куй охьабиллий, цунах дагавала.

Шекаран цергаш йелахьара, цо ша-шен дуур дара.

Хьонкин шен мах бу, туьхан – шен, хьехамаш маьхза бу.

Дахка, эмкалал боккха хилча а, кхоьрур бара цицигах.

Хьешана хIотто хьайн пхьор дацахь, хабар мукъа хазниг дийца.

Дуьненан доккхаллех хIун до, мачаш къуьйлуш хилча?

Кадахь зударий тен ца тигахь, хIор а шен веллачунна йоьлхуш йу хьуна.

Хьо шекволчуьнца доттагIалла ма леладе, айхьа доттагIалла лелочух шек ма хила.

Ирс дайнехь, майралло хIун нисдийр ду?

Шен цIахь пондар лекха ваьллехь, пондарча къанвелла.

Ламаз дан деза аьлла, дагадеъча, мел бу боху.

Майра бIаьрзе, зуда мотт ца хууш йелахь, доьзалехь барт хуьлу.

Жеро йалийнарг йоIана тIехьийзаш хуьлу.

Шена йеттачу майрачуьнца тарлуш йолу зуда, ма йетта, бохуш, шегахьа гIо дохучу марненаца ца тарло.

Зударийн масца саьрмакна баргол тохало.

Хуучо – ца дуьйцу, дуьйцучунна – ца хаьа.

Йуьйлинчу тоьпах цхьаъ ларло, йулазчух бIе ларло.

Ас, ахь, цо а къинош летийча, Йалсамане хьан йузур йу?

Урс ловзориг цкъа мацца хадаво.

Мотт беттачунна а туху мотт.

Дов даьллехь, тIаьххьара дена алаза дита.

Хохана а моьтту ша стом бу.

Ненан сардам хастам санна бека.

Топ тоьхнарг цецваьлла, мотт тоьхначо диначуьнга хьаьжча.

Лехча, Вирхотехь а карор бу дика нах.

Деши карийнарг, цIа хIунда ца вогIу-те бохуш, цец ма дийла.

Нахана луьйчу хенахь, ша вицло.

Зудий, цициггий – тхов кIел, цIийндай, жIаьлий – догIанна кIел.

Хаа луучо хатта деза.

Шекволчу агIор бен ца кхуссу тIулг.

Къанделлачу лоьмах чагIалкхаш а ца йеша.

Шерачу меттехь галвуьйлучун лами тIехь дан хIума дац.

Копаста шурица ца йуу.

Дукха лоьраш гулбина дархо велла.

Цхьалха напха лоьхучунна цхьалха упха карор ду.

Хино ша дIатакххийча, воккха стаг а нене кхайкхина.

Шен бехкенна охьакхеттарг велха ца оьшу.

Наха тергал ца вечо йовхарш йетта.

Кешнашка дIаваьхьнарг йуха ца валаво.

Хьераваьллачун хазаллех хIун до?

Цомгашчунна чуьрк а экха ду.

Йайна хIуманаш къуьнан нене хоьттуш ца хуьлу.

Гомаш йехкича, цхьанна бен ца хаьа, котам йехкича, массарна а хаьа.

Хазахетар совдаьллехь – кешнашка гIо, халахетар совдаьллехь – кешнашка гIо.

Цицигна шех лаьцна вуон гIенаш ца го.

ЖIаьлина бепиган йуьхк ца йеллачо барзана дийнна уьстагI белла.

Шена тIера бустам баккхий, даккха нахана ор.

Эзар дийнахь кхобу эскар цхьана денна кхобуш ду.

Бахьана доцуш оьгIазвахнарг дехар доцуш товр ву.

Борз санна: йа вуьзина эккха воллуш, йа мацалла валла воллуш.

Шен лазар лечкъочунна дарба карор дац.

Газа йевзинчу уьстагIна коьллашка боьду некъ Iемина.

Говраш дукха йу – дой дац, адамаш дукха ду – къонахий бац.

Нускал-м говза дара, хингал гома ду-кх.

Мохь тоьхнна воьлуш верг, мохь туххий, велха а воьлху.

Гергарчийн дов даьлча, лулахойн кхаж баьлла.

Говр шен когаша лачкъайо.

Худар хьалха диллархь ца тоьу – Iайг ло.

НIаьна кхайкхаре ца хьоьжу Iуьйре.

Лулахо бехке ца веш, хьайн неIарна догIа тоха.

Шен ахчанан мостагIчун мостагIий ца хуьлу.

Нана – москал, бераш – бедаш.

Мисарарчу дешел Веданара наштар тоьлу.

Уьттазза нене йеттийтар тоьлу, да цкъа оьгIазвохуьйтучул.

Нахана къа доьхучул, хьайна собар деха.

Бераш дайх хьоьгучул, дай берех хьегар тоьлу.

Адамаш барзах къехка, борз – адамех.

Моллас ул атта гечдо Дала.

Борз йоцуш хьун ца хуьлу, чIара боцуш хIорд ца хуьлу, хьерваьлларг воцуш йурт ца хуьлу.

Цкъа Деле дехар тоьлу, шовзткъазза молле доьхучул.

Вир тIера охьавоьжна кIант дин тIе хIунда хаийна?

Чуволла вуьгучу майрачуьнга зудчо, цIа вогIуш, шена коч йалахь аьлла.

Цхьана куьйга тIараш ца детта.

БIаьрзечо Iаса цкъа бен ца йойъу.

Йоккхачу стагана, йелча бен, хорша дIа ца йаьлла.

Бодашкахь IиндагI ца го.

ХIораммо шен корта кIамбо.

Жима пхьегIа даим тIехйогIу.

Стигала тоьхна туйнаш йуьхь тIе кхета.

Iамор цхьаъ ду, Iамар кхин ду.

Берзан кIеза лаца лаахь, берзан Iуьрга вала дезар ду.

Къен стаг, йома йиллича, воккхаве.

ЦIа доцург массанхьа а хийра ву.

Къийган эшарш ца хуьлу.

Къуьне – ахь катоха, хIусамдега – ахь ладогIа!

Хезаш дерг дийца, гуш дерг ма дийца!

Кхайкхина веанчу бIенна меттиг тоьучохь, кхайкхаза веанчу цхьанна меттиг ца хуьлу.

Вайшинга вовшашцца барт балуш хилча, хIара молла хIунда валийна ахь?

ПIелгашца басталуш болу шад цергашца баста оьшуш бац.

ЧагIалкх йен бен араволуш вацахь а, лоьмах лата кечло!

Лам мел лекха хиларх, цу тIе боьдуш некъ хуьлу.

Хьуьнан йуькъалле хьаьжжина хуьлу берзалой.

ТIулг даим буоберан коьртах кхета.

Хаьн тIе боьллина марс болчуьнца дов ма даккха.

КIа, хьийзи-и-на, хьера кхаьчна.

ХьаьжкIа бахьанехь эрзана а кхочу хи.

Ша-шен корта ца башало.

Хиъна Iаьшшехь бохь ца богIало!

Наб йечо наб кхеттарг сама ца воккху.

Церан жа йуккъехь уьстагIел дукха жIаьлеш ду.

Гергарчунна аьшпаш ма ботта, хийрачуьнга бакъдерг ма дийца.

Йоккха йома жимачу йоманах йиллина.

Дас кIант чехаво – и нисво, нанас йоI чехайо – и талхайо.

Тоьпо лоцур йоцучунна шаьлтано хIун дийр дара!

Борз мел къанъеллехь а, цхьана уьстагIца ларалур йу.

Йоха бутт хьалха цIийза йолало ворданан чкъург.

Мел дикачу виро а шен вирбокъана виран гIиллакхаш Iамадо.

Цхьа дош кIезиг ду, ши дош дукха ду.

Берзалоша кхерийна жIаьлеш бертахь хуьлу.

Хьалхара ведда воьдучо а, тIаьхьабевлла богIучара а цхьана Деле кхойкху.

Хезначо гинарг къарвина.

Лохачо, рагIу кIел волуш, корта охьатаIабо.

Цхьана нанас итт кхобу, амма иттанга йуха цхьа нана ца кхабало.

ТIамера цIа веана майра, тIамехь долу къематде дуьйцуш, къарвина, боху, цIахь Iийначу зудчо.

Хьайга дIачIагIалур йоцу неI схьа ма йелла.

Беллачарна моьтту бисинарш хьовла дууш бу.

Къаьркъа мийла Iемина газа, эххар берзан коча йахана.

Туьханал дуьра, мазал мерза хила ма гIерта.

Iаж чу ца бужучу дитта тIера бер а ца дужу чу.

Морза деха веанчо чами букъ тIехьа лечкъо ца оьшу.

ЦIога даькkхича, къиг а йолу эрча.

Барзаца доттагIалла лелийна говр цIа ца йеъна.

Ченаца гергарло тасахь, топ карара дIа ма хеца.

Цхьогало, хьерахь йа хьаьттахь вовшаххкхетар ду вайша, аьлла кхечу цхьогале.

Берзалоша, говрах къа а хетта, цIогий, кхессий ца дууш дитина.

Йайначу пхьагалан лорах вахча, цхьогалан хари чу нисвелла.

Буоберана маьрша меттиг къийелла: хьуьн чохь ча йу, цIахь десте йу.

ОьгIазйаханчу барзах веддарг, хьерайаьллачу ченна тIе Iоттавелла.

Къиг меттахйаьккхича, леча шен метта охьахуу.

Цхьа хьоза даарх ца йузу аьрзу.

Моьлкъанах цецйаьлла хIуттут санна, агIор хьежнарг базарахь тилавелла.

Зуьнна кIохцалш делла Дала жIаьле и ца йаийта.

Зуьно, ча шен бена йеача, и йуьхь йоцуш аракхоьссина.

Шун чхьаьвриг-м ченал йоккха ма хилла!

Берзан багара йаккхалур йац хIума.

Барзаца кхиъnarг барзах угIу.

Къийгана хьажийнарг аттана кхетта.

Мецачу барзо дахка а буу.

Борз жIаьлина гIо дан ма кхайкха.

Ченах лата баханчу стеран маIаш, цIогий бен ца карийна.

Сира йу аьлла, ца йетта барзана, уьстагI биъна аьлла, йетта.

Борз бехке йелахь, тамаша бу, чен лараш йу кхузахь!

Къуьйсучара лоьхург бакъдерг дац, хьалхе йу.

Цхьаболчу йаздархошна йаздарна йогIу гонорар, кхечарна – цайаздарна.

Мел ледарчу стеган а тоьу нехан вуон лан доьналла.

Дукха дешнаш долу байт а, кIезиг дешнаш долу доIа а дагах ца кхета.

Со йухаволуш вац, вукху агIор хьалха воьдуш ву.

Айхьа зуда йалийча а, ца йалийча а дохковер ву хьо.

СагIа доьхучо а дала деза сагIа.

ХIун башха ду: тIулг коьртах кхетча а, корта тIулгах кхетча а?

Ахча дац бохурш дуккха а бу, хьекъал дац бохуш, цхьа а вац.

Хьехамаш бечара алапа ца доьху.

ШайтIанан къинош ца хуьлу.

Кхайкхаза веанчунна санна, хьаставала цхьанна а ца хаьа.

Кхушара вала кечвелларг итт шаре ваьлла.

Дика вевзачу стагах бакъдерг дийца хала ду.

Хьийкъина хорбазаш кхиинчу шарахь, ву-вац ца хиъна, пхийтта шича ваьлла.

Къоьлло гIиллакх эшадо.

Нийсо хестор элехь тов, йалхочуьнгахь – ду и дов.

Хьох кхоьрург, хьо кхоьрург доттагI хир вац.

Накъост, сох накъост ма алалахь.

НеIалташ кхоо деза, уьш догIурш дукха болу дела.

ЛартIехь боцчу нахаца вахнарг, Iовдал волий, йуха-воьрзу.

Пис болчара комаьршалла хестайо.

Седарчий дагардечун дагардан ахча ца хуьлу.

Халкъ ирсе дан, нах хьалхахьа хьежош, хьо тIаьхьа ма гIо.

Массо хIуманна тIехь нийсо йезачо марс нисбина.

ШайтIа Iехор къа дац.

Бераш дерг а воьлху, доцург а воьлху.

## ДIадаьлларг – тIедогIу дерг ду

Хьалха заманахь лелларш дицдан ца деза. Уьш туьйранаш дац, халкъо, тIаьхьарчу тIаьхьене пайдаэцийта, гулдина хьекъал ду.

«Шу дийший ма Iахкал, йуьртара ва кIентий», – бохуш, буьйсанна йуккъехь, йуьртахь бетташ "мохь хеза" Биларбин баьччин илли дIадолалуш.

*«Патарна ва хоти дукъделла ма даьлла,*
*Бацана ва аре сенйелла ма йаьлла.*
*Алмазаш ловзучу алмазийн бердашкахь,*
*Церан кIорнеш ловзу хан хIоьттина ма йаьлла.*
*Масарш ловзучу масарийн бердашкахь,*
*Кегий масарш ловзу хан хIоьттина ма йаьлла.*
*Шарахь кхузза йогIучу Iаьржачу кхаа буса*
*КIентий ижонна бовлу хан дIайала ма йоллу.*
*Борз цхьогална теба хан дIайаха ма йоллу, –*
*Бохуш мохь бетта велира, бах, Биларби ва Баьчча.*
*Цу кIентийн дикалла, дой кийча хиларна,*
*Шаьш вовшах ма кхийтира йуьртара ва кIентий».*

БIаьстенан хаза сурт ду илли тIехь далийнарг. ГIабацо хаздеш ду Iалам, массо садолу хIума дахарх хьаьгна, йаха лууш йу. Амма хIокху ламанан йуьртара кегийрхой бIаьстенан эшарех Iехалучохь бац. Уьш йаьссаниг йузуш, аьртаниг ирйеш, хIонсана баха кечлуш бу. Сихвелла шен дега дехар деш ву Дадин жима кIант:

*«ТІехаа ло суна гош Іаьржа сира дин,*
*Йукъахдехка ло суна тешаме ва герзаш,*
*ТІейоха ло суна хьайн оьзда и бедар.*
*Ша ваха ма воллу йуьртарчу кІенташца*
*Цу Теркал ва дехьа, сан къена ва дада.*
*– Гош Іаьржа шен гила, хьо сеццол ца хилла,*
*Тешаме шен герзаш хьо лестол ца хилла,*
*Оьзда йолу шен бедар хьо йоххал ца хилла,*
*Хьо ваххал хилча, шена хуур ду, хьуна,*
*Хьо ваххал ца хилла, шен жима ва кІант, –*
*Бохуш лен ва ваьлча, шен къена ва дада,*
*Ша чехка хьаьдира, бах, шен баба ва йолчу.*
*– Дакъаза ма йала, ша вина шен баба,*
*Ахь шена эцалахь гІелий диллина ва кІудал,*
*КІудалца эцалахь и цІеста ва чами,*
*Делах биъна дуй бу сан, пхьоьхана ца вала,*
*Зудберашца ва къуьйсуш, шовданан хи кхехьа...»*

Жимачунна сихха воккха хила лаьа. Цунна шен белш тІехь топ, хаьнтІехь шаьлта йеза. Иза баккхийчаьрца цхьаьна Теркал дехьа боьдучу новкъа вала дагахь ву. Амма дена ца лаьа шен кІант хІонсана ваха. Делахь а, жиманиг къарвала ца туьгу. Дега дехар дан йохуьйту цо нана.

*«ТІехаа ло кхунна тешам боцу ва алаша,*
*ТІейоха ло кхунна оьзда йоцу ва бедар.*
*Нийсархойх эхь хетта, ша вуха вогІур ву, –*
*Бохуш, лен йаьлча кІант вина баба,*
*ТІехаа йелира, бах, цхьа йоба алаша,*
*Йукъахдехка делира, бах, тешам боцу и герзаш,*
*ТІейоха йелира, бах, оьзда йоцу ва бедар*

*Къеначу цу дадас шен жимчу кIантана.*
*Ша тIаьхьавелира, бах, и жима ва кIанат.*
*Ша тIаьхьа ма кхиира цу йуьртан кIенташна.*
*– Ассалам Iалайкум, Биларбин ва Баьчча,*
*Хьуна оьший, цхьанделхьа, хIонсана декъашхо,*
*Хьуна оьший, цхьанделхьа, ша каде жимха,*
*Аьрру агIор ва вала мостагIийн кху арахь? –*
*Бохуш, тIе ма хIоьттира къеначу дадин кIант.*
*ТIаккха лен ма велира Биларбин ва Баьчча.*
*– КIелхьарчу алашца йоба ма ву хьо,*
*Йукъхарчу герзашца тешаме ма вац хьо,*
*ТIерачу бедарца ва оьзда ма вац хьо.*
*Ца оьшу шена-ма хIонсана декъашхо,*
*Вухаваха веза хьо веанчу некъаца».*

Дена ца лаьа кIанта герз лело, нанас ца магадо цунна и, баьчча а дуьхьал ву жима кIант тIеман новкъа валарна. Амма кIант къарвала ца воллу. Цо боху баьчче:

*«Ма хьийжи велара хьо йобачу алаше,*
*Ма хьийжи велара хьо йукъхарчу герзашка,*
*Ма хьийжи велара хьо тIерачу барзакъе,*
*Хьо хьийжи велар-кха кийрарчу шен даге».*

Биларбис йухаверзийна волу дадин кIант сацаво вогIуш дуьхьалкхеттачу Идалал Баьччас.

*«Ассалам Iалайкум, къеначу дадин кIант,*
*КIентий хIонсана оьхуш, хьо цIехьа ма вогIу, –*
*Бохуш, хетта ваьлча, Идалал и Баьчча,*
*ТIаккха лен ма велира къеначу дадин кIант!*
*– Биларбин Баьччас тешаме вац аьлла,*

*Ша вуха ма хьажий, Идалал ва Баьчча.*
*Биларбин Баьччера чIогIа бехк боккху Идалал Баьччас:*
*– Велла вала хьо делаI, Баьчча воцу ва Баьчча!*
*Хьох Баьчча винариг ша кIанат ма вара,*
*Нахана аре йовзийтинарг ша кIанат ма вара,*
*КIентий лела Iамийнарг ша Баьчча ма вара...»*

Диканна арайаьлла йац Биларбин Баьччин гIера. Уьш мостагIех мохк ларбан кечбелла тIемалой бац. Церан коьрта Iалашо хIонс гулйар йу. Уьш катоха гулбелла. Цундела реза бац уьш, дадин кIант шайца волуш, Теркал дехьа баха. Уьш вовшахккъаста безаш бу. Эххар бахьана карадо Биларбин Баьччина дадин кIант шайх дIакъасто: цо иза БоьлкъазаргIаларчу инарлега кехат дIакхачо вохуьйту, и йухавогIур воций хуъушехь.

*«Ша ваха ма воьду эзар бере вахча,*
*БIе бере йуха ца вогIучу Боьлкъазар ва гIала.*
*БIе бере дIавахча, итт йуха ца вогIучу,*
*Итт бере ва вахча, цхьаъ бен йуха ца вогIучу*
*Боьлкъазар ва гIала доьхначу кху дийнахь», –*
олий, новкъа волу жимха.

ХIокху илли тIехь йуьйцуш йолу Боьлкъазар-гIала паччахьан эскарех йоьттина хилла ГIизлара йу. Йахь дIайала даго ца вуьтуш, ша лийр вуй хуъушехь, паччахьан эскарна тIевоьду дадин кIант. Хийла нохчийн дика кIант хIаллаквина йахь йу и.

Паччахьан инарле Биларбин кехат дIакхачадо дадин кIанта. Инарла цецваьлла кхуьнан майраллех:

*«Стигал вала тIемаш хьан дацара,*
*Лаьттах ва ваха мIараш хьан йацара,*

*Хьо муха чекхваьлла Сайдакхан гечойх?» –*
*Хоьтту инарлас. Дадин кIанта инарле доьху:*
*«Цхьа баба йара сан, сол сов амал шен доцуш,*
*Букъ тIе йаздай, схьало соьга и йорах кIайн кехат,*
*Со верза ма воллу веанчу цу новкъа».*

Дахкал дуькъа эскар тIаьхьадолу кIантана. Шен да, нана дагадогIу кхунна, шена хала киртиг тIе хIоьттича. Делахь а, тIаьхьа ду.

*«Iуьйранна болийна тIом*
*Делкъенга ва баьлча,*
*Делкъана болийна тIом*
*Суьйренга лестича,*
*Дог лоцуш, топ кхетта,*
*Тийсалуш, вуьйжира, бах,*
*И дадин жима кIант*
*Докъах мах боьхучу*
*ГIебартойн цу арахь».*

И сурт вайна дика девзаш ду. Орцахвала Дела воцург кхин накъост воцуш, тIеман арахь цхьалха висинчу нохчийн кIентан сурт. Ши бIе шо хьалха а докъах мах боьхуш хилла мостагIаша. КIезиг бара аьлла, къахетта ца буьтуш, хIаллакбеш хилла паччахьо нохчий. Амма нохчий а ца хилла, паччахьан эскар дукха дара аьлла, къарбала бохкуш. ХIумма а хийца ца делла шина бIе шарахь хIокху дуьненахь.

ГIазотна араваьллачуьнга хаьттина хилла, бах:

– Нана йуй хьан? – аьлла.

– Йу, – аьлла, жоп хезча.

– Хьо тIаме ваха ца оьшу. Хьайн нана резайичхьана, хьан гIазот кхочушхуьлу, – аьлла цуьнга.

Да-нана реза дина, царна муьтIахь хиллачу доьзалхочунна хьалха нахана цхьаъ йеллалучохь, Ялсаманин ший а неI йеллалур йу, аьлла ду. Амма илли тIехь лардеш дерг ден-ненан сий хилла ца Iа.

– Ма леха зулам, – боху илланчас. – Гу лакха вуьйлуш, ма кхайкха зуламе: хьайна, хьайн нахана, хьайн махкана.

ХIокху илли тIехь дуьйцуш дерг чIогIа тера ду нохчашна тIедеанчу вуонах. Амма цхьа башхалла йу церан.

Ши бIе шо хьалха зуламо цхьа керт бен ца хаьржинехь, тахана и вайн массеран кевнаш схьадоьллуш, догIуш ду.

*«Делара хьо, дуьне,*
*Хи тIера хьер санна,*
*Цхьана агIор го боккхуш,*
*Йамарт нах бойъуш,*
*Вукху агIор го боккхуш,*
*Тешам боцу нах бойъуш.*
*Нанас дена ма войла*
*Йахь йоцу ва кIанат,*
*И вича ма кхиа,*
*Цу дийнахь делкъалц…»*

## Дов къастор

Чора, йуьртан къеда хІоттийна, нехан девнаш къастош хилла.

Цхьана дийнахь ши довхо веана кхунна тІе.

Хьалхарчо, дехха дийца а дийцина, хаьттина:

– Бакъ вуй со, – аьлла?

– Хьо бакъ ву, – аьлла Чорас. Хьалхарниг охьахиъча, шолгІачо, кхин а деха дийца дийцина:

– Со харц хуьлийла дуй? – аьлла, хаьттина.

– Хьо харц хуьлийла дац, – аьлла Чорас.

Дов къастош, Чорега ладоьгІуш Іаш волчу цуьнан кІанта, девнехь ший бакъ хуьлийла ма дац, дада, аьлла,

– Хьо царал бакъ ву, кІант! – аьлла Чорас,

– Ой! Массо бакъ хилча, харц мила ву, – аьлла, цецваьлла кІант.

– Харц, дера, ву, – аьлла Чорас, – хІумма ца хууш волу со, йуьртан къеда хІотийна, Іовдал.

## Йалсамане йу-кх

– Йалсамане йу йа жоьжахате йу йокха? – аьлла, хаьттина Чорега.

– Ялсамане йу-кх, – жоп делла кхуо.

– Хьуна стенгара хаьа и?

– Цига баха кечбелларш дуккха болу дела, бохура аса-м, – аьлла Чорас.

## Зуда хуьлда йухаваьнверг!

Оти чохь тховх хьалаоьллина аьлха лоьхуш, куьг тасаделла, хохаш чохь болу цаца тIебоьжна Чорина. Чорас, дог даьттIа, льттах тоьхна иза!

И, хьала а кхоссабелла, кхуьнан мерах кхетта. Дукха чIогIа лазийна, бIаьрса дайна, висинчу Чорас, цаца, корах аракхосса дагахь, дIаластийна, амма и, гал а баьлла, гурах кхетта, йуха а Чорина хьаьжа йуккъе кхетта.

– Ойн, зуда хийла вухаваьн волчух! – аьлла, шаьлта йаьккхина, чугIоьртина Чора. – ХIинца тIелетар ву-кх шух, кхоссавалаза мел виснарг!

## Дийцина хIун до цунах?

Пхьоьхана гулбеллачара хьовзийна хилла Чора, наха санна, дуьнен тIехь хуьлуш дерг дийца ца мега ахь тхуна аьлла.

– Хилларг хIун ду хаий шуна? – аьлла, дIадолийна Чорас.

– Дера, ца хаьа, – жоп делла вукхара.

– Шуна хууш ца хилча, дийцина хIун до цунах, – аьлла Чорас.

ШолгIачу дийнахь пхьоьханахь болчара бартбина, массара а хаьа эр ду вай аьлла.

– Хилларг хIун ду хаьий шуна? – аьлла, хаьттина Чорас.

– Дера, хаьа, – жоп делла вукхара.

– Хилларг шуна хууш хилча, эрна дийцина хIун до цунах? – кIелхьарваьлла Чора.

КхозлагIчу дийнахь хьовзийна наха Чора, тамашийна хIума дийцахьара аьлла.

– Хилларг хIун ду хаий шуна? – кхо оллушехь, цхьаболчара хаа аьлла, вукхара ца хаа аьлла.

– Хуучара ца хуучаьрга дийцичхьана, шадерг дIанисло-кх, – аьлла Чорас.

## Нийса дина дац дуьне

– Нийса дина дац хIара дуьне, – аьлла Чорас хорбазаш лелош болчу теркйистхошка. – Хьовсал оццул йуткъачу хутал тIе хIоккхул йоккха хорбаз латайо.Такхор санна, доккха долчу бIаран дитта тIе хьозанан хIоаннал жима бIар латадо. БIарш хуталаш тIехь хила дезаш дара, хорбазаш дитташ тIехь хила йезаш йара, – оллушехь, дитта тIера чудогIу бIар кхетта Чорин хьаьж тIе.

– Хьовсал шу! – аьлла цо. – ГIуллакх доцург дийцича, хуьлу, шуна, хIара саннарг. Хорбазаш дитташ тIехь йовлуш хиллехьара, сайниг санна, сонта кортош долу нах дукха бисина хир бацара дуьнен тIехь.

## Iаьнна кечам

– Наха-м дечиг-кIорий кечдинера, ахь хIун кечйина Iаьнна? – хаьттина Чорега.

– Даима санна, йовхаршший, хорший кечйина-кх, – жоп дела Чорас.

## ДIавало, эрна гIовгIа а ца йеш

Буьйсанна йуккъехь чу къу а ваьлла, и тергалвеш, наб ца йеш, Iаш хилла Чора. Важа дIаваха сиха ца хил-

ла. Йахьа хIума лоьхуш, цхьацца йаьсса хIуманаш дIасайетташ, цо йен гIовгIа кIорда а йина, эххар Чорас аьлла:

– ХIай, къонах, хIай, хIинца бодашкахь ахь кху чохь лоьхуш йерг, дийна делккъехь лехча а, суна карийна йац-кх! ДIавало, эрна гIовгIа а ца йеш, вижа ца вуьту ахь со.

## Ступнана

Чорега ирча кхаъ баьккхина хилла, цуьнан ступнана хи чу йахана, боху, аьлла.

Ма-воддара хи чу иккхина, хинна дуьхьал оьхуш, ступнана лаха волавелла Чора.

– Лакхахь ма леха, хиэ охьатакхийна, лахахь бен карор йац хьуна иза, – аьлла, хьехам бина кхунна наха.

– ХIа-хIа, лакхахь бен лохур яц. Ша цхьаьнгге охьатекхайойтур йолуш, хьаха, йацара сан ступнана, – аьлла Чорас.

## ДIадуьло, со товелла

Чора цомгуш хилла аьлла, кхуьнга хьажа баьхкина хилла гергарнаш, лулахой, беза-бевзарш. Чохь ког биллал меттиг йоцуш, базарахь санна, нах гулбелла. Цомгаш волу Чора а вицвелла, гIовгIа йаьккхина, шайн бала берш дийца буьйлабелла нах.

Кхин са а ца тохаделла, цомгашчо хьалагIаьттина, тIе хIума а йоьхна, гулбеллачаьрга дехар дина:

– ДIадуьло, хIинца со товелла. Йуха со цомгуш хилчхьана догIур шу, тахана алаза диснарг чекхдаккха.

## ХIинца дIанисвелла тхойша

– Хьох а, хьан вешех а воккха муьлхарниг ву? – аьлла, хаьттина Чорега.

– Дера, хаац суна, – жоп делла цо, – стохка ваша сол цхьа шо воккха ву, бохура, кхушара дIанисвелла хир вукх тхойша.

## Кхуза ван ца деза цуьнан?

Рузбане ваханчу Чорин мачаш лачкъийна хилла маьждиг чуьра.

ХIара, ваха а вахана, кешнийн кевне охьахиъна.

– Хьо лаа вуй, – аьлла, хаьттина кхуьнга тIехбовлучара.

– Маьждиг чохь мачаш лачкъийна веънера со-м, – жоп делла кхуо.

– Ткъа кхузахь хIун деш ву хьо?

– Цкъа мацца а кхуза ца веъча волий иза? – аьлла, жоп делла мачаш йайначу Чорас.

## Хьо хIун деш йу кхузахь?

Чора рузбане вахана волуш, зудчо цIеношна кир тоьхна хилла. Маьждигера цIа вогIуш, къегина шайн цIенош ца девзина, тIехиккхина воьдучу майрачуьнга кетIа йаьлла лаьттачу зудчо хаьттина:

– Ахь хIун до, ва стаг? – аьлла.

– ЦIа воьду-кх! – жоп дела вукхо. – Хьо хIун деш йу кхузахь?

## Хьан хIун бала бу?

– ДIогахь зуда йелла, ма бах, – аьлла Чорега.

– Сан хIун бала бу цуьнца? – жоп делла кхуо.

– Хьан зуда йу, ма бах, иза.

– Хьан хIун бала бу цуьнца? – аьлла Чорас.

## Виран гергарнаш

Чорин вир йелла хилла. Цунах бела дагахь, гул а белла, вирах кадамбан бахана йуьртара кегийрхой.

Кегийчу нехан кадамаш схьа а эцна, доIа дина, Чорас аьлла:

– Валлах, хIинцалц оцу сайн виран оццул дукха гергара нах буй ма ца хиъна суна.

ЧУЛАЦАМ

***Дахаран йист йоцу некъаш*** ....................................................3
*Хатуев Іаьрбин Іабдулхьамид (йаздархо, критик, журналист, мотт таллархо, суртдиллархо)* .............................................17
Хьо йахош верг АллахI ву ....................................................19
Хьомсаршка ....................................................20
Нана ца хилча ....................................................21
Адамаш, сацабе тIом ....................................................22
«Іодика йойла, маьлхан довха дуьне...» ....................................................23
Беречуьнга ....................................................24
Къоман дай ....................................................25
Вевзар ву хьо ....................................................26
Даймохк ....................................................27
Хьоме сурт ....................................................28
Вайн мотт ....................................................29
Кхин эзар шо даьлча а… ....................................................31
Мотт хьайна хаахь... ....................................................32
ДоттагIчуьнга ....................................................35
Ненах ойла ....................................................36
Ненан марзо ....................................................38
Безам ....................................................39
Хьо бен ца го ....................................................40
Ши доттагI ....................................................41
Баркалла хьуна ....................................................43
ЦIуьхIар ....................................................44
Безаман терза ....................................................45
Дог даго бен Іехор дац! ....................................................47
Доьхкина сий ....................................................48
Хьаша ларар ....................................................49
Мадина ....................................................50
Даге ....................................................52
Белхалаш, бIаьргаш! ....................................................54
Моьттура... ....................................................55
Зезагийн йоI ....................................................57
Къастар ....................................................59
Бертахь даха деза ....................................................61

Сатийсам ....... 64
Деган къизачу бодашкахь ....... 65
ГІаргІулийн илли ....... 66
Нохчийн мотт ....... 67
Гечделахь, нана ....... 69
Нохчийн йоІ ....... 71
Нохчийн йоІ ....... 73
Нохчийн йоІ ....... 75
Хьо йоьлу ....... 76
ЙоІ схьахьаьжча ....... 78
...чуьнга ....... 79
Далла бо хастам! ....... 81
Деган къизчу бодашкахь ....... 83
Велха, салти... ....... 84
Сатийсам ....... 85
Маржа, йоІ! ....... 88
Ку-ку ....... 89
Декъазчу дуьненахь ....... 91
Хьоьрсуш маьлхан догІа ду ....... 92
Кешнашкахь ....... 93
Зударийн орца ....... 94
Йиццйина йурт ....... 96
Димин Іумаран весет ....... 99
Сан деган къилба ....... 100
Нохчийчоь – сан гІенийн седа! ....... 101
Сай ....... 102
Дог ....... 104
Мискачун чІирхо ....... 105
Дуьне ....... 106
Жимчу мухІажаран узам ....... 107
Къийсаман новкъахь ....... 108
Къоналла... ....... 109
Лай ....... 110
Мецаниг ....... 111
Хьехархочуьнга ....... 112
Нана-латта ....... 113
Нохчий бацахь, Кавказ йац! ....... 114

Сан тезетахь ........................................................115
Сардам ....................................................................116
ТIепаза вайнарг .....................................................117
Хьо ма ваха веха! ...................................................118
ХIунда? ...................................................................119
Къоналла ................................................................121
Ца теша ..................................................................122
«Ахь хIун дина Делан новкъахь?..» .........................123
Ахь ден цIа эрна ду ..................................................124

*Дийцарш, хилларш*

Хаза дош ................................................................126
Жимачух хуьлу воккханиг ........................................128
ГIиллакх .................................................................130
ГIир ........................................................................132
Дешан мах ...............................................................135
Куй .........................................................................136
ДоIа ........................................................................138
Цхьана хаттарна ши жоп .........................................139
Лачкъаза дисина шайтIа .........................................141
Экъанна тIера зилаш ...............................................143
Кавкасан тIаьхье ......................................................147
Дог майра ЧIега .......................................................152
ХIун йу хьан цIе? .....................................................155
Къеначу Адин хелхар ...............................................158
Боьлкъазар-гIала стенгахь йу? ................................163
Дицдан йиш йоцу дешнаш .......................................166
Iаббазан Мохьмад ....................................................175
Собардерг ницкъ болчул тоьлла ..............................183
«Сихалло садуу» ......................................................186
Цициган хIилла… ....................................................188
ГIаргIулийн илли (пьеса) .........................................191
Кегийрхошка ...........................................................205
Кицанаш .................................................................208
ДIадаьлларг – тIедогIу дерг ду ................................225

*Халкъан забарш* ....................................................231

Хатуев Абдулхамид Арбиевич

**ЖИВИ, МОЯ ЧЕЧНЯ**

Стихи, рассказы
*(на чеченском языке)*

Редактор – *Халим Бурчаев*
Дизайн и верстка – *Амина Хасиева*

Подписано в печать 27.12.2022. Формат 84х108 1/32.
Бумага офсетная. Тираж 500 экз.

Отпечатано в АО «ИПК «Грозненский рабочий»,
г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, д. 12/35